ДЗАДЗАТИ РИММÆ

# ДИГОРОН ДЗУРДИ ЗДÆХИ ИРÆЗТБÆЛ КУСТ

Дзæуджыхъæу
2009

74.268.1
Д 16

Методическое пособие подготовлено в рамках проекта «Теория и практика полилингвального образования на Кавказе» кафедры ЮНЕСКО Северо-Осетинского государственного педагогического института.

Руководитель проекта – доктор филологических наук, профессор **Т.Т. Камболов**

ПРОДАЖЕ НЕ ПОДЛЕЖИТ

Д 16 **Дзадзаева Р.М. Развитие осетинской (дигорской) (младшая группа):** Методическое пособие. – Владикавказ: *ИП* Валиева И.С., 2009, – 92 с.

74.268.1

© МИНИСТЕРСТВО ОБРАЗОВАНИЯ И НАУКИ РСО–А, 2009

© Дзадзаева Р.М., 2009

© *ИП* Валиева И.С.

Аци методикон æнхусгæнæг (киунугæ) æрмæгбæл бакустонцæ ЦИППИ ЮНЕСКО-й кафедри æмкосгитæ мæнæ уæхæн бундойрон лæдæрунади принциптæбæл æнцойнæ кæнгæй: Аллон националон ахуради ахсгиаг фарстатæ. Конспект арæзт æй Хуæздæр еумæйагахурадон программæ сувæллæнтти рагиау æма скъоламæ бацæун агъонмæ кари, гъомбæлкæнунади, ахури æма ирæзти бундорбæл Л.А. Парамоновай редакцигондæй, кæцимæн æ сæйраг медес æй ахурадон процесси цуд бундорон уагбæл рæвдауæндæнтти æ аллихузи варианттæй ин пайда кæнгæй. Уæхæн программæ арæзт æй æййивддзийнæдти хæццæ, дууæ æвзагебæл кæми ахур кæнунцæ, еци рæвдауæндæнтти. Уомæ гæсгæ и программæ хуннуй (дæнцон «примерный»). Ци конспекттæ арæзт æрцудæнцæ, уоми националон-регионалон компонент САБ-ти (ДОУ) ахури гъуддаги æфтуд цæуй, куд æмбарæ хай, сувæллони ахури æма ирæзти гъуддаги.

Рæвдауæндæнтти цæмæй уа еухузон ахурадæ, уой туххæй кустгонд æрцудæй еумæйаг перспективон-тематикон пълан. Тематикон еудзийнадæ зиннуй ахурти еугур хузти дæр, уæдта уагон процесси. Сабийти ахуртæ цæунцæ къуæрттæгай, цæмæй алли сабий дæр ахурадон процесси фæндон хайадæ еса. Рæвдауæндæнтти ахурти сæйраг метод æй дидактикон гъазт.

Ахури цуди алли темæ дæр идайунцæ нæ фæлæмбулай дуйней хæццæ зонгæ кæнунæй кæцитæ фæуунцæ алли къуæрейæн дæр æ райдайæни. Идарддæр бундорондæрæй зонгæ кæнунцæ ци темæ ахур кæнунцæ, уой хæццæ.

Авторти къуари фæндуй, цæмæй се ’мхуз косгутæ, конспект бакæсгæй, сæ гъудитæ æма фæндæнттæ æрветонцæ аци методикон æнхусгæнæн конспект (киунуги) туххæй.

*Адрес:* 362003, РСО-АЛАНИЯ, г. Владикавказ, ул. К. Маркса, д. 36. СОГПИ, кафедра ЮНЕСКО.

Телефон: (8672) 53-89-73

## ПЕРСПЕКТИВОН-ТЕМАТИКОН ПЪЛАН
### кæстæр къуарæн (дигорон æвзаг)

| Мæйæ | Темæ | Мурон культурæ | Дзурдуатон куст |
|---|---|---|---|
| **Сентябрь** | 1. Бийнонтæ.<br>2. Рæвдауæн-донæ. | Муртæ раст дзорунбæл архайун. Сабийти фæлтæрун муртæ сугъдæг дзорунбæл: дувæр муртæ раст дзорун: биццеу, бæдолæ, кизгæ, мадæ, фидæ. | Сабийти зонгæ кæнун сæ бинонти хæццæ: нан, баба, мадæ, фидæ. Рæвдауæндонæ: рæвдауæг, гъонбæлгæнæг. |
| **Октябрь** | Фæззæг. Халсартæ. Рæзæ. | Сабийти фæлтæрун хецæн дзурдтæ раст дзорунбæл: гетъре-метъре; къабуска, фæткъу. | Зонун халсарти нæмттæ. Рæзи нæмттæ. Циуавæр бæласæбæл зайунцæ халсартæ: *фæткъу бæласæ, хумæ.* |
| **Ноябрь** | Фæззæг. Нæ цæрæн бунат. Бауæри хæйттæ. Адæймаг цæрæгой. | Сугъдæг дзорун дзурдтæ гъæрæй, сабургай, тагъд. Сифтæр сæбар-субур, тæрхъос сæпп-сæпп, къах лæууй-лæууй. Къох къæрцц-къæрцц кæнуй. | Бафедар кæнун халсартæ æма рæзи нæмттæ; циуавæр хуæруйнæгтæ си кæнунцæ: борс, салат, адгин дон, вареннæ, джем. Нæ цæрæнбунат: гъæу, хæдзарæ, тургъæ, гъæунгæ. Адæймаг æма цæрæгойти бауæри хæйттæ. |

| **Дзубандий грамматикон арæзт** | **Дзубандий ирæзтбæл куст** |
|---|---|
| Сабийти ахур кæнун номдартæ евгъуд æма нуриккон афони миуæвдесгути хæццæ раст бæттунбæл: *Нана лæууй, баба цæуй; Нана лæудтæй, баба рандæй. Рæвдауæг уат æфснайуй. Рæвдауæг уат бафснайдта.* | Сувæллæнтти ахур кæнун фарстатæн æнхæсæй дзуапп дæттунбæл. *Баба ци ниййаразта (ниссагъта)? Баба ниййаразта (ниссагъта) бæласæ. Нана ци æртудта бæласæй? Нана бæласæй æртудта фæткъутæ.* |
| Сувæллæнтти ахур кæнун номæййевгутæ евгъуд æма нуриккон афони миуæвдесгути хæццæ раст бæттунбæл. *Нана æма баба ниййаразтонцæ (ниссагътонцæ) болгæ. Æз æртудтон болгæ. Ду бахуардтай фæткъу. Æз хуæрун фæткъу.* | Сабийти ахур кæнун гъомбæлгæнæги фарстатæн æнхæст гъудиæдтæй дзуапп дæттунбæл. Архайун цубур æмдзæвгæ гъонбæлгæнæги хæццæ радзорунбæл. *«Рæвдауæндонæ». Дæ мадæ дæ кумæ æрбахудта? Мæ мадæ мæ æрбахудта рæвдауæндонæмæ.* |
| Сувæллæнтти сюжетон хузтæмæ гæсгæ ахур кæнун фарстатæн **ка? ци? ци косуй? кæми лæууй?** Дзуапп дæттунбæл. лæдæрун гъомбæлгæнæг ци дзоруй уой, æма æ фæсте дзорунмæ арæхсун. | Архайун гъомбæлгæнæги фæсте 2-3 гъудиади дзорун хузтæмæ гæсгæ, кенæ ба предметтæмæ гæсгæй. *Мæнæ мæ хæдзарæ. Мæ хæдзарæ æй рæсугъд. Ес нин устур тургъæ. Тургъи гъазунцæ сабийтæ.* Ахур кæнун цубур æмдзæвгитæ. |

| Мæйæ | Темæ | Мурон куст | Дзурдуатон куст |
|---|---|---|---|
| Декабрь | Гъазæнтæ. Зумæг. | Сабийти фæлтæрун дигорон æвзаги раст æма сугъдæг дзорунбæл: хъис-хъис; къæс-къæс; цъæх-цъæхид. | Сувæллæнтти зонгæ кæнун, сæ алфанбулай ци гъазæнтæ ес, уони хæццæ. Зонун син сæ нæмттæ. Зонгæ кæнун сабийти минеуæгонти хæццæ: уорс, уазал, хæмпос, фæлмæн. |
| Январь | Цæрæгойтæ. Зумæг. Нæуæг анзи бæрæгбон. | Сабийти фæлтæрун муртæ раст дзорунбæл. Фæлтæрæн: «Ка куд заруй?» арс – э-э-э, э-э-э. сæгъæ – м-э, м-э. хъаз – хъа-хъа. | Бафедар кæнун дзурдуати цæрæгойти æма сæ цæрæнбунæтти нæмттæ: *робас, берæгъ, арс. Тæрхъос, æхсæрсæттæг, лæгæй, хуккойнæ, мура.* Зонгæ кæнун минеуæгонти хæццæ: *нæуæг, цъæх-цъæхид, циргъ, фæлмæн, содзийнау.* |
| Февраль | Хуæруйнаг-гæнæн дзаумæуттæ æма хуæруйнаг. Дарæс, мебель. | Сабийти фæлтæрун кæнун муртæ сугъдæг æма раст дзорунбæл. Архайун дзурдтæ гъæрæй, сабургай æма дæргъвæтийнæ дзорунбæл: *пъ-пъолци; ззаз; ззумæг; уазал; скъааппæ, къæдзеелæ.* | Сабийти зонгæ кæнун миуæгæнæнти нæмтти хæццæ; дигорон хуæруйнæгти хæццæ. Бафедар кæнун дарæси нæмттæ æма сæ хæйттæ. Зонун мебели нæмттæ: *стъол, фингæ, къела; хуссæн; диван; сире.* |

| **Дзубандий грамматикон арæзт** | **Дзубандий ирæзтбæл куст. Баст дзубандий** |
|---|---|
| Сувæллæнтти фæлтæрун номдартæ еууон нимæдзæй берæон нимæдзæмæ æййевунбæл:<br>машинæ – машинттæ;<br>къозо – къозотæ; (мяч)<br>мети гæлæбо – мети гæлæботæ;<br>къалеу – къалеутæ;<br>гъазæн – гъазæнтæ. | Сувæллæнтти ахур кæнун гъазæнтæмæ кæсгæй фарстатæн дзуапп дæттунбæл:<br>*(ци? ци косуй? кæми? кæцæй?)*<br>*Ци æй? Тæрхъос. Ци косуй?*<br>Тæрхъос хуæруй æнхæ? Кæми цæруй? Тæрхъос цæруй гъæди.<br>Кæцæй рацудæй тæрхъос?<br>Тæрхъос рацудæй гъæдæй.<br>*Кæцæй райстай* гъазæн?<br>Гъазæн райстон тæрхæгæй. |
| Сувæллæнтти зонгæ кæнун хайæгти **о** æма **нæ-**и хæццæ.<br>*Арс фунæй кæнуй?*<br>*О. Арс фунæй кæнуй.*<br>*Робас дæр фунæй кæнуй?*<br>*Нæ. Робас фунæй нæ кæнуй.*<br><br>Сувæллæнтти идарддæр зонгæ кæнун номæййевгути хæццæ.<br>**Мах** бахуардтан дзикка.<br>**Æз** райстон цайдон.<br>**Сумахæн** равардтонцæ адгин дон.<br>Идарддæр ахур кæнун гъудиæдтæ аразунбæл.<br>*«Нана теби исфунхта дзол».* | Сувæллæнтти ахур кæнун гъомбæлгæнæги фæсте æнхæст гъудиæдтæй дзорунбæл, хузтæ æма предметтæмæ кæсгæй.<br>Ахур кæнун гъомбæлгæнæги хæццæ цубур æмдзæвгитæ: «Æхсæрсæттæг», «Заз бæласæ» æма у. ид.<br><br>Архайун гъомбæлгæнæги фæсте цубур аргъауи медес радзорунбæл.<br>Ахур кæнун цубур æмдзæвги дзурдтæ гъомбæлгæнæги хæццæ.<br>3-4 гъудиадемæй радзорун зонгæ предметти туххæй.<br>*Ци æй? Цæйййасæ æй? Ке гъæуй? Циуавæр хæйттæй арæзт æй?* |

| Мæйæ | Темæ | Мурон куст | Дзурдуатон куст |
|---|---|---|---|
| Март | Мадтæлти бон.<br>Професси.<br>Транспорт | Дигорон æвзаги муртæ раст дзорунбæл архайун фæлтæрæн «Æвзаг»-æй пайда кæнгæй. «Къаппа-къуппа». Муртæ раст дзорун: къæбуци. | Зонгæ кæнун сабийти номдартæ æма минеуæгонти хæццæ: цъæххуасæ, сурх дзиуарæ, содзийнæ, дохтур, тæвдæбарæн. Лæвар, мади бæрæгбон; фæлмæнтæдзорагæ, æхцул.<br>Цалх, руль – аразæн, кабинæ, шофер, гуфæ. |
| Апрель | Уалдзæг | Сувæллæнтти идæрддæр фæлтæрун муртæ раст дзорунбæл.<br>Сауцъеу – цъеу-цъеу<br>Саскъæ (комар) – ззз.<br>хуæдтæхæг – гув-гув. | Бахæссун сувæллæнтти дзурдуатмæ дзурдтæ: уалдзæг, къуборæ, кæрдæг, деденæг, деденæги сифæ, зæнгæ.<br>Сауцъеу, зæрбатуг, бæлæу, сирддонцъеу. |
| Май | Сæрдæ | Сувæллæнтти фæлтæрун кæнун мур **хъ** раст дзорунбæл. | Сурх деденæг, стур деденæг, берæ сифтæ. Идарддæр сабийти зонгæ кæнун, сæ алфамбулай ци зайæгойтæ ес, уони хæццæ. Сæрди тургъи ци гъазæнтæй фæгъгъазæн, уонæн дæр зонун сæ нæмттæ. |

| **Дзубандий грамматикон аразт** | **Дзубандий иразтбæл куст. Баст дзубандий** |
|---|---|
| Зонгæ кæнун сабийти нуриккон æма евгъуд афони миуæвдесгути хæццæ: Мæдинæ **кæуй**. Мæдинæ **кудтæй**.<br>Дохтур тæвдæ **баруй**. Дохтур исбарста **тæвдæ.**<br>Машинæ **цæуй** фæндагбæл.<br>Машинæ **цудæй** фæндагбæл. | Сувæллæнтти ахур кæнун сюжетон хузæмæ гæсгæй цубурæй 2-3 гъудиадемæй радзорун хузи сюжет. Сæ алфамбулай ци архайд цæуй, уони туххæй гъомбæлгæнæги фарстатæмæ гæсгæ радзорун.<br>Ахур кæнун цубур æмдзæвгæ. |
| Сувæллæнтти идарддæр зонгæ кæнун номæййевгутæ æма миуæвдесгути бастдзийнæдти хæццæ.<br>**Æз** æртудтон деденæг. Равардтон деденæг **дæуæн.** Ду деденæгæн ратудтай æ сифтæ. **Æз** рабостæ кодтон. | Ахур кæнун сабийти хузтæ, кенæ ба предметтæмæ гæсгæй 2-3 гъудиади гъомбæлгæнæги фæсте дзорунбæл. Цубур æмдзæвгæ ахур кæнун гъомбæлгæнæги хæццæ.<br>*Рæмонти Александр*<br><br>Уалдзæг Иристони<br>… Лæуунцæ хуæнхтæ<br>цæлхæмбурдæй<br>Æнæходтæ.<br>Ирдæй хæстæги, сæ медмуртæ<br>Фæлмæн ходгæ.<br><br>Тæхуй хор-маргъ, бæрзонд, десгæнгæ<br>Нивгун бони.<br>Уалдзæг æ ради æрфестæг æй<br>Иристони. |
| Сабийти ахур кæнун гъудиæдтæ раст аразунбæл, гъомбæлгæнæги фарстатæмæ лæмбунæг игъосгæй.<br>*Циуавæр бон æй?*Гъар бон, хор бон.<br>*Ци косуй биццеу тургъи?* Биццеу гъазуй машинæй.<br>*Ци косуй кизгæ?* Кизгæ гæппитæ кæнуй. | Сабийти ахур кæнун гъомбæлгæнæги фæсте æмдзæвги дзурдтæ дзорун æма архайдæй равдесун.<br>Дасити Роман<br>Зинæ – дзæццæ<br>Зинæ – дзæццæ<br>Нанай хæццæ<br>Хуæруйнаг дæттуй кæркитæн.<br>Нана ’гъзалуй,<br>Зинæ уарзуй<br>«Зугъ» кæнун тургъи нæмгутæ. |

## *1-аг ахури усмæ*

**Темæ: «Бийнонтæ»**

**Нисан:**

– Сувæллæнтти ахур кæнун хузтæмæ гæсгæ фарста исæвæрун æма ин дзуапп радтунбæл. Ка æй? Ци æй? (Ци косуй?)

– Косун муртæ раст дзорунбæл.

– Ахур кæнун сабийти салам радтунбæл æма арфæ ракæнунбæл.

– Косун бийнонтæмæ уарзондзийнади æнкъарæнтæ парахат кæнунбæл.

**Нæуæг дзурдтæ**: бийнонтæ, рæсугъд, тумбул къозо, зæронд, минкъий, исæвæрун, рахæссун.

**Æнхусадон æрмæг**

**Æвдесунмæ**: гъазæн киндзæ, минкъий дзæкъоли (баркъий) предметон хузтæ, бийнонтæ – мадæ, фидæ, нана, баба, хуæрæ, æнсувæр; рæсугъд, устур къозо.

**Ахури цуд**

**Гъ**. Сувæллæнттæ, уæ сæумæ хуарз! Зæгъайтæ еумæ: «Æгас цо!» Кæсайтæ, ци гъазæн киндзæ нæмæ æрбацудæй. Æ ном хуннуй Мæдинæ. Ка æй аци гъазæн киндзæ, сувæллæнттæ?

**С**. Мæдинæ.

**Гъ.** Зæгъайтæ Мæдинæн: «Дæ бон хуарз, Мæдинæ». Зæгъетæ Мæдинæн уæ нæмттæ.

*(Сувæллæнттæ еугай дзорунцæ сæ нæмттæ.*)

**Гъ**. Кæсайтæ, гъазæн киндзæ Мæдинæ нин цидæр æрбахаста æ минкъий дзæкъоли. Фæйуинæн, цума ци æй? (*Гъомбæлгæнæг еугай есуй дзæкъолæй хузтæ: мадæ бадуй æма хуйуй.*

**Гъ**. Айæ цума ка æй Мæдинæн?

**С.** Мæдини мадæ.

**Гъ.** Ци косуй Мæдини мадæ?

**С.** Бадуй æма хуйуй.

**Гъ.** Мæнæ а ба – Мæдини фидæ. Фидæ сог фадуй. Айæ ка æй Мæдинæн, сувæллæнттæ?

**С**. Æ фидæ.
**Гъ.** Æ фидæ ба ци архайуй?
**С.** Фидæ сог фадуй.
**Гъ**. Мæнæ айæ ба æй Мæдини нанай хузæ. Мæдини нана зæронд æй? Зæгъайтæ еумæ: «Нана æй зæронд». *(2-3 хатти.*)
**Гъ**. Аци хузи уинетæ Мæдини бабай. Ке баба æй? Баба зæронд æй?
**С**. Мæдини баба. Баба дæр зæронд æй. *(Ахур сæ кæнун гъæуй æнхæст гъудиæдтæй дзуапп дæдтунбæл.)*
**Гъ**. Сувæллæнттæ, Мæдинæн ма ес хуæрæ æма æнсувæр. Равдесайтæ хуæрæ æма æнсувæри хузтæ.)
**Гъазт. «Бацеу-бацеу, ка æй?»**
**Гъ**. Нур ба уæмæ æз æвдесдзæнæн хузтæ, сумах ба мин дзордзинайтæ, ке хузтæ æнцæ, уой. *(Хузтæ фæйнæгбæл −федаргонд, сувæллæнттæ сæ куд уинонцæ, уотæ.)*
**Гъ.** Сувæллæнттæ, атæ æнцæ Мæдини мадæ, фидæ, баба, нана, хуæрæ æма æнсувæри хузтæ. Еу дзурдæй ба сæ хонæн бийнонтæ. Зæгъæн еумæ: «Бийнонтæ, бийнонтæ, бийнонтæ». *(2-3 хатти.)*
**Дзурдтæй гъазт**
Гъомбæлгæнæг зæгъуй дзурд, сабийтæ ба æй фæнзунцæ, фæлхат кæнунцæ: Мæдинæ, мадæ, фидæ, хуæрæ, æнсувæр, нана, баба, бийнонтæ.
**Гъ.** Сувæллæнттæ, кæсайтæ аци дзæкъоли ма никкидæр цидæр ес. Ци æй цума айæ ба?
*(Сувæллæнтæ еугай агорунцæ.)*
**С.** Къозо.
**Гъ.** Цæййасæ æй?
**С.** Устур.
**Гъ**. Циуавæр æй? *(Гъонбæлгæнæг исесуй къозо, равдесуй æй.)*
**С.** Тумбул, рæсугъд.
**Гъ**. Рагъазæн аци тумбул рæсугъд къозойæй?
*(Сувæллæнттæ аразий дзуапп дæдтунцæ.)*
**Æзмæлгæ гъазт «Къозо»**
**Гъ.** *(Къозо зæнхæбæл æртъæпп кодта.)* Кæсайтæ, хæрдмæ куд æсхъеуй. Сумах уодзинайтæ «къозотæ». Уæ къохтæй уæ астæутæбæл æрхуæцетæ. Æз, къозо − гæпп-гæпп-гæпп, зæгъгæ, ку

зæгъон æма къозо зæнхæбæл ку æртъæпп кæнон, уæд сумах дæр гæппитæ кæнетæ къозой хузæн æма дзоретæ, къозо, гæпп-гæпп-гæпп, зæгъгæ.
Хуарз гъазт æй. Фал бал къозо ниввæрæн, уæдта Мæдинæн æ хузæ дæр радтæн. Радавай, Алан, нанай хузæ. Нана æригон æй æви зæронд?
**А**. Зæронд.
(*Уотæ алли сувæллонæн дæр лæвæрд цæуй дзурди барæ.*)
**Гъ**. Мæдинæн ка ’нцæ атæ?
**С**. Æ бийнонтæ.
**Гъ.** Арфæ кæнæн Мæдинæн, æ бийнонти хæццæ нæ ке базонгæ кодта, уой туххæй. Хуæрзбон. Нæ иннæ фембæлдмæ бал.

## *2-аг ахури усмæ*

**Темæ: «Бийнонтæ».**
**Нисан**:
– Сувæллæнтти дигоронау дзорунмæ разæнгард кæнун.
– Ахур кæнун сувæллæнтти хе царди цаутæй ести хабæрттæ дзорунбæл.
– Бафедар кæнун сабийти зонундзийнæдтæ – евгъуд темæ.
– Уарзондзийнади æнкъарæнтæ игурун кæнун сабийти зæрди сæ ниййергутæмæ.
**Дзурдуат**: хæдзарæмæ, иуазæгуати, æмбæлуй уæмæ, æнхус кæнун.
**Рафæлхатун дзурдтæ:** бийнонтæ, мадæ, фидæ, нана, баба, хуæрæ, æнсувæр, зæронд.
**Æнхусадон æрмæг**
**Æвдесунмæ**: хæдзари макет æд бийнонтæ. Сюжетон хузæ «Бийнонтæ». Сюжетон хузæ «Кафæг лæппо (биццеу)». Æмдзæвгæ «Æй нана рæсугъд».

**Ахури цуд**
**Гъ**. Уæ бон хуарз, сувæллæнттæ.
*(Сувæллæнттæ салам дæдтунцæ гъомбæлгæнæгæн.)*

**Æнгулдзитæй гъазт «Бийнонтæ»**

**Гъ**. Аци бон нæ Мæдинæ фæххондзæнæй сæ хæдзарæмæ. Цæуæн иуазæгуати.

Сувæллæнттæ, Мæдинæ ке хæццæ цæруй хæдзари?

*(Сувæллæнттæ дæдтунцæ аллихузи дзуæппитæ.)*

**Гъ.** Цæуæн, бахуайæн сæмæ дуар æма бафæрсæн: «Ка цæруй хæдзари?» Базонæн, ка ци архайуй бийнонтæй, уой. *(Сувæллæнттæ дзуапп дæдтунбæл архайунцæ гъомбæлгæнæги æнхусæй.)*

**Гъ**. Ранимаетæ ма ин еу хатт æ бийнонти. Къоста, Мæдини баба кæми æй? *(Амонуй хузæ «Бийнонтæ»-мæ.)*

**Къ**. *(амонуй*). Мæнæ айæ æй Мæдини баба.

**Гъ.** Фатимæ**,** æ баба зæронд æй?

**Къ.** Гъо, æ баба æй зæронд.

**Гъ.** Заур, радзорæ, ци косуй баба?

**Заур**. Баба бадуй къелабæл.

**Гъ.** Нанай туххæй нин радзорай, Людæ. Ци косуй нана?

**Людæ**. Нана æй зæронд. Нана уозуй авдæнæ.

**Гъ**. Мадæ ба ци косуй, Ирæ?

**Ирæ**. Мадæ гъог доцуй.

**Гъ**. Ка ма ес Мæдини бийнонтæй?

**С**. Хуæрæ æма æнсувæр.

**Фæлтæрæн**. Муртæ**(а-у**) раст дзорунбæл косун.

**Гъ.** Æрбакæсайтæ, нæ минкъий сувæллон фæккудтæй. Куд кæуй? Еумæ ’й рафæнзæн: «Уа-уа-уа, уа-уа-уа, уа-уа-уа». Нана уозуй сувæллони æма ин заруй:

«А-а-а». Гъæйдæ, ранхус кæнæн нанайæн, мах дæр разарæн сувæллонæн.

**Авдæнæ**

Цæуй, цæуй æдзохæй,
Фæууозæн æй нæ къохæй,
Куддæр æнцад æрлæууй,
Уотæ сабий искæуй: «Уа-уа-уа».

**Гъ**. Бафунæй æй минкъий сувæллон æма нур ба нæ фæллад исуадзæн. Райсетæ къозо æма цæуæн тургъæмæ.

## *3-аг ахури усмæ*

**Темæ: «Нæ рæвдауæндонæ»**

**Нисан:**

Бафедар кæнун, сабийти гъудий арæх ке игъосунцæ, еци дзурдтæ: равдауæндонæ, гъомбæлгæнæг, базонгæ уæн, дæ ном, мæ ном.

– Сувæллæнтти ахур кæнун лæмбунæг игъосунбæл гъомбæлгæнæги дзурдмæ, æ дзурд ин лæдæрун æма ин æ фæрститæн дзуапп дæдтунбæл.

– Æнхæст кæнун гъомбæлгæнæги ихæслæвæрдтæ: рауайæ, райсæ, радавæ, исбадетæ…

– Сабийтæмæ игурун кæнун уарзондзийнади æнкъарæнтæ рæвдауæндонæ æма рæвдауæндони косгутæмæ.

**Æнхусадон æрмæг**

**Æвдесунмæ:** сюжетон хузæ «рæвдауæндонæ», устур рæсугъд къозо, гъазæнтæ – авдæнæ æд сувæллон, гъазæн киндзæ, тикис, куй.

**Ахури цуд**

**Гъ**. Уæ бон хуарз, сувæллæнттæ! Зæгъайтæ, сумах сæумæраги кумæ фæттундзетæ?

*(Сувæллæнттæ аллихузон дзуæппитæ дæдтунцæ.)*

**Гъ.** Æрбахонунцæ уæ рæвдауæндонæмæ?

*(Сувæллæнттæ 2-3 хатти еумæ дзорунцæ нæуæг дзурд.)*

**Гъ**. Аззæ, ке хæццæ æрбацудтæ рæвдауæндонæмæ? *(Сабийтæ 2-3хатти еумæ дзорунцæ нæуæг дзурд.)*

**А.** Æз æрбацудтæн мæ нанай хæццæ.

**Гъ.** Марат, дæу ба ка ’рбахудта ацибон рæвдауæндонæмæ?

**М.** Мæн ба æрбахудта мæ мадæ.

*(Уотæ алли сувæллонмæ дæр гъæуй фарст радтун æма ин æ дзуапмæ байгъосун.)*

**Гъ**. Кæугæ уи ка кодта ардæмæ цæугæй?

*(Сувæллæнтти дзуапмæ байгъосун гъæуй.)*

**Гъ**. Ци фæккосетæ равдауæндони?

**С**. Фæгъгъазæн, фæззарæн, бахуæрæн æма ниххуссæн.

(*Сувæллæнттæ дзорунцæ еугай.)*

**Гъ**. Гъæйдæ, мадта мах дæр исахур кæнæн æмдзæвгæ нæ равдауæндони туххæй.

**Нæ рæвдауæндонæ**

Берæ уарзæн сабийдонæ,
Нæ хæдзарæ ’й бонигон.
Мах−сабийтæ, еу бийнонтæ,
Лимæн ан æма æнгон!
Рæвдауæг нæбæл æдзохи
Мади хузæн урдуг æй.
Æ хъурбæл нæ ниццæйтохуй,−
Сувæллон ин фæрдуг æй…

*Скъодтати Эльбрус*

***Сюжетон хузæ «Нæ рæвдауæндонæ»***

**Гъ**. Сабийтæ, æрбакæсайтæ мæнæ аци хузæмæ. Ци си уинетæ?
**С**. Хузи ес устур хæдзарæ, бæрзонд хæдзарæ.
**Гъ.** Ке æй аци устур, бæрзонд хæдзарæ?
(*Гъæуй сувæллæнтти дзуæппитæмæ байгъосун æма хатдзæг искæнун).*
**Гъ**. Аци хæдзарæ æй сувæллæнтти. Хонæн æй равдауæндонæ. (*2-3 хатти дзорунцæ сувæллæнттæ еумæ, уæдта еугæйттæй: «Сабийтæ хæдзарæ».)*
**Гъ**. Ракæсайтæ, ка ес рæвдауæндони? Ци косунцæ сувæллæнттæ? Цæмæй гъазунцæ сувæллæнттæ?
*(Уотæ, хузи алли архайди туххæй дæр гъæуй сæрмагонд фæрститæ радтун сабийтæмæ æма син сæ дзуæппитæмæ лæмбунæг байгъосун.)*
**Гъ**. Райсетæ, сувæллæнттæ, рæсугъд устур къозо æма цæуæн тургъæмæ. Æз дæр уæ хæццæ аци бон къозойæй гъаздзæнæн.

## *4-аг ахури усмæ*

**Темæ: «Фæззæг»**
**Нисан:**

– Зонгæ кæнæн сувæллæнтти фæззигон æрдзи æййивддзийнæдти хæццæ.
– Фæлтæрун кæнун сувæллæнтти схемитæмæ гæсгæ

гъудиæдтæ аразун, дзубандий медæгæ номдартæ æма миногонтæй пайда кæнун.

– Ба сæ зонгæ кæнун нæуæг дзурдти хæццæ: къæвда, æнкъард, игъæлдзæг, думгæ, уазал, муртæ (хъ), (къ) раст æма кæдзос дзорунбæл архайун.

– Æрдзи рæсугъддзийнæдтæмæ уарзондзийнади æнкъарæнтæ æвзурун кæнун.

**Дзурдуат**: думгæ думуй, уазал бон, бор, сурх, цъæх, зонтик, фæззигон дарæс.

**Æнхусадон æрмæг**

**Æвдесунмæ:** 2 гæгъæдин зеллаги, æнкъард æма игъæлдзæг цæсгæнттæ сæбæл хузæгонд, уотемæй;

фæззигон æрдзи хузтæ: бæласи сифтæ – бор, цъæх, сурх – фæйнæ 2.

## Ахури цуд

**Гъ.** Уæ бон хуарз, сабийтæ. Ракæсайтæ къæразгæй тургъæмæ. Циуавæр æй бонигъæдæ? Хор кæсуй?

**С**. Нæ.

**Гъ**. Къæвда уаруй?

**С**. Гъо, уаруй къæвда.

**Гъ.** Ци уинетæ тургъи?

**С.** *(Радугай.*) Бæлæстæ.

**Гъ**. Цихузæн æнцæ бæлæсти сифтæ?

**С.** *(радугай)*. Бор, сурх, цъæх.

**Гъ**. Къæвда ку фæууаруй, уæд æз æнкъард фæккæнун.

Хор бони ба игъæлдзæг фæуун.

**I Д/гъазт «Игъæлдзæг, æнкъард»**

Ихæслæвæрд. Мæнæ стъолбæл ци зеллæгтæ ес, еци зеллæгтæй еуебæл хузæгонд æй игъæлдзæг цæсгон, иннебæл ба – æнкъард цæсгон.

**Гъ.** Æз кæун − сумах мæмæ равдесетæ, æнкъард цæсгон ци зеллагбæл хузæгонд ес, уой. Ходун – уæдта мæмæ равдесетæ, игъæлдзæг цæсгон ци зеллагбæл хузæгонд ес, уой.

*(Цалдæр хатти æвзарунцæ, уæдта гъомбæлгæнæг фæрсуй.)*

**Гъ.** Бонигъæдæмæ кæсгæй,сувæллæнттæ, зеллæгтæй кæци равдесун гъæуй?

**С.** Ӕнкъард цæсгони хузæ. *(Сæхуæдтæ дæр æрæнкъард æнцæ.)*
**Гъ.** Цæмæн?
**С**. Уаруй къæвда. Ӕй уазал, хор æхе баримахста. *(Дзорунцæ раду-гай.)*
**Гъ**. Ралæудтæй фæззæг.
Зæгъайтæ еумæ: ралæудтæй фæззæг *(2-3 хатти).*
**II Гъазт «Хор кенæ ба къæвда»**
Гъомбæлгæнæг дзоруй «хор» æма сабийтæ рæуæг гæппитæ кæнунцæ. Къæвда − уæдта сабийтæ сæ къохтæ сæ сæртæбæл æвæрунцæ æма сæ къæхтæ бæрзонд есунцæ, уотемæй рацо-бацо кæнунцæ. *(Сабийтæ гъазунцæ. Уалинмæ кадæр дуар æрбахуаста. Гъомбæлгæнæг рауадæй æма фæстæмæ гъазæн киндзи хæццæ æрбаздахтæй.)*
**III. Гъ**. Мæнæ нæмæ кадæр æрбацудæй, сабийтæ, е æй гъазæн киндзæ Мæдинæ.
Кæсайтæ, ци кæдзос æй. Цæхæн дарæс ибæл ес?
**С**. Курæт, ходæ, хæлаф.
**Гъ**. Равзарайтæ мæнæ аци хузтæй, фæззæг ци дарæс искæнæн, уони.
*(Сувæллæнттæ еугай есунцæ пæлито, пъолци, уæллаггурæ, гъар хæлаф, ходи хузтæ.)*
**Гъ.** Аци дарæс æнцæ фæззигон. (*2-3 хатти дзорунцæ.)*
**Гъ.** Хетæг, ду циуавæр дарæс искодтай аци бон?
**Хетæг.** Ӕз искодтон хæлаф, курæт, ходæ. Фæззигон дарæс.
**Гъ**. Кæсайтæ, Мæдинæ ци æрбахаста (*равдесуй сувæллæнттæмæ сифтæ*). Атæ ци ’нцæ?
**С**. Сифтæ. Берæ сифтæ.
**Гъ**. Цихузæнттæ æнцæ сифтæ?
**С.** Бор, сурх, цъæх. *(Дзорунцæ еугай.)*
**Гъ**. Цума, Мæдинæ кæми æрæмбурд кодта аци сифтæ?
**С**. Тургъи.
**Гъ**. Тургъæмæ ба кæцæй æртахтæнцæ сифтæ? Цъеутæ æнцæ? Гæлæботæ æнцæ?
**С.** Сифтæ хаунцæ бæлæстæй.
**Гъ**. Уаруй къæвда. Ӕй уазал. Сифтæ хаунцæ зæнхæмæ. Циуавæр анзи афонæ ралæудтæй, сабийтæ? *(Ку батухсонцæ, уæд гъомбæлгæнæг*


ПРОДАЖЕ НЕ ПОДЛЕЖИТ

*дзуапп дæдтуй æхуæдæг, сувæллæнттæ ба дзорунцæ æ фæсте: ралæудтæй фæззæг.)*
**С.** Фæззæг.
**IV. Æз\гъазт**
**Гъ**. Райсетæ фæйнæ дууæ сифи æма æрлæууетæ тумбул зилдæй. Уæ къохтæ бæрзонд исесетæ. Сифтæ телгæй, зарæн еумæ:
Зæлдагæ сифтæ – мах,–
Къалеутæбæл – нæ цард.
Фæззæг – думгитæ, ах,
Хæссунцæ нæ идард.
*(Сифтæ телгæй еу зилд æркæнунцæ, уæдта сæ цума думгæ идард фæххаста, уотæ раледзунцæ æма, гъомбæлгæнæги амундмæ гæсгæ, зæнхæбæл æрбадунцæ алли рауæнти.)*
**Гъ.** Æркæсæн хузтæмæ. Ци уинетæ? *(Еугай фæрсуй сувæллæнтти æма архайуй, цæмæй ин æ фæрститæн æнхæст гъудиæдтæй дзуапп дæдтонцæ.)* Ци уинетæ, Аллæ, аци хузи? (*Равдесуй хузæ.)*
**Аллæ**. Хор æхе баримахста.
**Гъ.** Батраз, кæми баримахста хор æхе?
*(Сувæллæнттæн зин ку уа дзуапп дæттун, уæд сæ гъомбæлгæнæг дзорун кæнуй æ фæсте.)*
**Гъ.** Дзорæн еумæ, сувæллæнттæ: «Хор æхе баримахста мегъти фæсте».
*(Уотæ алли хузи медес дæр радзорун гъæуй еумæ.)*
**Гъ**. (*Фæйнæгбæл анзи афонæмæ гæсгæ схемитæ бафедар кодта æма дзоруй.)*
1.Фæззæги бонигъæдæ фæууазал уй. *(Равдесуй схемæ: мегътæ исæхгæдтонцæ хори.)*
2. Фæууаруй къæвда. (*Уаруй къæвда. Зонтик.*)
3. Цъеутæ фæттæхунцæ гъар бунæттæмæ. *(Тæхунцæ цъеутæ, бæласи сифтæ.*)
4. Адæм искæнунцæ гъар фæззигон дарæстæ. *(Ходæ, хæлаф, уæллаггурæ, кукæт, пæлито.)*
**Ахури байдауæн**.
**Гъ**. Сувæллæнттæ, райсетæ уæ сифтæ æма сæ æрæвæретæ мæнæ аци уорс гæгъæдибæл. Кæсайтæ, аци рæсугъд горцъе искодтан сифтæй. Аци горцъе нин æй фæззæги лæвар.

## *5- аг ахури усмæ*

**Темæ: «Фæззæг»**

**Нисан:**

– Сувæллæнтти зонгæ кæнун, мадæл фонс æма уонæн сæ бæдæлтти æхсæн ци хецæндзийнæдтæ ес, уони уæдта уонæн сæ цæрæнбунæтти нæмтти хæццæ.

– Базонгæ сæ кæнун æрдзи фæззиндти хæццæ.

– Архайун, цæмæй сувæллæнттæ нæуæг базунд дзурдтæй арæхдæр пайда кæнонцæ дзубандий медæгæ.

– Æвзурун кæнун уарзондзийнади æнкъарæнтæ æрдзи рæсугъддзийнæдтæмæ.

**Дзурдуат:** арс, арси хъæболæ, гъог, уæс, лæгæт.

**Æнхусадон æрмæг**

**Æвдесунмæ**: гъазæнтæ – арс, гъог, уæс, арси хъæболæ, хæдзарæ æма гъæди макеттæ.

**Ахури цуд**

Бакæсун Чеджемти Георги æмдзæвгæ «Фæззигон сифтæ».

Зæлдагæ сифтæ – мах, –
Къалеутæбæл – нæ цард.
Фæззæг – думгитæ, ах,
Хæссунцæ нæ идард.
Мах тæхæн, тæхæн, тæхæн,
Бæлæстæн хуæрзбон зæгъæн.

**I.Гъ.** Сувæллæнттæ, анзæн æ кæци афони фегъзæлунцæ сифтæ?

**С.** Фæззæги.

**Гъ.** Цихузæн æнцæ сифтæ? Сувæллæнттæ, фæззæг хуарз æй æви лæгъуз?

**С**. Хуарз æй*! (Æнхæст дзуæппитæ.)*

**Гъ.** Цæмæй хуарз æй фæззæг?

**С**. Æрдзæ рæсугъд фæууй.

**Гъ.** Лæгъуз ба цæмæй æй фæззæг? Исцæттæ унцæ фæткъутæ, кæрдтутæ.

**С.** Арæх фæууаруй къæвда.

**Гъ**. Нана æма бабай хумти ба ци æрзадæй?

**С.** Картоф, къумбул, къабусга.

**Гъ**. Еу дзурдæй сæ хонæн халсартæ. Зæгъайтæ еумæ: «Картоф,

къумбул, къабусга æнцæ халсартæ». (*2-3 хатти дзорунцæ еумæ, уæдта еугай нимайунцæ.*)
**Гъ**. Бæлæстæбæл ба ци зайуй?
**С**. Кæрдту, фæткъу.
**Гъ**. Кæрдту æма фæткъу æнцæ рæзæ. Зæгъайтæ еумæ: «Рæзæ, рæзæ зайуй бæлæстæбæл». *(2-3 хатти дзорунцæ*).
**Гъ**. Бакæсайтæ, Мæдинæ цидæр æнкъард æй. Циуавæр рæстæг хæссуй, цæхæн æй аци бон?
**С.** Уаруй къæвда. Æй уазал.
**Гъ.** Рæвдауæндонæмæ цæугæй уи ка исехæн æй?
**С**. Æз нæ… æз дæр нæ…
**Гъ.** Алан, цæмæннæ исуазал дæ?
**С.** Æз искодтон пæлито, ходæ, хæлаф, батинкитæ.
**Гъ.** Къæвда ку уаруй, уæд дæ дзаумæуттæ куд нæ ницъцъифæ æнцæ, Фатимæ?
**С.** Мæ мадæ мин зонтик балхæдта.
**II Æзм⁄гъазт.**
**Гъ**. Байгъосайтæ лæмбунæг. Æз уин радзордзæнæн æмдзæвгæ, сумах ба фæнздзинайтæ къæвдай æртæхти *(гъомбæлгæнæг дзоруй, сабийтæ гъазунцæ, цума æртæхтæ æнцæ, уоййау гæппитæ кæнунцæ. Уарун куд хъæбæрдæр кæнуй, уотæ етæ дæр сæ гæппитæ фæттагъддæр кæнунцæ. Уæдта сæ къохтæ сæ сæртæбæл райвæрунцæ, цума къæвдайæй сæхе римæхсунцæ, уоййау, æма уотемæй сæ бунати догъ кæнунцæ.*)

Арви гъæртæ – къæрцц, гуп-гупп,
Æрхаудтæй æртæх, æртæх…
Гъосинтæбæл – цъæпп, тъæп-тъупп,
Уаруй къæвда – тæх-сæх-сæх.
Къаласæртæн – къуп-къуп-къупп,
Дон мухцуртæй – пæх-пæх-пæх.
Хъумти ледзун – зуп-зуп-зупп,
Унгти дæнтти – сæх-сæх-сæх…

**III. Гъ.** Цидæр унæр цæуй къумæй, мæнæ мæ арси хъæболæ. Цума ами цæмæн æй? Æрситæ фунæй ку кæнунцæ? Сувæллæнттæ ци æй айæ? *(Равдесуй гъазæн арс. Ку нæ зононцæ дзуапп, уæд сæ гъомбæлгæнæг фæйййаразуй æхуæдæг.)* Айæ æй арси хъæболæ.

Зæгъайтæ еумæ: «Арси хъæболæ». (*2-3 хатти дзорунцæ*). Куд гъирнуй арси хъæболæ? Ра ’й фæнзайтæ. (Э-э-э-э-э.)
*(Гъомбæлгæнæг, цума арси хъæболи фæрсгæ кæнуй, уоййау ин æ гъоси цидæртæ радзоруй.)*
**Гъ**. Сувæллæнттæ, арси хъæболæ æ мади агоруй. Ка æй æ мадæ?
**С.** Устур арс.
**Гъ**. Кæми цæрунцæ æрситæ, ка уи æй зонуй?
**С.** Гъæди. *(Гъом. домуй сабийтæй æнхæст дзуапп.*)
**Гъ**. Райагорæн устур арси хæдзарæ. Гъауай, мæнæ аци хæдзари ба ка цæруй?
*(Хуайунцæ дуар, игъусуй хæдзарæй му-му-му-му.)* Игъосетæ, уæхæн игъæлдзæгæй ба ка уасуй?
**С.** Гъог.
**Гъ**. Гъоги бæдолæ ба хуннуй уæс. Зæгъетæ еумæ: «Уæс». Райсетæ гъазæн уæс уæ къохмæ. Куд уасуй уæс æ мадæмæ, сувæллæнттæ? *(Му-му-му зæгъгæ, ниллæг гъæлæсæй уасунцæ сабийтæ.)*
**Гъ.** Ка уасуй? (*Ставд бæрзонд гъæлæсæй гъомбæлгæнæг уасуй: «Му-му-му».)*
**С**. Гъог.
**Гъ**. Куд фæууасуй гъог? Еу хатт ма ’й рафæнзетæ.
*(Сувæллæнттæ фæнзунцæ гъоги уаст бæрзонд гъæлæсæй.*)
**Гъ**. Циуавæр æй гъог? Кæми цæрунцæ гъог æма уæс, сабийтæ? *(Равдесун сæмæ хузтæ.)*
**С**. Гъог æй устур. Гъог æма уæс цæрунцæ скъæти.
**Гъ**. Уæс ба цæййасæ æй?
**С**. Уæс æй минкъий.
**Гъ**. Куд уасуй гъог?
**С**. Гъæрæй: «Му-му-му»!
**Гъ.** Уæс ба куд уасуй?
**С.** Нидæн: «Му-му-му»!
**Гъ.** Сувæллæнттæ, кæд гъог æма уæс цæрунцæ хæдзари, скъæти, уæд циуавæр цæрæгойтæ æнцæ?
(*Сабийтæн зин ку уа дзуапп дæдтун, уæд гъомбæлгæнæги хæццæ еумæ дзорунцæ: «Гъог æма уæс æнцæ хæдзайрон цæрæгойтæ».)*
**Гъ**. Арси хъæболæ ба кæми цæруй?
**С.** Гъæди.

**Гъ**. Циуавæр цæрæгойтæ æнцæ мадæ арс æма æ хъæболæ? Кæми цæрунцæ?

**С.** Гъæддаг. Цæрунцæ лæгæтти.

**Гъ**. Цæуæн гъæдæмæ. Рафæнзетæ ма еу хатт, устур арс куд унæргъуй, уой.

**С.** *(Гъæрæй дзорунцæ.*) Э-э-э.

**Гъ**. Арси хъæболæ ба куд уасуй?

**С**. Э-э-э. (*Нидæн гъæлæсæй фæнзунцæ бæдолæ арси. Гъомбæлгæнæг баеу кодта дууæ гъазæни.)*

**Гъ**. Кæсайтæ, арс æма æ хъæболæ куд бацийнæ кодтонцæ кæрæдзебæл.

Ци хуарз æй, арси хъæболæ æ мади иссердта. Ниууадзæн сæ гъæди. Æрситæ гъæддаг цæрæгойтæ æнцæ, уадзæ æма уоми уонцæ. Нуртæккæ æй фæззæг. Фæззæги æрситæ сæ лæгæттæмæ бацæунцæ æма æнæгъæнæ зумæг хусгæ фæккæнунцæ. Нæ гъог æма уæс ба хæдзайрон цæрæгойтæ æнцæ, гъæуама хæдзари цæронцæ.

## *6-аг ахури усмæ*

**Темæ: «Халсартæ»**

**Нисан:**

– Ахур кæнун сувæллæнтти, гъомбæлгæнæги æнхусæй, хе дзурдтæй дзорунбæл.

− Бафедар кæнун, халсарти туххæй ци зонундзийнæдтæ райстонцæ, уони.

– Базонгæ кæнун сувæллæнтти нæуæг дзурдти хæццæ: къабусга, æпхæ,

болгæ, гъæдиндзæ, хумæ, халсар.

− Муртæ **къ, хъ** раст дзорунбæл архайун цъухæй дзоргæ гъазти фæрци.

– Парахат кæнун сабийти зонундзийнæдтæ; халсарти пайда адæймагæн, ци æй, уой.

**Рагагъоммæ куст:** сувæллæнттæ фæххонун дзæхæрамæ, фæууинун син кæнун, халсартæ циуавæртæ æнцæ, кæми зайунцæ, уой. Хуми æрæмбурд кæнун æпхитæ.

***Æнхусадон æрмæг***

***Æвдесунмæ***: болги аргъауæй баба æма нанай фæлгонцтæ, куклати театр болги аргъаумæ гæсгæ.

**Ахури цуд**

**Гъ**. Уæ сæумæ хуарз, сувæллæнттæ. Мæнæ мæ аллифарс горцъебæл æрбадетæ, аци бон уин куклати фæрци равдесдзæнæн аргъау «Болгæ». Аргъауи дзурдтæ ба дзордзинан еумæ.

**Гъ**. Цардæнцæ баба æма нана. Кæми цардæнцæ баба æма нана?

**С**. Хæдзари.

**Гъ**. Ралæудтæй фæззæг, баба æма нана æмбурд кæнунцæ картоф, гъæдиндзæ, къумбул. Ци æмбурд кæнунцæ баба æма нана?

**С.** Картоф, гъæдиндзæ, къумбул.

*(Гъомбæлгæнæг еугай есуй халсартæ «хумæй».)*

**Гъ**. Байзадæй ма хуми… ци? *(Амонуй болгæмæ æма игъосуй сувæллæнтти дзуæппитæмæ.)*

**С.** Болгæ.

**Гъ**. Болгæ æрзадæй… кæми?

**С**. Хуми. *(Агоруй сабийтæй æнхæст гъудиæдтæй дзуапп.)*

**Гъ**. Равдесайтæ, сувæллæнттæ, хуми цæййасæ болгæ æрзадæй?

**С**. Хуми æрзадæй устур болгæ.

*(Гъомбæлгæнæг æма сувæллæнттæ еумæ дзорунцæ: «Хуми æрзадæй устур болгæ»,– æма ’й æвдесунцæ къохтæй.)*

**Гъ.** Баба исхуæстæй болгæбæл.

**С**. Болгæ истонун нæ комуй.

**Гъ**. Баба кæмæ фæдздзурдта?

**С**. Баба фæдздзурдта нанамæ. *(Уотæ кæронмæ дзорунцæ аргъау сабийти хæццæ еумæ.*)

**Гъ**. Сувæллæнттæ, баба æма нана хумæй ци æрæмбурд кодтонцæ?

**С**. Картоф, болгæ, къумбул, къабускуа. (*Еугай сæ æвæрунцæ тæбæгъи*.)

**Гъ.** Еу дзурдæй сæ хонæн халсартæ. Дзорæн еумæ: халсартæ. *(Уæдта еугай алли сувæллон дæр дзоруй – халсартæ.)*

**II Гъазт «Ка фулдæр халсартæ æрæмбурд кæндзæнæй».**

*Гъазти медес*: гъомбæлгæнæг сувæллæнтти рахецæн кодта дууæ

къуаребæл, равардта син фæйнæ дзæкъоли. Сувæллæнтæ лæуунцæ уати еу кæрони, халсартæ ба æнцæ иннæ кæрони. Гъомбæлгæнæги амундмæ гæсгæ, сувæллæнттæ дзæкъæлттæмæ еугай æмбурд, кæнунцæ халсартæ. Кæци къуар фулдæр халсартæ æрæмбурд кæна, е рамулдта.

***III. Дзурдтæй гъазт «Гъетре-метъре, къабуска»***

*Гъазти медес:* сабийтæ тумбул зилдæй лæуунцæ, фиццаг сувæллонæн гъомбæлгæнæг дзæкъолæй еу халсар исесуни барæ дæттуй. Е æй исесуй (зæгъæн, картоф) æма 'й иннетæмæ æвдесуй. Гъомбæлгæнæг æма сабийтæ еумæ дзорунцæ:

Гъетре-метъре, къабуска,
Светæ картоф исиста.

**Гъ.** Ци исиста Светæ?
**С.** Картоф. *(Гъомбæлгæнæг сабийтæй агоруй æнхæст дзуапп.*)
**Гъ. К**æцæй?
**С.** Дзæкъолæй.
**Гъ**. Картоф ци æй?
**С**. Халсар. *(Картоф æй халсар.)*
**Гъ**. Светæ, кæми зайуй картоф?
**С.** Хуми. (*Картоф зайуй хуми.)*

*(Цалинмæ алли сувæллон дæр радзора æ халсарти туххæй, уæдмæ гъазунцæ.)*

**Гъ**. Сувæллæнттæ, еу хатт ма зæгъетæ, ци 'нцæ картоф, гетъре, пæмидор, гъæдиндзæ?
**С.** Халсартæ.
**Гъ**. Кæми зайунцæ халсартæ?
**С.** Халсартæ зайунцæ хуми будурти æма дзæхæрати.
**Гъ.** Нана æма баба ци æрæмбурд кодтонцæ сæ хумæй? Ранимаетæ син сæ нæмттæ.
**С.** Халсартæ: къабуска, гъæдиндзæ, гетръе, пæмидор.
**Гъ**. Хуарз багъуди кодтайтæ, сувæллæнттæ, халсарти нæмттæ, уæдта, кæми зайунцæ, уой дæр.

Хæрзбон бал кæнетæ нæ иннæ фембæлдмæ …

**Темæ: «Рæзæ»**
**Нисан:**

– Ахур кæнун сабийти, гъомбæлгæнæги фæрститæмæ лæмбунæг игъосгæй, рæзи туххæй радзорунбæл. (Ци æй? Циуавæр тæф кæнуй? Цихузæн æй?)

– Идарддæр фæлтæрун номдар æма миногон сæ кæрæнттæмæ гæсгæ раст бæттунбæл, муртæ **гъ, къ** раст æма кæдзос дзорунбæл.

– Сувæллæнтти дзубанди нæуæг дзурдтæй гъæздуг кæнун: донгун, адгин, тауæг, рæзæ фæткъу, кæрдту, цилауи.

– Архайун рæзи пайдай туххæй зонундзийнæдтæ парахат кæнунбæл.

**Рагагъонмæ куст**: рæзбунмæ фæххонун сабийти æма син бавдесун рæзæ, куд тонгæ æй, уой.

***Æнхусадон æрмæг***

***Æвдесунмæ:*** цетейнæ æд рæзæ, хъæбæр гæгъæдийæй конд банкитæ пластилинæй исæрстæй, пластилин.

## Ахури цуд

***Æзм/гъ. «Гетъре-метъре»***

**Гъ.** Сувæллæнттæ, циуавæр лæвæрттæ нин ракодтонцæ баба æма нана сæ дзæхæрайæй?

**С**. Картоф, пæмидор, гетръе, болгæ, æпхæ.

**Гъ**. Еу дзурдæй ба сæ куд исхондзинан?

**С.** Халсартæ.

**Гъ.** Кæми æрзадæнцæ халсартæ?

**С**. Халсартæ зайунцæ хуми будурти, дзæхæрати. *(Бавдесун халсарти хумтæ кенæ ба сæ хузтæ.)*

**I. Гъ**. Нана æма баба нин æрбарвистонцæ лæвæрттæ. Æрзелетæ уати къумти æма иссеретæ еци лæвæрттæ. (*Сувæллæнттæ архайунцæ идзаг цетейнæ гъомбæлгæнæги цормæ бахæссунбæл.)*

**Гъ**. Ци иссердтайтæ?

**С.** Цетейнæ. *(Кæд нæ зононцæ дзурд «цетенæ», уæд син æй гъонбæлгæнæг æхуæдæг зæгъуй.)*

**Гъ**. Ци ес цетейни? *(Домуй сабийтæй, цæмæй рæзи хузтæ бавдесонцæ.)*
**С**. Фæткъу, кæрдту, сæнæфсерæ, цилауи.
**Гъ**. Кæми зайунцæ?
**С.** Бæлæстæбæл.
**Гъ**. Еу дзурдæй ба сæ хонæн – рæзæ. (*Еумæ дзорунцæ 2-3 хатти* **рæзæ***, уой фæсте алли сувæллон дæр дзоруй хецæнæй –* **рæзæ***.)*
**Гъ**. Басмотайтæ рæзæмæ, хуарз тæф кæнунцæ?
**С**. Гъо. (*Сувæллæнттæ еугай есунцæ рæзæй æма ин дзорунцæ æ ном*.)
**Гъ**. Ци райста Зæринæ цетейнæй?
**С.** Фæткъу.
**Гъ**. Цихузæн фæткъу?
**С**. Сурх.
**Гъ**. Цæхæн тæф кæнуй?
**С**. Хуæрздæф кæнуй.
Гъ. Фæткъуй тæф цæмæй лæдæрис?
**С.** Фиййæй.
**Гъ**. Æ хузæ ба ин цæмæй фæууидтай?
**С.** Цæститæй ин фæууидтон æ хузæ.
**Гъ**. Райсæ, Хетæг, цетейнæй кæрдту. Ци хузæн æй кæрдту?
**С**. Бор.
**Гъ**. Циуавæр тæф кæнуй кæрдту ба?
**С.** Кæрдту дæр кæнуй хуæрздæф.
**Гъ**. Кæрдтуй хузæ, Хетæг, цæмæй уинис?
**С.** Цæститæй.
**Гъ**. Æ тæф ин цæмæй лæдæрис?
**С**. Фиййæй.
**Гъ.** Циуавæр æй кæрдту æ адæмæ гæсгæ?
**С.** Кæрдту æй адгин.
**Гъ**. Æ адæ ин цæмæй базудтай, Светæ?
**Св**. Рахуардтон си.
**Гъ**. Рæзæн, сувæллæнттæ, æ адæ лæдæрæн æвзагæй. Нана æма баба рæзæ цæмæй тонунцæ бæласæй? *(Равдесун хузæ: нана æма баба фæткъутæ тонунцæ*.)
**С.** Къохтæй.

*(Алли сувæллони дæр гъомбæлгæнæг фæрститæ кæнуй, цалинмæ рæзæ нæма фæцæнцæ, уæдмæ. Сабийтæ дзуæппитæ дæдтунцæ, куд æрахсунцæ, уотæ.)*

**III. Гъазт «Базонæ адæмæ гæсгæ»**

*(Сувæллон æ цæститæ фæцъцъундæ кодта, уотемæй имæ гъомбæлгæнæг дæттуй фæткъу, кенæ кæрдту. Сувæллон гъæуама адæмæ гæсгæ базона рæзи ном.)*

**Уолæфти минут.** ***Æзм. гъазт «Цæттæ фæткъу».***

Фæткъу, фæткъу,
Цæттæ фæткъу
Нæбал еруй
Нур æ уасæ.
Думгæ, думгæ,
Зелгæ-дунгæ
Ку бателуй
Зад бæласæ.

Фæткъу, фæткъу,
Цæттæ фæткъу
Хауй, хауй.
Сор зæнхæмæ.
Думгæ,думгæ,
Фудаг думгæ
Рафецауй
Фæсхуæнхтæмæ…
*Скъодтати Эльбрус*

*Сувæллæнттæ сæ кæрæдзей къохтæбæл хуæцгæй, зилди сабургай цæунцæ, минкъий фæстæдæр фæттагъд кæнунцæ къахист, уæдта догъ кæнунцæ. Ка фæхъхъан уа, е æй цæттæ фæткъу æма ин бæласæбæл бунат нæййес.*

**VI. Искæнæн адгин дæнттæ рæзæй**

Гъомбæлгæнæг стъолбæл æрцæттæ кодта алли сувæллонæн дæр гæгъæдин банкæ, пластилинæй исæрстæй (нихæст), къэрандæстæ.

**Гъ**. Нур ба, сабийтæ, аци банкити кæндзинан адгин дæнттæ алли-хузон рæзæй. Циуавæр рæзæ ес нæ цетейни?

**С.** Фæткъу, кæрдту, цилауи, гъунтуз цилауи.

**Гъ**. Ке уи циуавæр рæзæй фæндуй, уомæй кæнæд адгин дон. Уой туххæй ба уи гъæуама алкедæр æ банкæбæл искæна, ци рæзæй кæнуй адгин дон, уой хузæ. Кæсетæ, мæнæ уотæ *(амонуй−куд*).

Райсетæ уæ кърандæстæ æма исхузæ кæнетæ уæ банкитæбæл. (*Ка нæ арæхса, уомæн фенхус кæнун гъæуй.)*

Уæ салам берæ. Абони уи алкедæр æ нанайæн искодта адгин дон, ци рæзæ нин балæвар кодта, уонæй. Нур нæбал феронх кæндзинан рæзæн сæ адæ, сæ тæф, сæ нæмттæ.

## *8-аг ахури усмæ*

**Темæ: «Нæ цæрæнбунати»**

**Нисан**:

– Бафедар кæнун «сувæллæнтти дзурдуати» миногонтæ **бæрзонд** æма **ниллæг-и,** уæдта **гъæу**, **гъæунгæ**, **горæт**, **Дзæуæгигъæу**.

– Ахур кæнун сувæллæнтти фæрститæ **кумæ**? æма **кæцæй**?-æн дзуæппитæ дæдтунбæл.

**Æнхусадон æрмæг**

**Æвдесунмæ:** сюжетон хузæ – «Нæ горæт», «Гъæуккаг хæдзарæ», «Гъазæн киндзæ».

**Рагагъонмæ куст**: сабийти хæццæ гъæунгæмæ рабалц кæнун æма сæ базонгæ кæнун (*гъæуи, кенæ горæти*) арæзтæдти хæццæ. Радзорун син, еумайагæй райсгæй, нæ цæрæнбунати туххæй, цæмæн уотæ хуннуй.

### Ахури цуд

*(Гъомбæлгæнæг дзоруй, æ къохи гъазæн киндзæ, уотемæй.)*

**1. Гъ**. Сувæллæнттæ, аци гъазæн киндзæбæл рамбалдтæн тургъи. Бауорæдта мæ æма мæ бафарста, кумæ æрбафтудæй, уобæл. Мæнмæ гæсгæ ин сумах бон æй фенхус кæнун. Зæгъайтæ ин, кæми æй, уой.

**С**. Рæвдауæндони, горæти.

*(Гъомбæлгæнæг дзоруй сабийти хæццæ сюжетон хузæ «Нæ горæт»-мæ кæсгæй.)*

**Гъ**. Сабийтæ, лæмбунæг æрбакæсайтæ хузæмæ. Заремæ, ци уинис хузи?

**Ф.** Минкъий хæдзарæ.

*(Гъомбæлгæнæг ниллæг хæдзарæ къохæй амонуй. Гъомбæлгæнæг фæрсуй гъазæн киндзи.)*

**Гъ.** Кæци æй дæ хæдзарæ? *(Амонуй хузæмæ.)*
**С**. Нæ зонун. *(Гъомбæлгæнæг идарддæр дзоруй хузи медесбæл.)*
**Гъ**. Геор, ци ма ес хузи?
**С.** Бæлæстæ.
**Гъ**. Сувæллæнттæ ба кæми гъазунцæ, Зæлинæ?
**З**. Тургъи. *(Æнхæст гъудиæдтæй дзуæппитæ агоруй.)*
**Гъ.** Ке уинетæ тургъи?
**С**. Сувæллæнтти.
**Гъ**. Ци архайунцæ тургъи сувæллæнттæ?
**С**. Гъазунцæ. (*Гъомбæлгæнæг си домуй æнхæст гъудиæдтæй дзуæппитæ дæдтун.)*
**Гъ**. (*Дзоруй гъазæн киндзæмæ).* Аци тургъæ дæр некæд адтæ, Мæдинæ?
**С**. Нæ зонун.
**Гъ**. Циуавæр хæдзари цæрис, Мæдинæ?
**С**. Ниллæг хæдзари.
**Гъ**. Ци ес уæ тургъи ба?
**С.** Карк, уæдта æ цъеутæ.
**Гъ**. Дзæхæра уин ес?
**С.** Ес.
**Гъ.** Уæдта ма уæмæ ци ес, Мæдинæ?
**С.** Гъог, куй, тикис.
**Гъ**. Сувæллæнттæ, кæми цæруй гъазæн киндзæ?
**С.** Нанай хæдзари.
**Гъ**. Не ’уазæг исцудæй гъæуæй, æма уомæн нæ базудта æ хæдзарæ. Кумæ сцудæй гъазæн киндзæ?
**С.** Горæтмæ.
**Гъ**. Кæми цæретæ сумах ба?
**С.** Горæти.
**Гъ.** Горæти циуавæр хæдзæрттæ ес?
**С.** Бæрзонд.
**Гъ.**Гъæуи ба, сувæллæнттæ, ес бæрзонд хæдзæрттæ?
Циуавæр хæдзæрттæ ес гъæуи?
**С**. Ниллæг.
**Гъазт «Бæрзонд – ниллæг»**
Сувæллæнттæ зилдæг æрлæудтæнцæ æма гъонбæлгæнæги фæнзгæй амонунцæ – бæрзонд – ниллæг.

**Гъ.** Дзурд **бæрзонд** ку зæгъон, уæд къохтæ уæлæмæ ивазæн. (Амонуй.) Дзурд **ниллæг** ку зæгъон, уæд та къелатæбæл æрбадетæ.

*(Сабийтæ хузтæ бафедар кæнунцæ ковролинбæл. Гъомбæлгæнæг гъазæн киндзи скафун кодта æ къохти.)*

**Дидактикон гъазт «Аразæн гъæу»** *(Стъолбæл теми хæццæ баст аллихузон сюжетон нивтæ.)*

**Гъазти медес.** Сувæллæнттæ гъонбæлгæнæги стъолæй есунцæ гъæуккаг æма горæттаг хæдзæртти нивтæ.

**Гъ**. Сувæллæнттæ, кæсайтæ куд цийнæ кæнуй не'уазæг, базудта æ цæрæнбунат, æ гъæу. Кæми цæруй гъазæн киндзæ?

**С.** Гъæуи. (*Агоруй си æнхæст дзуæппитæ.*)

**Гъ**. Циуавæр хæдзари?

**С.** Ниллæг хæдзари.

**Гъ**. Мах ба цæрæн горæти. Сувæллæнттæ, нæ горæти цæхæн хæдзæрттæ ес?

**С**. Бæрзонд хæдзæрттæ.

**Гъ.** Нæ горæти ном хуннуй Дзæуæгигъæу. Куд хонæн нæ горæт? Дзоретæ, сабийтæ, мæ хæццæ: «Дзæуæгигъæу» *(2-3 хатти.)* Нæ горæт æй дессаг рæсугъд. Мæдинæ ци гъæуи цæруй, уой ном ба – Сурх-Дигорæ. Зæгъæм еумæ: «Дзæуæгигъæу, Сурх- Дигорæ» – 2-3 хатти.

Нур ба уин бакæсдзæнæн æмдзæвгæ нæ горæти туххæй.

Горæт – аййев æма бæрзонд,
Адæм – хæлар æма хуæрзконд.
Цæрун мæ бон нæй æнæ дæу,
Уарзон, рæсугъд Дзæуæгигъæу…

*Скъодтати Эльбрус*

**Гъ.** Цæй, нæ иннæ фембæлдмæ бал хуæрзбон кæнетæ. Аци æмдзæвгæ ба уой фæсте исахур кæндзинан.

## *9-аг ахури усмæ*

**Темæ: «Адæймаги бауæри хæйттæ»**

**Нисан:**

– Зонгæ кæнун сувæллæнтти адæймаги бауæри хæйтти хæццæ, цæмæн гъæунцæ æма сæмæ куд зелун гъæуй.

Фæлтæрун муртæ **къ, тъ, хъ, чъ** кæдзос (раст) дзорунбæл.

– Сувæллæнтти дзуæппитæ гъæздугдæр кæнун нæуæг дзурдтæй: кæдзос, цъумур, æхснад, бауæр.

– Архайун бауæри хæйттæ раст дзорунбæл.

**Æнхусадон æрмæг**

**Æвдесунмæ:** гъазæн киндзæ Мæдинæ, предметон хузтæ æма минкъий сау зеллæгтæ, гæгъæдин киндзæ.

**Рагагъонмæ куст:** бафæрсун сувæллæнтти, сæумæй сæ еугур дæр сæхе æхснунцæ æви, нæ, уобæл.

## Ахури цуд

**I. Гъ**. Абони уи æхе ка нихснадта? (*Сувæллæнттæ дæттунцæ аллихузон дзуæппитæ.*)

**Гъ.** Уæ къохтæ нихснадтайтæ?

**С**. Гъо, нæ къохтæ нихснадтан.

**Гъ.** Уæ гъостæ кæдзос æнцæ?

**С**. Гъо, нæ гъостæ дæр кæдзос æнцæ.

**Гъ**. Уæ ростæ æхснад æнцæ?

**С.** Гъо, нихснадтан нæ ростæ дæр.

*(Æнæнгъæлæги кадæр æрбахуаста дуар. Гъомбæлгæнæг ракастæй æма æ хæццæ æрбакодта цидæр пихцил кизги.)*

**Гъ**. Ка нæмæ æрбацудæй, ка?

**С**. Гъазæн киндзæ Мадинæ.

**Гъ.** Мæнæ куд æнæгъудгонд æй, æнæхснад. Айæ нæхе Мæдинæ ку æй! Æ къах æма æ къох кæмæн исдзæбæх кодтан, е. Ба ма'й зудтайтæ? Æз æй нæбал базудтон.

*(Сувæллæнттæ дæдтунцæ аллихузон дзуæппитæ.*)

**Гъ.** Цума кæми адтæй? Мæ гъоси мин бадзурдта, тургъи зменси гъазтон, зæгъгæ. Ци ницъцъумур кодта Мæдинæ?

**С.** Æ къохтæ, æ ростæ, æ къæхтæ. (*Сувæллæнттæ дзорунцæ еумæ.)*

**II. Дидактикон гъазт: «Ци ницъцъумур кæнæн арæхдæр тургъи гъазгæй?»**

*Гъомбæлгæнæг бафедар кодта амонæн фæйнæгбæл гæгъæдин киндзæ.*

***Ихæслæвæрд.*** Стъолæй райсетæ фæйнæ еу зеллаги, бафедар сæ

кæнетæ, тургъи гъазгæй арæхдæр ци сцъумур кæнетæ, гъазæни бауæри еци хæйттæбæл.
(*Сувæллæнттæ зеллæгтæ федар кæнунцæ.)*
**Гъ**. Светæ, кæми банихастай дæ зеллаг?
**Св**. Киндзи росбæл.
**Гъ**. Цæмæн æ росбæл ба?
**Св**. Мæ цъумур къохæй расæрфтон мæ ростæ.
**Гъ**. Заремæ, кæми бафедар кодтай ду ба дæ зеллаг?
**З**. Киндзи къохтæбæл æй бафедар кодтон.
**Гъ**. Цæмæн æ къохтæбæл?
**З**. Зменси гъазта æма исцъумур кодта мæ къохтæ.
*(Радтун гъæуй кезугай алли сувæллонæн дæр дзурди барæ.)*
**Гъ.** Хъæбæр хуарз, сувæллæнттæ, гъæйдæ, гъенур ба гъазгæ ракæнæн.
Уолæфти минут.
(*Гъомбæлгæгæги амундмæ гæсгæ сабийтæ гъазунцæ, фæнзунцæ æй, уотемæй.)*

| | |
|---|---|
| Къохтæ, къохтæ, райрæзетæ! | *Къохтæ есунцæ хæрдмæ.* |
| Къохтæ, къохтæ, фæттæхетæ! | *Къохтæ фæйнердæмæ ракæнунцæ.* |
| Къохтæ, къохтæ, римæхсетæ, | *Къохтæ римæхсунцæ сæ фæсте.* |
| Къохтæ, къохтæ, кæми айтæ? | *Æвдесунцæ сæ къохтæ* |
| Мæнæ ’нцæ! | *гъомбæлгæнæгмæ.* |

Мæнæ нцæ мæ къохтæ,
(еумæ сæ æвдесунцæ)
Мæнæ нцæ мæ гъостæ.
Мæнæ мæ цæститæ.
Мæнæ æй мæ фий.
Мжнæ æй мæ цъух.

(*Сабийтæ, гъомбæлгæнæги амундмæ гæсгæ бауæри хæйттæ æвдесунцæ радугай.)*

**Гъ**. Бауæрмæ зелун гъæуй, цæмæй ибæл микроби минкъий бæдæлттæ ма ниххуæцонцæ æма ма фæссæйгæ уæн. Уадзæ æма «Пехцола»– Мæдинæ дæр зона, иуæнгтæ куд æхснун гъæуй, уой.
*(Гъомбæлгæнæги амундмæ гæсгæ сабийтæ, цума сæхе æхснунцæ, уоцихузи æзмæлунцæ æма дзорунцæ.)*

Дон, дон, дон, нихснæ мин мæ къохтæ,
Дон, дон, дон, нихснæ мин мæ гъостæ,
Дон, дон, дон, нихснæ мин мæ ростæ,
Дон, дон, дон, нихснæ мин мæ фий.

Мах дон æма сапойнæй нæхе кæдзос нихснæн. Кæсайтæ, кæ, «Пехцола»- Мæдинæ дæр нихснадта æхе.

## *10-аг ахури усмæ*

**Темæ: «Адæймаги æма цæрæгойти иуæнгтæ»**

**Нисан:**

– Сувæллæнтти идарддæр зонгæ кæнун адæймаг æма цæрæгойти иуæнгти хæццæ.

– Исахур син кæнун сæ нæмттæ.

– Фæлтæрæнтæ кæнун еууон нимæдзи номдартæй берæуон нимæдзæ аразунбæл; нимæдзитæ 1-æй 4-и уæнгæ нимайун.

– Сабийти разæнгард кæнун сæ бауæр кæдзос дарунбæл.

**Дзурдуат**: къох, къах, цъух, цæстæ, гъос, фий, дзæмбу, къембур, къабазæ.

**Æнхусадон æрмæг**

**Æвдесунмæ**: аллихузон гъазæнтæ æма сæ хецæн хæйттæ. Алли сувæллонæн дæр «сурх дзиуарæ» – дохтури нисан, гъазæн телевизор. Теми хæццæ баст хузæ.

### Ахури цуд

**Гъ**. Уæ бон хуарз, сувæллæнттæ, аци бон уин æз равдесдзæнæн кинонивæ еу фудуаг биццеуи туххæй. Исбадетæ. *(Бадæнтæ зилдæй æвæрд. Гъомбæлгæнæг астæуæй æрбадуй.)*

**1.** Цардæй еу биццеу. Адтæй имæ берæ аллихузон гъазæнтæ. Алли бон дæр ин æ мадæ æма æ фидæ æлхæдтонцæ нæуæг гъазæн. Биццеу, цид, æ гъазæнтæ уайтагъд расæститæ кæнидæ æма сæ къуммæ багæлдзидæ. Гъазæнтæн сæ зæрдæ фæххудтæй…

*(Гъомбæлгæнæг кæсуй æмдзæвгæй скъуддзаг.)*

Кимæн хуарз гъазæнтæ
Æ мамæ хаста.
Ким ба æ гъазæнтæ
Берæ нæ уарзта:
Хуаста син сæ рæгътæ,
Уæдта сæ саста.
Зуст гъæртæ, гæрæхтæ…

Къуммæ сæ æхста.
Ка си – æнæ цæнгтæ,
Ка ба – саст къахæй,–
Ристæнцæ гъазæнтæ,
Кудтæнцæ ах-хæй.

*Къибирти Амурхан.*

**Гъ**. Кæсайтæ, мæнæ ’нцæ еци биццеуи гъазæнтæ. (*Амонуй къопмæ.*) Сувæллæнттæ, бугътæмæ сæ ракалæн?

**С**. Нæгъ.

**Гъ**. Кæсайтæ мæнæ (*æвдесуй æнæкъах гъазæн киндзæ).* Тæрегъæд æй бугътæмæ гæлдзунмæ. Сабийтæ, фæндуй уæ, æма сæ сдзæбæх кæнæн? Махæй ести ку фæрресуй, уæд нæ ка радзæбæх кæнуй?

**С.** Дохтур нæ радзæбæх кæнуй.

**Гъ**. Ка нæ радзæбæх кæнуй, Петур?

**П.** Дохтур.

**Гъ.** *(Сувæллæнттæй алке реубæл дæр федар кæнуй «Сурх дзиуарæ»).* «Сурх дзиуарæ»–зæгъæн æй еумæ. *(2-3 хатти, уæдта алли сувæллон дæр хецæнæй.)* «Сурх дзиуарæ» ке дарæсбæл фæууй федаргонд?

**С.** Дохтури дарæсбæл.

**Гъ.** Ци фæууй дохтури дарæсбæл федаргонд? «Сурх дзиуарæ»–дзорунцæ еумæ сувæллæнттæ.

**II Сюж./гъазт «Дохтур»**

**Гъ**. Мадта мах дæр ан дохтуртæ. Равзаретæ саст гъазæнтæ. Циуавæр гъазæн райстай, Сослан?

**С**. Æз райстон арс.

**Гъ**. Ци гъæуагæ æй арс, æркæсай лæмбунæг.

**С**. Къах.

**Гъ**. Арсæн ес дзæмбу, гъазæн киндзæн ба – къах. Ци райстай, Ирæ, ду ба?

**И.** Тæрхъос.

**Гъ**. Ци гъæуагæ æй дæ тæрхъос?

**И**. Цæстæ ибæл нæййес.

**Гъ**. Ду ба, Светæ, ци райстай?

**С**. Къæбис.

**Гъ.** Дæ къæбис ци гъæуагæ æй?

**С**. Гъос.

**Гъ**. Сабийтæ, къох, къах, дзæмбу, гъос, цæстæ – етæ æнцæ адæймаги æма цæрæгойти иуæнгтæ. Зæгъайтæ, ци ес гъазæн киндзæн? Арсæн ба?

**С.** Гъазæн киндзæн – къохтæ, къæхтæ, цæсгон. Арсæн – къембур, дзæмбу, гъунгун цар.

***Ихæслæвæрд.*** Алкедæр уи, къелабæл ци къопп лæууй, уоми иссерæд, æ гъазæн ци иуонг гъæуагæ æй, уой. *(Сувæллæнттæ агорунцæ, ка иссеруй, е ба æй гъомбæлгæнæгмæ бахæссуй.)*

**Гъ.** Мах дохтуртæ ан. Ирæ, дæ гъазæн киндзæн ци сдзæбæх кодтай?

**И.** Сдзæбæх ин кодтон æ къах.

**Гъ**. Сослан, радавæ гъазæн киндзи къах.

**С.** Мæнæ æ къах. (*Райæвардта гъомбæлгæнæгмæ.)*

**Гъ.** Светæ, къæбиси гъос иссердтай?

**С.** Мæнæ къæбиси гъос.

**Гъ**. Къæбиси гъос гъæуй банихасун. *(Гъомбæлгæнæг санс æркодта гъосбæл æма ’й сувæллон банихаста.)*

**Гъ.** Дæ къæбисæн, Светæ, ци радзæбæх кодтай?

**С.** Æ гъос ин радзæбæх кодтон.

*(Уотæ алли сувæллон дæр гъомбæлгæнæги æнхусæй «дзæбæх кæнуй» æ гъазæн.)*

**III. Гъ.** Еугурæй дæр мæнæ аци стъолбæл æвæрæн нæ гъазæнтæ. Хъæбæр хуарз дохтуртæ ан. Куд хуарз «радзæбæх кодтан» нæ гъазæнтæ. Нур нæ гъазæн киндзæн ес къохтæ æма къæхтæ. *(Сувæллæнттæ дæр дзорунцæ гъомбæлгæнæги фæсте.)*

**С.** Киндзæн ес къохтæ æма къæхтæ.

**Гъ**. Цал къахи ес гъазæн киндзæн? Махæн ба? (*Сувæллæнттæ дзуапп дæдтунцæ алли фарстæн дæр.*)

*(Гъомбæлгæнæг амонуй арси дзæмбумæ.)*

**Гъ.**Арсбæлдæркъохтæес?(*Кунæзононцæдзуапп,уæдгъомбæлгæнæг æхуæдæг дзоруй.*) Арсбæл ес дзæмбу. Зæгъайтæ:»Дзæмбу».

**Гъ**. Цал дзæмбуй ес арсбæл? Ранимайæн сæ.

*(Гъомбæлгæнæг æма сувæллæнттæ нимайунцæ, арсбæл цал дзæмбуй ес, уой.)*

**С.** Арсбæл ес цуппар дзæмбуй.

**Гъ**. Еу хатт ма сæ ранимайæн: еу, дууæ, æртæ, цуппар.

*(Гъомбæлгæнæг æма сувæллæнттæ ба еумæ дзорунцæ: «Арсбæл ес цуппар дзæмбуй; цуппар дзæмбуй...»)*

**Гъ.** Сабийтæ, къæбисæн ба ци радзæбæх кодтан?

**С**. Æ гъос.

**Гъ.** Цал гъоси ес къæбисбæл?

**С**. Дууæ гъоси.

**Гъ.** Заремæ, ду ба дæ тæрхъосæн ци сдзæбæх кодтай?

**С**. Æ цæстæ ин исдзæбæх кодтон.

**Гъ**. Цал цæсти ес тæрхъосбæл? *(Нимайунцæ бабæй еумæ: еу, дууæ)*

**С**. Дууæ цæсти.

**Гъ.** Цал дзæмбуй ес куййæн, арсæн, тæрхъосæн?

*(Сабийтæ еугай нимайунцæ.)*

**VI Гъазт. «Бауæри хæйттæ цалгæйттæ æнцæ?»**

**Гъ**. Сувæллæнттæ, æз уин амонун бауæри хæйттæ, сумах ба дзоретæ æма амонетæ, цалгæйттæ æнцæ, уой. Мæнбæл ес еу сæр, дæубæл ба, Светæ?

**Св.** Мæнбæл дæр ес еу сæр.

**Гъ**. Мæнбæл ес дууæ къахи, дæубæл ба, Фатимæ?

**Ф**. Мæнбæл дæр ес дууæ къахи. (*Уотæ, алли сувæллон дæр дзоруй æма амонуй, бауæри хæйттæ цал æнцæ, уой.)*

**Гъ.** Зæрдæрохс уотæ, сувæллæнттæ, гъазæнтæ сдзæбæх кодтан æма сæ нур бугътæмæ нæбал рагæлдздзинан. Фудуаг биццеумæ дæр сæ нæбал ратдзинан. Уадзæ æма мæнæ гъазæнти уати цæронцæ сæ иннæ «æмбæлтти» хæццæ.

Хуæрзбон. Нæ иннæ фембæлд дæр тагъд уодзæнæй.

## *11-аг ахури усмæ*

**Темæ: «Гъазæнтæ»**

**Нисан**:

– Зонгæ кæнун сувæллæнтти, ци гъазæнтæ нæмæ ес, уони хæццæ.

– Ахур кæнун номдар еууон нимæдзæй берæуон нимæдзæмæ æйййевунбæл æвдесуйнаг æрмæги фæрци фæрститæ кæми? цæми?-æн дзуапп дæттун, пайда кæнун бацеу-бацеутæй.

Номæййевæг: мæнмæ – дæумæ-й пайда кæнун.

**Дзурдуат**: гъазæнтæ, стъолбæл, тæрхæгбæл, скъаппи буни, къоппи, устур, минкъий.

**Æнхусадон æрмæг**

**Æвдесунмæ**: гъазæн машинттæ, гъазæн киндзæ, тæрхъос, арс æма тикиси хузтæ, къозо.

**Ахури цуд**

**1. Гъ.** Уæ бон хуарз. Сувæллæнттæ, базонайтæ, мæ къохи циуавæр гъазæн ес, уой.

**Гъ**. Æй æ гъун − фæлмæн, хæмпос,
Хъоппæгъ цæстæ, хъел − æ гъос,
Цъæх − сæрди, зумæги − уорс!
Е ци æй цума?

**С.** Тæрхъос.

*(Сувæллæнттæн зин ку уа дзуапп иссерун, уæд син гъомбæлгæнæг æхуæдæг зæгъуй.)*

**Гъ**.Рахæссетæ гъазæнти къумæй тæрхъос æма зæгъетæ: «Аци тæргъос цæййасæ æй?»

**С.** Устур.

**Гъ**. Цихузæн æй тæрхъос?

**С**. Тæрхъос æй уорс.

**2. Гъ.** Сувæллæнттæ, барæвдауетæ тæрхъоси, ра ин заретæ. *(Гъомбæлгæнæг фиццаг заруй æхуæдæг, уæдта еумæ сувæллæнтти хæццæ.)*

Дæ гъун, тæрхъос –
Фæлмæн, хæмпос.
Дæ рехæ – даргъ, гъосæй − хъелхъос,
Æрцо нæмæ, æрцо, тæрхъос (*2 хатти).*

*(Гъомбæлгæнæг æма сувæллæнттæ тæрхъоси куд рæвдаунцæ, уой æвдесунцæ.)*

**Гъ**. Сувæллæнттæ, мæнæ аци къозо дæр æй гъазæн. Кæсайтæ, къозойæй куд гъазун гъæуй. (*Дзоруй æма æвдесуй.)*

**Æзм/гъазт**

Футболисттæ:
Дуаргæс къозо низзурдта,
«Размæ цотæ» − исдзурдта…

Нæ командæ истæх уй, –
Къозо хизи батæхуй.
Æрдзæф кæнтæ нæ голæн,
Тухгин къуари æмболæн…

*Къибирти Амурхан*

*(Гъомбæлгæнæг зæгъуй сувæллæнттæн, цæмæй алкедæр райса ести гъазæн.)*

**3.** Батраз, циуавæр гъазæн дæмæ ес?

**Б**. Мæнмæ ес арс.

**Гъ**. Кæцæй райстай гъазæн арс?

**Б.** Къоппæй.

**Гъ**. Арс райстай къоппæй, зæгъай ма'й еу хатт.

**Б.** Арс райстон къоппæй.

**Гъ**. Светæ, кæми бадуй гъазæн киндзæ?

**Св.** Киндзæ бадуй къелабæл.

**Гъ.** Аринæ, ду ба аци тæрхъос кæцæй рахастай?

**Ар**. Тæрхъос рахастон стъоли бунæй.

**Гъ**. Ци ма ес нæ гъазæнти къуми?

**С.** Берæ гъазæнтæ.

**Гъ**. Раст дзоретæ, сабийтæ, машинæ, арс, тæрхъос, гъазæн киндзæ, къозо – етæ еугурæй дæр æнцæ гъазæнтæ. Берæ гъазæнтæ. (*2 хатти дзорунцæ сувæллæнттæ – берæ гъазæнтæ.)*

**5. Дзурдтæй гъазт «Еу – берæ»**

**Гъ**. Мæнмæ ес еу гъазæн. Сувæллæнттæ, сумахмæ ба?

**С**. Махмæ берæ ес гъазæнтæ.

**Гъ.** Колямæ ес машинæ. Мæнæ стъолбæл ба ес ци?

**С.** Машинттæ.

**Гъ**. Мæнмæ ес къозо. Уæртæ къуми ба ци ес?

**С**. Къозотæ.

**Гъ.** Хуарз базудтайтæ дзурдтæ *еу* æма *бери* нисанеуæг. Гъазæнтæ мах гъазунмæ гъæунцæ. Уæ цæрæнбон берæ, сувæллæнттæ, иннæ ахури усми уæ базонгæ кæндзæнæн æндæр гъазæнти хæццæ.

## *12-аг ахури усмæ*

**Темæ: «Зумæг нæ тургъи»**

**Нисан**:

– Ахур кæнун сувæллæнтти фæрститæн æнæгъæнæ гъудиæдтæй дзуапп дæттунбæл.

– Архайун номдар, миногон æма миуæвдесæгæй гъудиади медæгæ пайда кæнунбæл.

– Муртæ **къ, тъ, гъ** раст дзорунбæл ахур кæнун сувæллæнтти.

– Æрдзи рæсугъддзийнæдтæмæ сабийти æргом æздахун, архайун, цæмæй сæ алфамбулай æрдзæ бауарзонцæ.

**Дзурдуат**: мет тайуй, уазал, уазалдæр, зеллаг, цуппаркъумон, æртикъумон, армитъæпæн.

**Æнхусадон æрмæг**

**Æвдесунмæ**: геометрион фигуритæ, сюжетон хузæ «Зумæг нæ тургъи»; алли сувæллонæн дæр – фæйнæ æртæ тумбулæги.

**Рагагъонмæ куст.** Исаразун сæрмагонд экскурситæ æрдзи гъæбесмæ. Зумæг æрдзи циуавæр æййивддзийнæдтæ æрцæуй, уони амонун. Циуавæр æй мет. Метæй циуавæр гъæзтитæ фæккæнунцæ сабийтæ. Мети гæлæбо æрахæссунбæл райархайун; гъомбæлгæнæг азгъунстмæ бахæссуй тæбæгъи мет, цæмæй сувæллæнттæ фæууинонцæ, куд тайуй, уой.

### Ахури цуд

**Гъ.** Уæ сæумæ хуарз. Зæгъайтæ, сувæллæнттæ анзи афæнттæй кæци æй?

**С.** Зумæг.

**Гъ**. Къæвда уаруй æви хор кæсуй?

**С**. Уаруй мет.

*(Къохти æнгулдзити гимнастикæ.)*

**Гъ**. (*Дзоруй æма амонуй.*)

| | |
|---|---|
| Мет, рауарæ, мет, рауарæ,<br>Искодта биццеу хæдзарæ,<br>Дорин фæрстæ, гъæдин дуар,<br>Пеци арт – хæдзари гъар. | *Къохи æнгулдзитæй уæлдæфи хузæ кæнуй хæдзарæ.*<br>*(2-3 хатти.)* |

**Гъ**. Ци скæнæн ес метæй?

**С**. Хæдзарæ, Метин лæг, мети къубулойнæ *(кæд нæ базононцæ, уæдта гъомбæлгæнæг æхуæдæг дзоруй.)*

*(Сюжетон хузæмæ гæсгæ куст.)*

**1.Гъ**. Æркæсайтæ мæнæ аци хузæмæ (*ковролинбæл федаргонд сюжетон хузæ «Зумæг нæ тургъи».)*

**Гъ**. Алинæ, ке уинис хузи?

**Ал.** Сувæллæнтти.

**Гъ**. (*амонуй кизгæ æма биццеуи хузтæмæ*). Ка 'нцæ мæнæ атæ?

**С**. Кизгæ æма биццеу.

**Гъ.** Ци кæнунцæ кизгæ æма биццеу?

**С.** «Санкæбæл» гурунцæ мети.

**Гъ**. Сувæллæнттæ, «санкæ» дигоронау хонæн цонæгъ. Зæгъæн еумæ – цонæгъ (*2-3 хатти).*

**Гъ.** Метбæл цæбæл гурунцæ кизгæ æма биццеу?

**С**. Цонæгъбæл. *(Домгæ æй æнхæст дзуæппитæ.)*

**Гъ**. Тургъи уаруй мет. Уазал æй æма сувæллæнттæ скодтонцæ… циуавæр дарæс?

**С.** Гъар дарæс. *(Еугай ранимайунцæ дарæстæ.*)

**Гъ.** Тургъæмæ ку рацæуæн, уæд цæмæй гъаздзинан?

**С**. Мети къубулæнттæй.

**1. Гъазт «Мети къубулæнттæ»**

**Гъ.** Исуазал æнцæ нæ къæхтæ, нæ къохтæ æма сæ рагъар кæнæн. (*Сабийтæ, цума мети къубулæнттæй гъазунцæ, уæхæн æзмæлдтитæ кæнунцæ æма дзорунцæ гъомбæлгæнæги хæццæ.)*

Къæхтæй кæнæн сæп-сæп-сæпп.
Иннердæмæ – гæп-гæп-гæпп.
Къохтæй кæнæн æм-æрдзæф,
Хæлхъой æрдзæф нæ – æмцæф.

**Гъ**. (*идардæр амонуй хузæмæ).* Геор, мæнæ аци биццеу ци косуй?

**Геор**. Аразуй «снеговик».

**Гъ**. «Снеговик» дигоронау хонæн «Метин лæг» (*еумæ дзорæн 2-3 хатти*). Цæмæй аразунцæ Метин лæг?

**С.** Метæй.

*(Домгæ æй æнæгъæнæ гъудиадæ аразун.)*

**Гъ**. Метин лæг аразунцæ метæй. Метæй искæнунцæ… ци?..

**С.** Къубулæнттæ.
**Гъ**. Цал къубулойни искодта биццеу?
**С.** Æртæ. (*Гъæуй æнхæст дзуæппитæ.*)
**Гъ**. (*амонуй Метин лæгæн æ финдз, æ цъух, æ цæститæмæ)*. Ци ма ин искодта Метин лæгæн?
**С.** Цæститæ, финдз, гъæлæс, къохтæ.
**Гъ.** Цæмæй сæ искодта, уой уин радзорон.

**Метин лæг**

Унги «киндзæ» – Метин лæг,–
Кæсуй арвмæ æдзинæг..
Æй æ ходæ фусдзарæй,
Уорс бецъо æздухт даруй.
Сау цæститæй ирд кæсуй,
Сах ирдгитæй нæ тæрсуй.
Тъæфил мет ибæл уаруй,
Æхе меднимæр заруй.

*Къибирти Амурхан*

*(Гъомбæлгæнæг сувæллæнтти дæр æ хæццæ дзорун кæнуй æмдзæвги дзурдтæ.)*

**1. Гъазт «Исаразæ Метин лæг»**

**Гъ**. Аразун геометрион фигуритæй Метин лæгтæ. Гъæуама алли сувæллон дæр равзара, циуавæр геометрион фигурæ гъæуй Метин лæг искæнунмæ, уой. Ка нæ арæхса, уомæн гъæмбæлгæнæг æхуæдæг æнхус кæнуй.
*(Уæдмæ кадæр «къæразгæ æрбахуайуй», къурц – къурц цæуй.)*
**Гъ.** Кадæр нæмæ къæразгæ хуайуй. (*Байгон кодта къæразгæ æма райста Метин лæг. Стъолбæл æй æрæвæруй.)* Ка нæмæ æрбацудæй, сувæллæнттæ, иуазæгуати?
**С**. Метин лæг.
**Гъ.** Цæмæй арæзт æй?
**С.** Метæй.
**Гъ**. Бамбæлайтæ Метин лæгбæл: циуавæр æй?
С. Метин лæг æй уазал.
**Гъ**. Нур ба бамбæлайтæ уæхе конд метин лæгтæбæл. Зæгъайтæ, кæци Метин лæг уазалдæр æй? (*Дзуæппитæ.)*
**Гъ**. Цума цæмæн? Дессаг, аци дон ба кæцæй æй? Æнгъæлдæн, нæ

Метин лæг тайуй. Цæмæн райдæдта цума тайун Метин лæг?
**С.** Нæ азгъунсти гъар æй. Гъари мет тайгæ кæнуй.
*(Алли сувæллони арми дæр мети тæпп, æрмттæ æрбангон кодтонцæ, уæдта сæ байгон кодтонцæ æма кæсунцæ сæ къохтæмæ.)*
**Гъ.** Светæ, ци ес дæ къохи?
**Св**. Мет.
**Гъ**. Хетæг, дæуæн ба дæ мет ци фæцæй?
**Х.** Ниттадæй мæ къохи.
**Гъ.** Гъари æцæгæйдæр мет тайгæ кæнуй. Тагъд уæ дарæс ракæнетæ æма Метин лæги тургъæмæ хæссетæ, цалинмæ бунтон нæ ниттадæй, уæдмæ.

## *13-аг ахури усмæ*

**Темæ: «Нæзи бæласæ» (Елкæ)**
**Нисан:**

− Схемæмæ гæсгæ зонун цубур радзурдтæ аразун гъомбæлгæнæги фæрстити æнхусæй гæсгæ. Ци æй? Цихузæн æй?

− Дзоргæ гæнгæй, пайда кæнун номдартæ æма миуæвдесгутæй.

− Муртæ кæдзос æма раст дзорунбæл ахур кæнун дзурдтæ æма æмдзæвгити фæрци.

− Сувæллæнтти дзурдиуаг гъæздугдæр кæнун нæуæг дзурдтæй.

− Цæмæдесæй дзорун нæзи бæласи туххæй.

**Нæуæг дзурдтæ**: къæс-къæс кæнуй, хъис-хъис кæнуй, цъæх-цъæхид къалеу, нæзи бæласæ, бæгънæг.

**Æнхусадон æрмæг**

**Æвдесунмæ**: дзæкъолæ аллихузон хæзнати хæццæ, гъазæн киндзæ.

**Иуарунмæ**: нæзи бæласи хузæ. Схематикон хузтæ, гæгъæди фæндаг аразунмæ.

## Ахури цуд

**1. Ӕнгулдзитӕй гъазт «Мет уаруй»**

**Гъ.** Уӕ бон хуарз, сувӕллӕнттӕ. Ацибон ӕй уазал. Хор ӕхе баримахста мегъти фӕсте, фал мах уазал нӕ ан. Сувӕллӕнттӕ, цӕмӕннӕ ан уазал? *(Аллихузон дзуӕппитӕ дӕттунцӕ.)*

**Гъ**. Раст зӕгъетӕ. Гъар нӕ даруй нӕ дарӕс. Равдесайтӕ, мет ба куд фӕууаруй, уой.

*(Сувӕллӕнттӕ ӕвдесунцӕ къохи ӕнгулдзитӕй, метин гӕлӕбо куд зелдогъ кӕнуй уӕлдӕфи, уой, уӕдта дзорунцӕ гъомбӕлгӕнӕги хӕццӕ ӕмдзӕвги рӕнгъитӕ.)*

Мет. Уорспакъу гӕлӕботӕ
Ракафунцӕ уӕлдӕфӕй,
Ахӕссунцӕ сӕ лӕпботӕ
’Ма кизгуттӕ хӕлӕфӕй.
*Скъодтати Эльбрус*.

**2. Гъ**. Ацибон мӕмӕ постхӕссӕг равардта мӕнӕ аци устур конверт. Байгон ӕй кӕнӕн, фӕйуинӕн, цума си ци ес. *(Гъомбӕлгӕнӕг байгон кодта конверт, исиста си хузтӕ ӕма сӕ амонӕн фӕйнӕгбӕл еугай бафедар кодта.)*

*1 хузӕ*

**Гъ**. Зӕринӕ, ци уинис аци хузи?

**З.** Метин гӕлӕбо.

*2 хузӕ*

**Гъ**. Алинӕ, ду ба ци уинис мӕнӕ аци хузи?

**А**. Бӕлӕстӕ. (*Агоруй (гъомб.) ӕнхӕст дзуӕппитӕ.*)

*3 хузӕ*

**Гъ**. Хетӕг, ду ба аци хузи ци уинис?

**Х**. Пӕлито, батинкитӕ, хъурбӕттӕн.

**Гъ**. Еу дзурдӕй сӕ куд исхонӕн ес? *(Дарӕс.)*

*4 хузӕ*

**Гъ**. Ду ба, Олег, ци уинис аци хузи?

**О.** Цонӕгъ, хӕдзарӕ, Метин лӕг.

*(Гъомбӕлгӕнӕг ма еу хатт амонуй дуккаг хузӕмӕ.*)

**Гъ**. Ци уинетӕ, сувӕллӕнттӕ, аци хузи?

*(Сувӕллӕнттӕ еумӕ дзуапп дӕдтунцӕ, бӕлӕстӕ, зӕгъгӕ.*)

**Гъ**. Алик, ци хузӕн бӕлӕстӕ ес хузи?

**Алик**. Сау, цъæх.
**Гъ**. Цъæх бæласæ ба куд исхонæн ес?
**С.** Елкæ.
**Гъ**. «Елкæ», сувæллæнттæ, дигоранау хуннуй *нæзи бæласæ*. Еу хатт ма зæгъæн – нæзи, нæзи бæласæ. (*Амонуй хузтæмæ.)*
**Гъ**. Анзи афæнттæй нæмæ кæци æй?
**С**. Зумæг. *(Гъæуй æнхæст дзуæппитæ.*)
**Гъ**. Бæлæстæ «раластонцæ» сæ «дарæс». Лæуунцæ бæгънæгæй, зæгъæн еумæ: «Бæлæстæ зумæг лæуунцæ бæгънæгæй».
**Гъ**. Нæзи ба цихузæн æй?
**С.** Нæзи æй цъæх.
**Гъ**. Бонигъæдæ ба циуавæр æй?
**С**. Бон æй уазал.
**Гъ**. Нæ уæле ци скæнæн уазал бони?
**С.** Гъар дарæс. *(Æнхæст дзуапп агурдæуй сабийтæй.*)
**Гъ**. (*Амонуй хузæмæ).* Сувæллæнттæ тургъи цæмæй гъазунцæ?
**С.** Мети къубулæнттæй, гурунцæ цонæгътæбæл, аразунцæ Метин лæгтæ, хæдзæрттæ.
**3. Гъазт «Мети къубулæнттæ».**
**Гъ.** Сувæллæнттæ, ескæд фегъустайтæ, Метин гæлæботæ къахи буни куд зарунцæ, уой?
*(Гъомбæлгæнæг искодта гæгъæдиæй фæндаг, хъумацæй æй бамбарзта, сувæллæнттæй алкедæр бацæуй гæгъæдин фæндагбæл еу кæронæй иннемæ, сæ къахдзæфти унæрмæ лæмбунæг игъосунцæ, уотемæй.)*
**Гъ.** Куд зарунцæ Метин гæлæботæ уæ къæхти буни? Байгъосетæ сæмæ лæмбунæг. Еу хатт ма бацотæ фæндагбæл. Куд зарунцæ? *(Сувæллæнттæ аллихузон дзуæппитæ дæттунцæ.)*
**Гъ**. Рафæнзæн сæ еумæ.
Къæс-къæс-къæс-къæс – гæлæбо,
Хъист-хъист-хъист-хъист – хæмпос мет.
Къæс-къæс-къæс-къæс-гæлæбо,
Хъист-хъист-хъист – хъист – хæмпос мет.
*(2-3 хатти дзорунцæ еумæ.*)
*(Цидæр «унæр» фæццудæй. Гъомбæлгæнæг рахаста гъазæн киндзæ.)*

**Гъ**. Мæнæ нæмæ Мадинæ еуварсæй кастæй. Цидæр уæззау хæссуйнаг имæ ес *(амонуй дзæкъолæмæ.)*

**4. Гъазт «Бацеу-бацеу, ци ес дзæкъоли?»**

*(Сувæллæнттæн еугай есун кæнуй дзæкъолæй предметтæ æма син етæ дзорунцæ сæ нæмттæ, уæдта, цæмæн гъæуунцæ, уой.)*

**Гъ**. Алик, ци исистай дзæкъолæй?

**Алик.** Минкъий гъазæн тæрхъос.

**Гъ**. Ду ба, Заремæ, ци исистай дзæкъолæй?

**З.** Гъазæн арс.

**Гъ**. Оксанæ, ду ба ци исистай дзæкъолæй?

**О**. Фæрдгутæ. *(Алли сувæллонæн дæр дзурди барæ лæвæрд æрцæуæд.*)

**Гъ**. Гъазæнтæ нин цæмæн æрбахаста Мæдинæ, уой базондзинан нæ иннæ ахури усми. Нур ба ма мæнæ аци нæзи бæласæмæ æркæсæн. Цихузæн æй нæзи?

**С.** Цъæх.

**Гъ.** Æ къалеутæ æнцæ цъæх-цъæхид. Зæгъæн еумæ: «Нæзи бæласæн ес цъæх-цъæхид къалеутæ». *(2-3 хатти.)*

Заманæй рæсугъд цъæх нæзи бæласæ. Бафедар æй кæнæн мæнæ нæ амонæн фæйнæгбæл æма ин разарæн. Байгъосетæ бал мæнмæ, уæдта еумæ ракæнæн зар «**Нæзи бæласæ».**

Цъæх бæласæ, зад бæласæ,
Нæуæг Анзи æвдесæн.
Æ фæууинд нин − цийни хуасæ,-
Зæрдæмæ ’й хæстæг есæн.

*(2 хатти.)*

**Гъ**. Цæуæн нур ба тургъæмæ æма нæхе раефхæссæн.

## *14-аг ахури усмæ*

**Темæ: «Нæуæг анзи бæрæгбон»**

**Нисан:**

− Нæуæг анзи æрцудмæ ахур кæнун æмдзæвгитæ æма зартæ.

− Ахургæнæги фæрститæн æнхæст гъудиæдтæй дзуапп дæдтунбæл косун.

– Фæрститæ **кæцæй? цæмæн? цæбæл?** – æн дзуæппитæ дæдтун зонун.

– Муртæ **цъ, хъ, къ** сугъдæг дзорунбæл архайун.

**Нæуæг дзурдтæ**: уорсрехæ баба, лæвæрттæ, æрттевагæ, хæрдгæ хæлттæ, стъалу, бæласи цъопп, бæрæгбон, Нæуæг анз.

**Æнхусадон æрмæг**

**Æвдесунмæ:** нæзи бæласæ, гъазæнтæ, бæмпæг, дзæкъолæ аллихузон лæвæртти хæццæ.

**Ахури цуд**

**1. Гъ**. Уæ сæумæ хуарз. Байгъосетæ мæмæ лæмбунæг, сувæллæнттæ, æма базонетæ, мæ къохи ци ес, уой.

**Бацеу-бацеу.**

Æй уазал æма кæдзос,
Хузæй-хузæмæ – сæнтуорс.
Е ку уа, – нæ кæнæн хед,
Ци хуннуй æ ном ба?

*(Мет.)*
*Скъодтати Эльбрус*

**Гъ**.Нуртæккæ анзи афæнттæй кæци æй?

**С**. Зумæг.

**Гъ.** Зумæг ба ци фæеууаруй?

**С.** Мет.

**Гъ**. Мет цихузæн æй?

**С.** Мет æй уорс, уазал, хæмпос, фæлмæн.

**Гъ**. Фæндуй уæ фæеууинун, мæ къохи ци ес, уой?

**С.** Гъо, фæндуй нæ.

(*Гъомбæлгæнæг байгон кодта æ æрм*.)

**Гъ**. Мадта мæ къохи ци ес, сувæллæнттæ?

**С**. Ватæ.

**Гъ**. «Ватæ» дигоронау хуннуй – бæмпæг. Зæгъæн æй еумæ – бæмпæг *(2-3 хатти уæдта алли сувæллон дæр æ арми æвæруй бæмпæги морæ.)*

**Гъ.** Цихузæн æй бæмпæг?

**С.** Уорс.

**Гъ**. Циуавæр æй бæмпæг?

**С**. Фælмæн, хæмпос.
**Гъ**. Гъар æй æви уазал? Рæуæг æй æви уаззау?
**С.** Гъар. Рæуæг. (*Агоруй си æнхæст дзуапп.*)
**Гъ**. Бафу кæнайтæ уæ бæмпæги мортæбæл, цума мети гæлæботи хузæн ратæхдзæнæнцæ.
**С.** Фу-фу-фу (*бæмпæги мортæ фæйнердæмæ тæхунцæ*).
**Гъ.** Ци фæцæнцæ бæмпæги мортæ? (Ратахтæнцæ.)
**2. Æз/гъазт.**
Уорс хæмпос гæлæбо
Арвæй мæмæ тахтæй.
Ракодтон ин «гæбо», –
Мæ росбæл ратадæй.
*Скъодтати Эльбрус.*
*(Сабийтæ гъомбæлгæнæги дзурдтæ фæлхат кæнунцæ æма мети гæлæботау, зелдогъ кæнунцæ сæ медбунати.)*
**3. Гъ.** Нæ нæзи бæласæ уати астæу лæууй, махмæ æнгъæл кæсуй. Еу хатт ма зæгъайтæ, нæзи бæласæ цихузæн æй? Фæмми иронх æй.
**С.** Цъæх.
**Гъ**. Фæндуй уæ, æма нæ нæзи бæласæ бæрæгбони арæзт искæнæн?
**С**. Гъо, фæндуй нæ.
**Гъ**. Æрæги Мæдини дессаги дзæкъоли ци гъазæнтæ иссердтан, уонæй æй исрæсугъд кæнæн. Сослан, радавай скъаппæй къопп.
*(Сувæллон рахаста гъомбæлгæнæгмæ къопп, е æй байгон кодта.)*
**Гъ**. Сабийтæ, еугай есетæ гъазæнтæ æма сæ ауиндзетæ нæзи бæласи къалеутæбæл, сæ нæмттæ син дзоретæ, уотемæй. Ирæ, ци æрауигътай нæзи бæласи къалеубæл?
**Ирæ.** Фæрдгутæ. (*Æнæгъæнæ гъудиæдтæй дзуапп радтунбæл архайæнтæ сабийтæ.)*
**Гъ.** Казик, ду ба ци ниссадздзæнæ нæзи бæласи цъонгбæл?
**К**. Ниссадздзæнæн æстъалу. (*Сабийтæ æнхæстæй фæрститæбæл дзуапп дæдтунтæ.*)
**Гъ**. Кæсайтæ мæнæ аци æрттевагæ хæрдгæхудтæмæ дæр, ауиндзун сæ бæласи къалеутæбæл. Куд рæсугъд æрттевунцæ. Зæгъæн бабæй еумæ: «Стъалу æрттевуй бæласи цъонгæй! *(2-3 хатти.*)

*(Гъомбæлгæнæг лæдæрун кæнуй дзурдтæ: æрттевагæ, хæрдгæхудтæ æма æрттевуй цъонгæй стъалу. Алли сувæллон дæр гъæуама æ гъазæни ном зæгъа æма ’й æрауиндза нæзий къалеубæл.)*

**Гъ**. Кæсайтæ, куд æрттевуй нæзи бæласæ. Алик, радавай бæмпæги гæппæл.

*(Гъомбæлгæнæг æма сувæллæнттæ бæмпæгæй гæппæлтæ тонунцæ æма ’й нæзи бæласи къалеутæбæл рауанæй-рауæнти æвæрунцæ.)*

**Гъ.** Нæзи бæласæ бæрæгбони хузæ райста. Нур ин нæ зар кæронмæ ракæнæн.

**4. Зарунцæ еумæ:**

**«Нæзи бæласæ»**

Цъæх бæласæ, зад бæласæ,
Нæуæг æнзи æвдесæн.
Æ фæууинд нин − цийни хуасæ,–
Зæрдæмæ ’й хæстæг есæн.

Æнай-æной æрбакастæй
Метин Баба нæ дуарæй.
Æ лæвæрттæ – сæдæ къæссай–
Рæдау къохтæй иуаруй.

(*Сабийтæ «Нæзи бæласи» аллифарс зелунцæ æма зарунцæ.)*

**Гъ.** Кæсайтæ, мæнæ Уорсзакъи лæвæрттæ æрбахъæрттæнцæ. Сабийтæ, «Нæзи бæласи» зæрдæмæ æ рæсугъд дарæс фæццудæй. Уорсзакъæн ба нæ зар æ зæрдæмæ фæццудæй æма уин мæнæ бæрæгбони лæвæрттæ æрбарвиста.

**Гъ.** Ахури сахати фæсте байгон кæндзинан дзæкъолæ. Нур ба бал ин хуæрзбон зæ-гъетæ.

## *15-аг ахури усмæ*

**Темæ: «Зумæг æма цæрæгойтæ».**

**Нисан**:

– Бафедар кæнун сувæллæнтти зонундзийнæдтæ зумæгон æрдзи æйййивдзийнæдти туххæй.

– Æрдзорун, зумæг цæрæгойтæ сæхе куд дарунцæ, уобæл: ци хуæрунцæ æма зумæгеуат кæми кæнунцæ.

– Исæвзæрун кæнун сувæллæнтти зæрди уарзондзийнади æнкъарæнтæ цæрæгойтæмæ.

**Нæуæг** дзурдтæ: æхсæрсæттæг, къотæр, лæгæт, бæласи мура, хункгом, фæлмæн.

**Æрмæг:** сюжетон хузæ «Зумæг гъæди», арс, тæрхъос æма æхсæрсæттæги хузтæ, кенæ ба гъазæнтæ.

**Рагагъонмæ куст:** бавдесун æма æрдзорун цæрæгойти зумæгеуат кæми кæнунцæ, еци бунæттæбæл.

**Ахури цуд**

**Æнгулдзитæй гъазт «Мет уаруй».**

**Гъ.** Уæ бон хуарз, сувæллæнттæ. Нуртæккæ æй зумæг. Тургъи уаруй мет. Æй уазал. Нæ гъазæнтæ æнцæ гъар авари. Цæмæй мах дæр гъар уæн, уой туххæй нæ уæле ци скодтан?

**С.** Пæлито, гъар хæлаф, гъар ходæ, гъар батинкитæ. *(Еугай дзорунцæ сабийтæ зуймон дарæси нæмттæ).*

**Гъ.** Кæми адтæй дæуæн гъар дарæс, Алан?

**А.** Мæ мадæ мин сæ балхæдта.

*(Кадæр дуар æрбахуаста.)*

**Гъ.** Мæнæ бабæй нæ гъазæн киндзæ Мæдинæ. Циуавæр дарæс искодта Мæдинæ дæр?

*(Сувæллæнттæ еугай нимайунцæ гъазæн киндзи дарæстæ).*

**Гъ.** Еу дзурдæй ба сæ хонæм зумæгон дарæс.

(*Гъонбæлгæнæг домуй сабийтæй æнхæст гъудиæдтæй дзуæппитæ.)*

**Гъ.** Циуавæр дарæс искодта гъазæн киндзæ?

**С.** Мæдинæ скодта зуймон дарæс.

**Гъ.** Мæдинæн дæр æма махæн дæр, сувæллæнттæ, тас нæ ’й уазæлæй. Мæнæ цидæр финст равардта нæ гъазæн киндзæ. *(Гъонбæлгæнæг байгон кодта конверт, исиста гъæгъæдибæл финст æма кæсуй бацеу.)*

Гъæдрæбун цæруй,
Кæрцæ даруй уорс
Берæгъæй тæрсуй

**Гъ.** Е ци уа?..

**С.** Тæрхъос.

**Гъ.** Райагорайтæ нæ гъазæнти æхсæн тæрхъос. (*Иссердтонцæ ’й æма ’й гъонбæлгæнæгмæ рахастонцæ).* Циуавæр кæрцæ ес тæрхъосбæл? Уæ къохæй æй радауайтæ. (*Кæд сæ бон нæ уа дзуапп радтун, уæд син гъонбæлгæнæг æнхус кæнуй. Дзоретæ еумæ: фæлмæн, хæмпос, уорс кæрцæ.)* Цæргæ ба, сувæллæнттæ, тæрхъос кæнуй гъæди къотæрти буни.

**Гъ.** Кæми цæруй тæрхъос, зæгъайтæ, сувæллæнттæ?

**С.** (*еумæ дзорунцæ).* Къотæрти буни, гъæди.

*(Гъонбæлгæнæг домуй, цæмæй алли сувæллон дæр зæгъа дзурдбаст къотæрти бун.)*

**Гъ.** Арсен, райсæ тæрхъос æма ’й исæвæрæ тæрхæгбæл иннæ гъазæн тæрхъости хæццæ. (*Сувæллон æнхæст кæнуй гъонбæлгæнæги ихæслæвæрд.) Гъонбæлгæнæг бабæй кæсуй бацеу:*

Гъæди цæруй, уарзуй муд.

Зумæг фунæй кæнуй лæгæти.

**Гъ.** Ци æй е ба? (*Сувæллæнттæ кæд нæ арæхсонцæ, уæд гъонбæлгæнæг æхуæдæг дзуапп дæдтуй æма домуй, цæмæй сувæллæнттæй еске рахæсса гъазæн арс.)*

**С.** Арс.

**Гъ.** Кæми цæруй арс?

**С.** Арс цæруй гъæди.

**Гъ.** Арс, сувæллæнттæ, зумæг фунæй кæнуй мæнæ уотæ *(фæнзуй арси)*: пф-пф-пф. Куд фунæй кæнуй арс?

**С.** Пф-пф-пф. *(Фæнзунцæ сувæллæнттæ дæр, арс куд фунæй кæнуй, уой.)*

**Г.** Арс зумæг ци хæдзари фæффунæй кæнуй, уой хонæн лæгæт *(Æвдесуй лæгæти хузæ).* Куд хонæн арси хæдзарæ?

*(Сувæллæнттæ дзорунцæ еумæ – лæгæт, уæдта еугай дзорунцæ хузæмæ амонгæй: «Арс фунæй кæнуй лæгæти».)*

**Гъ.** Байгъосайтæ идарддæр, айæ ба цума ци æй? Аци цæрæгой дæр цæруй гъæди. Ес ин фæлмæн хæмпос кæдзелæ. Уарзуй æнгозтæ, æхсæртæ. Цæруй бæласи мурай. Сувæллæнттæ, мах уой хонæн æхсæрсæттæг. (*Æвдесуй сувæллæнттæн æхсæрсæттæги хузæ.)* Еумæ зæгъæн – æхсæрсæттæг. Æхсæрсæттæг цæруй бæласи мурай. Зелим, куд хонæн аци цæрæгой?

**З.** Æхсæрсæттæг.

**Гъ.** Фатимæ, кæми цæруй æхсæрсæттæг? (*Гъонбæлгæнæг æхуæдæг æнхус кæнуй сувæллæнттæн дзуапп раттунмæ, домуй, цæмæй æ хæццæ дзоронцæ.)*
**С.** æма **Гъ.** Æхсæрсæттæг цæруй бæласи мурай.
**Гъ.** Иссеретæ мадта гъазæн æхсæрсæттæг дæр æма 'й исæвæретæ тæрхæгбæл иннæ гъазæнти хæццæ. *(Сувæллæнттæ иссердтонцæ гъазæн, зæгъунцæ ин æ ном æма 'й æвæрунцæ тæрхæгбæл.)*
**Гъ.** Зæгъайтæ, сувæллæнттæ, тæрхæгбæл циуавæр гъазæнтæ исæвардтан? Кæми цæрунцæ?
**С.** Тæрхъос, арс, æхсæрсæттæг. Цæрунцæ гъæди.
**Гъ.** Циуавæр кæрцитæ син ес? (*Сувæллæнттæй домуй гъонбæлгæнæг дзуапп дæттун æнæгъæнæ гъудиæдтæй.)*
**С.** Гъар, фæлмæн, хæмпос кæрцæ ес тæрхъосæн.
Гъар хæдзари – лæгæти хуссуй арс.
Гъар, фæлмæн къæдзелæй æхе бамбæрзуй æхсæрсæттæг.
**Гъ.** Нæ гъæди цæрæгойтæ дæр искодтонцæ гъар дарæс, ес син гъар цæрæнбунæттæ æма син нур уазалæй тас нæбал æй. Æз ба зонун æмдзæвгæ æхсæрсæттæги туххæй. Ба ймæ игъосетæ æма 'й багъуди кæнетæ.
Бафæлварун сувæллæнтти хæццæ цуппаррæнгъон еумæ наизусть исахур кæнунбæл:

Æхсæрсæттæг, æхсæрсæттæг –
Ци догъ кæнуй, ци кин кæнуй;
Сæнк – æндзæртти, сæнк – бæрзæндти,
Æ къæдзелæй цъилленг кæнуй.

*Кибирти Амурхан*

Арфæ уин кæнун, сувæллæнттæ, нæ иннæ ахури сахат кæронмæ исахур кæндзинан наизусть. Нур ба рагъазæн:

Г æп-гæп-гæпп – фæнзунцæ тæрхъоси
Сæп-сæп-сæпп – фæнзунцæ берæгъи
Пф-пф-пф – арс фунæй кæнуй – фæнзунцæ арси.

## *16-аг ахури усмæ*

**Темæ: «Хæдзари (æфсийни) косæн дзаумæуттæ.»**
**Нисан**:

– Исфедар кæнун еумæйаг дзурдбаст «Хæдзари (æфсийни) косæн дзаумæуттæ».

– Дзоруни хуæрзгъæдæбæл косгæй, пайда кæнун вазуггин дзурдтæй; фарст цæми? – æн раст дзуапп дæттунбæл арæхсун.

– Муртæ **(с – ц)** раст дзорунбæл архайун.

– Архайун, цæмæй сабийтæ хæдзари косæн дзаумæттæмæ зелонцæ æма сæ сæ бунæтти æвæронцæ.

**Дзурдуат:** цайдан, сæкæрдонæ, цайцумæн къос, тæбæгъ, къурф, уæлæнгай, уедуг.

***Æнхусадон æрмæг***

***Æвдесунмæ***: гъазæн киндзæ æма гъазæн тæрхъос: 3 хаййи конд цайдан; тебæ, цайдан, хъулуф тæбæгъ, гъазæн 2 цайцумæн къоси, пец-макет; стъол куклати уатæй, скъапп.

**Ахури цуд**

**1. Гъ.** Уæ бонтæ хуарз!

*(Кукла гъазæн пеци цори лæууй. Пецбæл тебæ, цайдан. Стъолбæл хъулуф тæбæгъ, скъаппи цайцумæн къостæ.)*

Гъомбæлгæнæг дзоруй Скъодтати Эльбруси æмдзæвгæ:

И тæбæгътæ ’ма и къостæ
Цурд ку байдайуй æхснун,
Рæсугъд фæууй косгæ-косгæ
Уæд Мæдинæ − сæ фусун.

**Гъ**. Хæстæг балæуушæн, сувæллæнттæ, Мæдинæмæ. Ци тухст хузæ ес гъазæн киндзæн.

*(Сувæллæнттæ æма гъомбæлгæнæг кæсунцæ гъазæн киндзæмæ æма, æ алливарс ци дзаумæуттæ ес, уонæмæ.)*

**Гъ.** Ци косуй гъазæн киндзæ Мæдинæ? *(Æфснайуй.*)

**Гъ.** Æз зонун, аци бон гъазæн киндзæмæ иуазæг ке æрбацæудзæнæй, уой. Мæдинæ алли дзаумау дæр æвæруй æ бунати, цæмæй хæдзарæ уа æфснайд.

**Гъ.** (*Гъомбæлгæнæг амонуй тебæмæ* ). Ци æй айæ?

**С**. Тебæ.

**Гъ**. Цæмæн гъæуй тебæ, сувæллæнттæ?

**С.** Къере фицунмæ.

**Гъ**. Тæвдицунд дæр теби фæффицæн?

**С**. Теби ма нана фæффицуй дзол.

**Гъ**. (*Амонуй тæбæгъмæ*). Ци æй айæ ба?
**С.** Тæбæгъ.
**Гъ**. Цæййасæ тæбæгъ æй? Устур, устур хъулуф тæбæгъ. Циуавæр тæбæгъ æй? *(2-3 хатти – хъулуф тæбæгъ.)*
(*Дуар кадæр «хуайуй». Гъомбæлгæнæг ракастæй. Æ къохи гъазæн тæрхъос æма тъорт æрбахаста.)*
**Гъ.** Сувæллæнттæ, айæ Мæдини иуазæг æй. Ци æй? Кæцæй æрбацудæй?
**С.** Тæрхъос. Тæрхъос æрбацудæй гъæдæй.
**Гъ.** Тæрхъос нин тъорт æрбахаста. Тъортти хæццæ ба цай цумун гъæуй. Гъæйдæ, скæнæн цай.
*(Гъомбæлгæнæг гъазæн киндзи æ къохи даруй æма дзоруй.)*
**Гъ**. Мæдинæ тухсуй, цай цæми скæна, уой нæ зонуй. Сумах ба зонетæ, сувæллæнттæ, цай цæми скæнун гъæуй, уой?
**С.** Чайники.
**Гъ.** «Чайник» дигоронау хонæн – цайдан. Еумæ зæгъæн – цайдан.
(*Алли сувæллон дæр хецæнæй дзоруй: «Цай-цайдан-цай-цайдан».)*
*(2-3 хатти ба еумæ дзорунцæ.)*
**Гъ**. Кæми ес цайдан? Равдесайтæ ’й.
**С**. Пецбæл. Мæнæ æй цайдан. *(Равдесунцæ сувæллæнттæ пецбæл цайдан.)*
*(Гъомбæлгæнæг райста цайдан. Æвдесуй ин æ хуæцæн, æ сæр, æ фий.)*
**Гъ**. Айæ æй цайданæн æ хуæцæн, цæмæй нæ къохтæ ма басодзæн, уой туххæй. Айæ æй æ сæр. Цайданæн æ сæр æхгæнун гъæуй. Айæ æй æ фий. Ардигæй кæлуй цай цайцумæн къосмæ.
**Гъ.** (*Амонуй цайдан.*) Айæ ци æй? (*Цайдан.)*
(*Цалдæр хатти сувæллæнттæ еумæ дзорунцæ «цайдан»,зæгъгæ.)*

**2. Д/гъазт «Гъазæн киндзи иуазæги цаййæй фæххинцæн»**

**Гъ**. Исбадун кæнетæ тæрхъос æма гъазæн киндзи. Æз син цай æркæнон цайданæй. Цæмæй ниуаздзæнæнцæ цай?
**С.** Цайцумæн къостæй.
**Гъ**. Кæми æнцæ къостæ? Рахæссетæ сæ.
**С**. Скъаппи. Мæнæ æнцæ. *(Рахæссунцæ сæ цайцумæн къостæ.)*
*(Гъомбæлгæнæг цума цай æркодта къости, уотæ цайдан æркъолæ кодта.)*

**Гъ**. Цæмæй æркодтон къоси цай? (*Цайданæй.)*
**Гъ**. Сувæллæнттæ, ци никкæнун гъæуй цайбæл, цæмæй адгин уа?
**С**. Сæкæр.
**Гъ**. Кæми ес сæкæр? Рахæссетæ.
**С**. Мæнæ сæкæри къос. (*Рахастонцæ сæкæрдонæ.)*
**Гъ**. Сæкæри къос нæ, фал сæкæрдонæ. Зæгъетæ еумæ – **сæкæрдонæ, сæкæр – сæкæрдонæ**. *(2-3 хатти.*)
**Гъ**. (*Тæрхъоси дзæмбу сæкæри ратъунста.)*
Сувæллæнттæ, цайбæл сæкæр къохæй кæнун гъæуй?
**С**. Уедугæй. *(Агоруй æнхæст гъудиæдтæй дзуæппитæ.*)
**Гъ**. Циуавæр уедугæй? *(Минкъий.)*
*(Гъомбæлгæнæг уедугæй æркæнуй сæкæр къоси, æзмæнтуй æй.)*
**Гъ**. Раниуазетæ цай.
*(Сувæллæнттæ гъомбæлгæнæги æнхусæй къохтæй амонунцæ æма дзорунцæ.)*
**С**. Цай æркодтан, уедугæй æй исæзманстан. Ниуазæн цай. Мæнæ ци адгин æй.
**Гъ**. Адгин цай адтæй, сувæллæнттæ? Гъазæн киндзæ æма тæрхъос сумахæн арфæ кæнунцæ. Нур гъазæн киндзæ Мæдинæ зондзæнæй, цай цæми рафицун гъæуй, уой. Сумах ба багъуди кæндзинайтæ, æфсийни скъаппæй ци дзаумæуттæ райсун гъæуй цай цумунмæ, уони.
*(Гъомбæлгæнæг сæ æвдесуй – сувæллæнттæ сæ дзорунцæ: цайдан, уедуг, цай- цумæн къос, сæкæрдони сæкæр.)*
**Гъ.** Не’уазæг тæрхъоси зæрдæмæ нæ цайдан фæццудæй.
**3. Гъазт «Конструктор»**
Сувæллæнттæ аразунцæ цайдан хецæн хæйттæй.
**Гъ**. Ци рæсугъд цайдан искодтайтæ,сувæллæнттæ! Балæвар æй кæнетæ нæ тæрхъосæн. Уадзæ æма гъæди æ бæдæлтти хæццæ алли бон дæр цай цума. Мах дæр ахурти фæсте нæхецæн цай искæндзинан æма мæнæ тæрхъоси лæваргонд тъортти хæццæ ба-цумдзинан.
**Гъ**. Сувæллæнттæ, зæгъетæ «дæ хай берæ» тæрхъосæн.
**С**. Дæ хай берæ, тæрхъос!

## *17-аг ахури усмæ*

**Темæ: «Хуæруйнаг»**

**Нисан:**

– Бафедар кæнун сувæллæнтти гъуди æма дзубандий цай цумæн дзаумæутти нæмттæ.

– Базонгæ кæнун сувæллæнтти хеерхæфсæн гъазти хæццæ «Тики, тики, кæми адтæ?»

– Фæлварун гъазти дзурдтæ дзорун гъомбæлгæнæги хæццæ.

– Архайун фæрститæн æнхæст гъудиæдтæй дзуапп дæттунбæл мурæ **(с)** кæдзос дзорунбæл.

**Дзурдуа**т: инсад, къинсæ, тæмбæл.

**Æнхусадон æрмæг**

**Æвдесунмæ:** гъазæн киндзæ, устур гъазæн тикис, инсади голлагæ, инсадæй конд аллихузон хуæруйнæгтæ, æхсир, фид, кæсалгæ, айкæ, къалбас, къанфет, тъортти хузтæ.

### Ахури цуд

**1. Гъ.** Сувæллæнттæ, нæ гъазæн киндзæ Мæдинæмæ бабæй иуазæг æрбацудæй, æвæдзи.

*(Гъазæнти къуми – гъазæн киндзæ,фингæбæл цайдан, цайцумæн къос, уедуг, сæкæрдонæ.)*

**Гъ**. (*Амонуй фингæмæ).* Ци ’нцæ мæнæ атæ?

**С**. Цайдан, къос, уедуг…

**Гъ**. Цæмæн гъæунцæ аци дзаумæуттæ?

**С.** Цай цумунмæ, цай фицунмæ, сæкæр дарунмæ.

**Гъ**. (*Амонуй гъазæн тикисмæ*). Айæ ба ци æй, сувæллæнттæ?

(*Сувæллæнттæ аллихузон дзуæппитæ дæттунцæ: гино, кисæ, тикис. Гъомбæлгæнæг ба амонуй голлагæмæ.)*

**Гъ.** Мæнæ айæ ба ци æй?

**С**. Дзæкъолæ, голлагæ.

**Гъ**. Геор, бафæрсай тикиси, ци ес æ голлаги?

**Г.** Гино, ци ес дæ голлаги?

**Гъ.** Ду дæр æй бафæрсай, Фатимæ: «Ци ес дæ голлаги?» (*Тикиси бæсти дзоруй гъомбæлгæнæг.)*

**Гъ**. Мæ голлаги ба ес инсад.

Ци ес тикиси голлаги, сувæллæнттæ?

**С**. Инсад. Тикиси голлаги ес инсад.

**2. Хеерхæфсæн гъазт: «Тики, тики кæми адтæ?»**

**Гъ**. Тики инсадæй ци кæнуй, сабийтæ, уой зонетæ? Байгъосетæ мадта.

**Гъ**. Тики, тики, кæми адтæ? *(Тикиси бæсти дæр дзоруй гъомбæлгæнæг.)*

**Тики**. Куройни. Инсади голлагæ мæ рагъи.

**Гъ**. Инсадæй ба ци кæнис,тики?

**Тики.** Гултæ си искæндзæнæн.

**Гъ**. Ке хæццæ сæ хуæрдзæнæ?

**Тики**. Еунæгæй сæ хуæрдзæнæн.

**Гъ**. Еунæгæй сæ ма хуæрæ. Махæн дæр си радтæ.

*(Сувæллæнттæ еумæ дзорунцæ:* **гултæ**. *Гъомбæлгæнæг си домуй æнхæст гъудиæдтæй дзуапп дæдтун фæрститæн.)*

**Гъ.** Зæгъай ду, Мая: «Тики инсадæй искæндзæнæй гултæ».

– Ду дæр, Геор, зæгъæ: «Инсадæй тики искæндзæнæй гултæ». *(Дзорунцæ.)*

**Гъ**. Нана ба инсадæй ци скæнуй?

*(Сувæллæнттæй алкедæр нимайуй, инсадæй конд хуæруйнæгтæй ци зонунцæ, уони.)*

**Гъ**. Инсадæй конд хуæруйнæгтæ багъуди кодтайтæ æви нæ, уой исбæрæг кæндзинан гъазти фæрци.

**3. Д. гъазт «Равзарæ хуæруйнæгтæ».**

***Гъазти медес****:* сувæллæнттæн байуарун аллихузон хуæруйнæгти хузтæ. Равзарун еу къоппмæ инсадæй конд хуæруйнæгти хузтæ. *(Сувæллæнттæ еугай æвзарунцæ хузтæ. Ка рæдуйа, уомæн ба æнхус кæнунцæ еумæ.)*

**Гъ.** Хуарз багъуди кодтайтæ инсадæй конд хуæруйнæгтæ. Инсадæй тикис гултæ кæнун зонуй, гъæйдæ, мах дæр нæхе райахур кæнæн. *(Æвзарунцæ къинсæ кæнуни архайд равдесунбæл. Æма дзорунцæ, ци архайунцæ, уой.)*

Инсад æркалдтан кæхци,
Ба ’й пурх кодтан цæнхæй,
Никкодтан дон инсадбæл,
Уедугæй æй исæзманстан,
Рауадæй нæмæ къинсæ.

**Гъ**. Ци нæмæ рауадæй, сабийтæ? Фæлмæн, хæмпос къинсæ. *(Дзуапп дæдтуй гъонбæлгæнæг æхуæдæг.)*

**С.** Фæлмæн, хæмпос къинсæ. *(Дзорунцæ сабийтæ еумæ).*

**Гъ**. Къинсæй ба кæнæн гул мæнæ уотæ *(еу армитъæпæн иннебæл æвæруй æма еумæ сувæллæнтти хæццæ дзоруй). Гъазти дзурдти автор Дзадзати Р.*

**Гъ.** Мæнæ атæ – еуæрдæмæ,
Мæнæ атæ – иннердæмæ,
Мæнæ атæ гул кæнæн. *(2 хатти)*

**Гъ**. Сувæллæнттæ, нæ гъазæн киндзæ Мæдинæ адгин гултæ кæндзæнæй е'уазгутæн. Нур ба нæхе рарæвдзæ кæнæн æма цæуæн тургъæмæ. Тикис æма бал Мæдинæ дæр нæ хæццæ цæунцæ.

## *18-аг ахури усмæ*

**Темæ: «Дарæс»**

**Нисан**:

– Базонгæ кæнун сувæллæнтти, еумæйаг дзурд «уæледарæс» ци нисан кæнуй,уой хæццæ.

– Архайун гъомбæлгæнæги фæрститæ **кæбæл? цæбæл?-**æн æнæгъæнæ гъудиæдтæй дзуапп дæттунбæл.

– Бафедар кæнун сувæллæнтти дзубандий дзурдтæ: **æгънæг, æфцæкъуатæ, уæледарæс, дус, мурæ (гъ) кæдзос дзорунбæл.**

**–** Сæ уæледарæсмæ зелун ахур кæнун сабийти.

– Архуайун, цæмæй сабийтæ дарæс хуйæгæн арфæ ракæнонцæ.

**Æнхусадон æрмæг**

**Æвдесунмæ:** гъазæн киндзæн уæледарæс: хæдонæ, пæлито, пъолци, хæлаф,дæллаггурæ, кофтæ *(уæллаггурæ),* предметон хузтæ уæледарæсæй.

**Иуарунмæ**: гъазæн киндзи пæлито æнæ æгънæгутæй, хæдонæ æнæ æфцæкъуатæй, пъолци æнæ еу дус.

**Ахури цуд**

**1. Гъ.** Уæ бон хуарз. (*Равдесуй гъазæн киндзæ Мæдини.)* Æрбакæсайтæ, ци конд ес Мæдини уæле, сувæллæнттæ?

**С**. Пъолци.

**Гъ.** Цихузæн пъолци ес Мæдинæбæл? (*Домуй сувæллæнттæй æнхæст дзуæппитæ.)*

**С.** Мадинæбæл ес сурх пъолци.

**Гъ**. *Æ*рбакæсайтæ имæ лæмбунæг. Ци ес Мæдини пъолцибæл? *(Амонуй дзиппæмæ.)*

**С**. Пъолцибæл ес дзиппæ.

**Гъ.** Мæнæ айæ ба ци æй пъолцийæн? *(Æвдесуй дус.)*

**С**. Дус.

**Гъ.** Пъолцийæн ес дзиппæ æма дустæ. Кæбæл ма ес никкидæр пъолци?

**С.** Мæнбæл, мæнбæл. (*Еугай дзорунцæ кизгуттæ.)*

**Гъ**. Мæнæ айæ ба ци æй? *(Гъазæн киндзи скъаппæй райсуй хæдонæ æма æй равдесуй.)*

**С**. Хæдонæ.

**Гъ**. Ци ес хæдонæн дæр? Лæмбунæг имæ æркæсетæ.

*(Сувæллæнттæ дæдтунцæ аллихузон дзуæппитæ: дзиппæ, æгънæг.)*

**Гъ**. (*Æвдесуй æфцæкъуатæ.)* Айæ ба ци æй хæдонæн? Ка ’й зæгъдзæнæй?

(*Сувæллæнттæ дæдтунцæ аллихузон дзуæппитæ.)*

**Гъ.** Айæ хуннуй, сувæллæнттæ, æфцæкъуатæ. Еумæ’й зæгъæн – **æфцæкъуатæ**. *(Уой фæсте ба алли сувæллон дæр хецæнæй дзоруй –* ***æфцæкъуатæ****.)*

**2. Хузтæмæ гæсгæ куст**

*(Гъомбæлгæнæг байуаруй сувæллæнттæн уæледарæси хузтæ. Алли сувæллон дæр дзоруй æ хузи туххæй.)*

**Гъ**. Зæгъæн, мæн хузи ес юбкæ (дæллаггурæ), сау юбкæ, юбкæ (дæллагурæ) даруй кизгæ. Дæуæн ба Юрик, ци ес дæ хузти?

(*Сувæллон дзуапп дæдтун ку нæ зона, уæд ин гъомбæлгæнæг æнхус кæнуй æма си домуй, цæмæй æнхæст дзуапп дæдта. Дзоруй алли сувæллон дæр.)*

**Ю**. Хæдонæ.

**Гъ.** Ци ес хæдонæбæл ба?

*(Сувæллон дзуапп дæдтуй, гъомбæлгæнæг æй æнхæст кæнуй.)*

**Гъ**. Хæдонæбæл ес дзиппитæ, æфцæкъуатæ, дустæ.

**3. Гъазт «Ци гъæуагæ æй дарæс?»**
**Гъ**. Сувæллæнттæ нæ гъазæн киндзæн бахудтонцæ уаледарæс. Мæнмæ гæсгæ си алкæмæн дæр цидæр нæ фагæ кæнуй.
*(Бафедар кæнун уæледарæс амонæн фæйнæгбæл.)*
Пæлитойæн нæййес æфцæкъуатæ æма æгънæгутæ.
Пъолцийæн нæййес еу дус.
Хæдонæн нæййес дустæ.
Гъ. Ци нæ фагæ кæнуй дарæсæн?
*(Сувæллæнттæ аллихузон дзуæппитæ дæдтунцæ.Ггъомбæлгæнæг сæ раст кæнуй.)*
**Гъ.** Мæдини пæлитобæл, сувæллæнттæ, ци бахуйун гъæуй?
**С.** Æфцæкъуатæ. Æгънæгутæ. (*Гъомбæлгæнæг син æнхус кæнуй æма си агоруй æнхæст дзуæппитæ.)*
**Гъ.** Пъолцибæл ба цал дуси бахуйун гъæуй?
**С**. Еу дус.
**Гъ.** Хæдонæбæл ба цал дуси фæууй?
**С**. Дууæ дуси хæдонæбæл дæр.
**Гъ**. Никки ба ма ци фæууй хæдонæ æма пъолцибæл? *(Дзиппитæ.)*
**Гъ**. Сувæллæнттæ, аци бон ци дарæстæ фæууидтан, уони хонæн уæледарæс. Уой туххæй æма сæ скæнæн нæ уæле. Бахуйунцæ сæбæл: æфцæкъуатæ, дустæ, æгънæгутæ.
Зæгъайтæ ма еу хатт: «Уæледарæс, æфцæкъуатæ, дустæ, дзиппæ, æгънæгутæ».
**Гъ.** Мæдинæ дæр нур зондзæнæй, уæледарæс куд хуйунцæ æма циуавæртæ фæуунцæ, уой. Нур ба хуæрзбонтæ нæ иннæ фембæлдмæ.

## *19-аг ахури усмæ*

**Темæ: «Дарæс»**
**Нисан:**
– Бафедар кæнун сувæллæнтти зонундзийнæдтæ уæледарæси туххæй.
– Ахур кæнун цубур æмдзæвгæ гъомбæлгæнгæги хæццæ; гъæлæси уагмæ гæсгæ лæдæрун кæнун гъæрон æма фарстон гъудиæдтæ.

– Миуæвдесгутæ (глагол) **æркæнун** æма **скæнуни** нисан лæдæрун кæнун, архайд æвдесгæй.

– Муртæ **цъ-чъ** кæдзос æма раст дзорунбæл ахур кæнун.

– Еске кустæн аргъ кæнунбæл ахур кæнун сабийти.

**Дзурдуат:** зийнадæгæнагæ, усхъунмæ, скъуд, цъиндатæ, ходæ. Ходæ дæ сæрбæл æркæнæ. Цъиндатæ дæ къахбæл искæнæ.

**Æнхусадон æрмæг**

**Æвдесунмæ:** гъазæн киндзæ, сюжетон хузæ «Гъазæн телевизор», уæледарæс æма къæхидарæс анзи афæнттæмæ гæсгæ. 3 къоппи – сурх, бор, цъæх.

**Ахури цуд**

**1. Гъ**. Уæ сæумæ хуарз! Мæ дзæбæхтæ, телевизормæ кæсун уарзетæ?

(*Сувæллæнттæ дзуапп дæдтунцæ.)*

**Гъ.** Циуавæр кинотæмæ фæккæсетæ?

**С.** Аргъæуттæмæ.

**Гъ**. Аци бон телевизори равдесдзæнæнцæ еу биццеуи. Ка æй? Циуавæр биццеу æй, уой базонун уæ кæд фæндуй, уæд æрбадетæ уæ бунæтти æма лæмбунæг бакæсетæ, байгъосетæ.

(*Гъомбæлгæнæг рагацау телевизори экранбæл бафедар кодта сюжетон хузæ: «Биццеу уати астæу лæууй, æ сæрбæл ходæ, æ еу къахбæл – батинкæ, иннæ къахбæл ба – цъинда. Уати алли къумти æ дарæ с – пурхитæ. Гъомбæлгæнæг телевизори экранбæл байгон кодта хузæ æма дзоруй Къибирти Амурхани æмдзæвгæ.)*

**Геуæрги – хапæлери**

Геуæрги имонау æй,
Сæумæй раги нæ фестуй.
Геуæрги дон-мамма æй,-
Æхе кæдзос нæ фехснуй.

Скæнуй цъинда усхъунмæ,
Иннæ цъинда не ссеруй.
Кæд æй бахста фæскъуммæ
Геуæрги – хапæлери.

**Гъ**. Сувæллæнттæ, ци уинетæ хузи?
*(Сувæллæнттæ аллихузон дзуæппитæ дæдтунцæ хузæмæ гæсгæ.)*
**Гъ.** Сумах ба уæ дарæсæн сæ бунæттæ зонетæ? Зæгъетæ, циуавæр биццеуи равдистонцæ ацибон телевизори?
**С**. Зийнадæгæнагæ *(магоса, æнæфснайд)*.
**Гъ**. Цæмæй бæрæг æй, зийнадæгæнагæ ке æй, е?
**С**. Æ дарæс уати къумти пурхитæй лæуунцæ.
**Гъ.** Кæсай, Геор, æ къæхтæбæл ба ци ес?
**Геор**. Еу къахбæл усхъунмæ искодта цъинда.
**Гъ**. Светæ, иннæ къахбæл ба ци скодта биццеу?
**Св**. Иннæ цъинда не ссердта.
(*Кæд сувæллæнттæн зин уа дзуапп радтун, уæд гъомбæлгæнæг æхуæдæг дзоруй: «Биццеу æ сæрбæл æркодта ходæ, æ къахбæл искодта цъинда». Домуй сувæллæнттæй, цæмæй архайдæй равдесонцæ ходæ æркæнун, цъинда къахбæл искæнун. Сувæллæнттæ архайунцæ æма еугай дзорунцæ.)*

**2.Дзурдтæй гъазт «Æркæнун – скæнун»**

**Гъ**. *(Гъазæн киндзæбæл кæнуй хæлаф.)* Ци косун æз, сувæллæнттæ?
**С.** Гъазæн киндзæбæл хæлаф кæнис.
**Гъ**. Æ сæрбæл ба ин ци æркæнун гъæуй ?
**С.** Æ сæрбæл ин скæнун гъæуй ходæ.
**Гъ**. Зæгъайтæ ма еу хатт, ци скæнæн нæ уæле?
**С.** Пъолци, пæлито, хæдонæ, цъиндатæ, батинкитæ…
**Гъ.** Нæ сæрбæл ба ци æркæнæн?
**С.** Ходæ, къепкæ, шляпæ…
**Гъ**. Сувæллæнттæ, еу уæхæн зийнадæгæнагæ биццеу махмæ дæр ес. Райагорайтæ æй.
(*Гъазæн биццеуæн уати æ еу къахбæл цъинда, иннæ къахбæл дзабур, æ сæрбæл гъар ходæ, æ дарæс къумти пурхитæ.)*
**Гъ**. Иссердтайтæ æй, сувæллæнттæ? Ка æй?
**С**. Нæ гъазæн биццеу.
**Гъ.** Кæсайтæ, æ дарæс куд ниххæлеу кодта, ис сæ хæлæмулæ кодта: æ зуймон дарæс кæци æй, кенæ æ сæрддон, е бæрæг нæбал æй. Раст, телевизори ци биццеуи фæууидтан, уæхæн æй, æвæдзи. Æ сæрбæл ци æркодта? *(Гъомбæлгæнæг агоруй сувæллæнттæй æнхæст дзуæппитæ.)*

**2. Гъазт «Равзарæ дарæс»**

**Гъ.** Æрæмбурд кæнетæ Мæдинæн æ дарæс æма сæ анзи афæнттæмæ гæсгæ къоппити æрæвæретæ уотæ:

Цъæх къоппи – зумæгон гъар дарæс.

Сурхи – сæрддон дарæс.

Бор къоппи – сæрбæл даргæ.

(*Сувæллæнттæ дарæс къоппити æвæрунцæ. Гъомбæлгæнæг гъазæн киндзи æ къохмæ исита.)*

**Гъ**. Мæдинæ, кæсай, дæ дарæс дин куд хуарз бафснайдтонцæ. Мабал сæ ниппурхитæ кæнæ. (*Сувæллæнттæ дзорунцæ æмдзæвгæ «Геуæрги-хапæлери».)*

**Гъ.** Хуæрзбон. Нæ иннæ фембæлдмæ.

## *20-аг ахури усмæ*

**Темæ:»Мебель»**

**Нисан:**

– Зонгæ кæнун сувæллæнтти, сæ алфанбулай ци мебель ес, уони хæццæ. Цæмæн гъæунцæ. Сбæрæг кæнун еумæйаг дзурдтæ **«Мебель æма мебели тукан»-**и нисан.

– Номевгутæ нуриккон æма евгъуд афони миуæвдесгути хæццæ раст дзорунбæл архайун. Мурæ (**къ**) раст æма кæдзос дзорун.

– Архуайун, цæмæй сабийтæ сæ уати мебельмæ зелонцæ зардиуагæй.

**Æнхусадон æрмæг**

**Æвдесунмæ**: мебель-скъапп, хуссæн, фингæ, къела. **«Мебели тукани»** аллихузон хæдзари дзаумæуттæ, гъазæн киндзи уатæй – гъазæн киндзæ, аллихузон мебели хузтæ.

**Дзурдуат**: мебель, мебели тукан, æлхæнун, уæйæ кæнун, скъаппæ, фингæ, хуссæн, къела.

**Ахури цуд**

**1. Гъ**. Уæ сæумæ хуарз! (*Сувæллæнттæ салам дæдтунцæ.)*

**Гъ.** Сувæллæнттæ, æрзелæн бабæй нæ уати, фæндуй уæ?

*(Сувæллæнттæ кезугай дзуапп дæдтунцæ.)*

**Гъ.** (*Амонуй фингæмæ.)* Айæ ба ци æй, сувæллæнттæ?
*(Сувæллæнттæ дзуапп дæдтунцæ. Гъомбæлгæнæг домуй, цæмæй ин æ фæрститæн æнхæст гъудиæдтæй дзуапп дæдтонцæ.)*
**Гъ**. Еу хатт ма'й зæгъетæ, ци æй?
**С**. Е æй фингæ.
**Гъ**. (*Идарддæр амонуй скъапмæ.)* Айæ ба ци æй?
(*Сувæллæнттæ дзуапп дæдтунцæ.)*
**Гъ**. Светæ, цал æнцæ фингитæ, ра сæ нимайай.
**С.** Еу, дууæ, æртæ, цуппар.
**Гъ**. Цал финги ес, Алан, нæ уати? Æнхæст дзуапп мин радтæ.
**А**. Нæ уати ес цуппар финги.
**Гъ.** (*Амонуй къеламæ.)* Мæнæ айæ ба ци æй, Заремæ?
**З**. Къела. (*Гъомбæлгæнæг агоруй æнхæст дзаупп.*)
**Гъ.** Зæгъай, Заремæ, еума хатт, ци æй айæ? *(Къеламæ ба амонуй.)*
**З.** Е æй къела.
**Гъ.** Кæсайтæ, цæйбæрцæ хузтæ! *(Стъолбæл – аллихузи предметти хузтæ.)*

**1. Гъазт « Ци ес уæлдай хузи ?»**

**Ихæслæвæрд**. Аци мебели хæццæ ци уæлдай предмет ес, уой иссерæ.

**Æвдесунмæ:** скъапп, диван, хуссæн, пъолци æма хæдони хузтæ.
Сувæллæнттæ син дзорунцæ сæ нæмттæ. (*Ка рæдуйа, уомæн ба гъомбæлгæнæг агъаз кæнуй.)*
**Гъ.** Мæнæ бабæй нæ гъазæн киндзæ Мæдинæ. Мæдини цидæр зæгъун фæндуй. (*Æ гъосмæ'й хæстæг исиста æма сувæллæнттæмæ дзоруй.)*
**Гъ**. Мæдинæ нæ æ хæццæ хонуй туканмæ. Цума цæмæн? Цæуæн, базонæн, ци си ес.
*(Бахудта сувæллæнтти, сюжетон гъазт «Тукан» ауигъд кæми æй, уордæмæ. Тæрхæгбæл аллихузон мебель.)*
**Гъ.** Сувæллæнттæ, кумæ æрбацудан, е æй тукан. Зæгъайтæ, ци уæйæ кæнунцæ аци тукани?
(*Амонуй мебель еугай.)*
**С**. Скъапп, фингæ, хуссæн, къела.

**Гъ.** Аци тукан хонунцæ **мебели тукан**. Зæгъайтæ еумæ – **мебели тукан**.

Мæдинæн нæуæг хæдзарæ исаразтонцæ, фал æ уат ба ревæд æй. Цæй, æма ин балæвар кæнæн мебель, æрмæст æй циуавæр гъæуа, уæхæн. Лæмбунæг игъосетæ.

*(Гъомбæлгæнæг дзоруй киндзи бæсти.)*

Балхæнæ мин, бадгæ цæбæл фæккæнунцæ, уæхæн дзаумау.

**Гъ.** Цæбæл баддзæнæй Мæдинæ, ци ин балхæндзæнæ, Зелим, нæ тукани?

**З.** Æз Мæдинæн балхæндзæнæн къела, кресло.

**Гъ**. Хуæргæ ба цæбæл кæндзæнæй нæ гъазæн киндзæ, Сослан?

**С.** Хуæргæ фæккæнунцæ фингæбæл.

**Гъ**. Мадта, ци балхæндзæнæ гъазæн киндзæн, Сослан?

**С.** Æз ин балхæндзæнæн фингæ. (*Рахæссуй фингæ.*)

**Гъ.** Ци балхæндзæнæ ду ба, Маринæ, гъæзæн киндзи уатмæ?

**М**. Æз ин балхæндзæнæн скъапп.

**Гъ**. Цæмæн гъæуй Мæдини уати, Зинæ, скъапп?

**Зинæ**. Æ дарæс æфснайдзæнæй скъаппи.

**Гъ**. Зæгъай, Фатимæ, фунæй ба цæбæл кæндзæнæй гъазæн киндзæ?

**Ф.** Хуссæнбæл.

**Гъ**. Мадта ин ду ба ци балхæндзæнæ мебели тукани?

**Ф.** Æз ба ин балхæндзæнæн хуссæн. *(Рахæссуй хуссæн.)*

**Гъ**. Мæнмæ гæсгæ гъазæн киндзæн æхцæуæн æй, æ уатмæ ин нæуæг мебель ке балхæдтонцæ,е.

**Гъ**. Циуавæр мебель балхæдтайтæ тукани.

*(Сувæллæнттæ еугайранимайунцæ, ци дзаумæуттæ балхæдтонцæ, уони нæмттæ.)*

**Гъ.** Скъапп, фингæ, къела æма хуссæн, еумæйагæй сæ хонæн мебель. Балхæдтан сæ мебели тукани. Зæгъетæ еумæ: «Мæдини уатмæ мебель балхæдтан мебели тукани».

Мебели тукани ма никкидæр ци уæйæ кæнунцæ, уой ба базондзинан иннæ хатт.

Нур ба Мæдини уат бафснайæн.

## *21-аг ахури усмæ*

**Темæ: «Мебель»**

**Нисан:**

– Сфæлхат кæнун сувæллæнтти хæццæ еумæйаг дзурд «Мебель»-и нисанеуæг.

– Ахур кæнун тагъддзоруйнæгтæ муртæ раст æма кæдзос дзоруни туххæн. Мурæ **з** – бæл бакосун.

– Сувæллæнтти дзубанди гъæздугдæр кæнун нæуæг дзурдтæй.

– Амонун мебели хæйттæ æма, цæмæй конд æнцæ, уой. Сабийтæ зонæнтæ еске кустæн аргъ кæнун.

**Дзурдуат:** фингi къæхтæ, хуссæни къохтæ, авдæни къæлæттæ, гъæдин, æфсæйнаг, пластмассæ.

**Æнхусадон æрмæг**

**Æвдесунмæ:** зеллаг амонæн фæйнæгбæл федаргондæй мебели хузти хæццæ; предметон хузтæ − фингæ, скъапп, хуссæн, къела, авдæнæ æд гъазæн киндзæ.

**Ахури цуд**

**Гъ.** Уæ сæумæ хуарз! Сабийтæ, лæмбунæг æрбакæсетæ. (*Æвдесуй син, амонæн фæйнæгбæл ци зеллаг федаргонд ес хузти хæццæ, уой*). Атæ ци’нцæ?

*(Сувæллæнттæ еугай дзорунцæ дзаумæутти нæмттæ.)*

**Дидактикон гъазт «Иссерæ дзаумауæн е’нкъай»**

**Гъ.** Стъолбæл ци хузтæ ес, уонæн иссеретæ се ’нкъæйттæ фланелеграфи хузти æхсæн.

*(Сувæллæнттæ еугай бацæунцæ стъоли размæ. Хузтæ æнкъæйттæй æвæрунцæ, сæ нæмттæ син дзорунцæ, уотемæй. Стъолбæл ма байзадæй авдæни хузæ.)*

**Гъ.** Сабийтæ, мæнмæ гæсгæ цидæр феронх кодтайтæ. Зæгъайтæ ма еу хатт уæ хузти нæмттæ.

*(Сувæллæнттæ дзорунцæ: фингæ, къела, скъапп, хуссæн.)*

**Гъ**. (*Амонуй авдæни хузæмæ.)* Айæ ба ци æй?

*(Кæд сувæллæнттæ дзуапп нæ радтонцæ, уæд гъомбæлгæнæг æхуæдæг зæгъуй авдæни ном æма равдесуй минкъий гъазæн авдæнæ æд гъазæн киндзæ.)*

**Гъ.** Сабийтæ, айæ æй авдæнæ. Зæгъæн еумæ – ***авдæнæ***. Авдæнæ дæр æй хуссæн. Ка хуссуй авдæни?
**С**. Гъазæн киндзæ.
**Гъ.** Ка уи фæууидта, сувæллæнттæ, авдæнæ?
(*Сувæллæнттæ аллихузон дзуæппитæ дæдтунцæ.)*
**Гъ**. Мадта авдæни ба ка фæххуссуй?
**С.** Авдæни фæххуссуй минкъий сувæллон.
**Гъ.** Сумах ба рæвдауæндони цæбæл фæххуссетæ?
*(Сувæллæнттæ еугай дзуапп дæдтунцæ.)*
**Гъ**. (*Равдесуй гъазæн хуссæн.)* Ӕркæсайтæ лæмбунæг авдæнæ æма хуссæни кондмæ. Цæййасæ æй хуссæн, Геор*? (Хуссæн æй устур.*) Цæййасæ æй авдæнæ, Зæрийнæ? *(Минкъий.)*
**Гъ.** Сувæллæнттæ, циуавæр къæхтæ ес авдæнæбæл? (*Ку нæ зононцæ, уæд гъомбæлгæнæг æхуæдæг дзуапп дæдтуй.)*
Еумæ зæгъайтæ: къæлæт къæхтæ.
**Гъ**. Ка уи зæгъдзæнæй, авдæни къæхтæ къæлæт конд цæмæн æнцæ? Нæ зонетæ? Цæмæй авдæни уозун æмбæла *(уозуй авдæнæ*). Мæнæ'й атæ рауозæн. Цæмæй конд æнцæ хуссæн æма авдæнæ?
*(Сувæллæнттæ дæдтунцæ аллихузон дзуæппитæ: æфсæйнагæй, пластмассæй, гъæдæй.)*
**Гъ.** Цæмæй минкъий сабий бафунæй уа, уой туххæй ма ин æ мадæ заргæ дæр фæккæнуй. (*Гъомбæлгæнæг равдесуй, авдæнæ куд уозун гъæуй, уой.)*

**Авдæни зар**

Ходуй майæ дæ базмæ,
Бæргæ'й фæндуй дæ размæ,-
Булла-булла, дæгетæ,
Мингий биццеу, мæге дæ.

Ӕстъалутæн бæрзондмæ
Ма кæсæ ду сæ кондмæ;
Ду си, мæ уод, хуæздæр дæ,-
Булла-булла, мæ зæрдæ!..

*Кертанти Тъæхир*

*(Сувæллæнттæй алкæмæндæр барæ радтуй авдæнæ рауозунмæ, æмдзæвги дзурдтæ ба еумæ дзорунцæ.)*
2. Ус-с-с, сувæллæнттæ, минкъий сабий бафунæй æй, уадзæн æй ами æма цæуæнтæ, нæ гъазæн киндзæ Мæдинæн ци мебель

балхæдтан, уой фæууинæн. Цума сæмæ куд зелуй? (*Бацæунцæ гъазæн киндзи уатмæ.)*

**Гъ**. Сабийтæ, кæсайтæ, ци æнæфснайд æй Мæдини уат. Æркæсайтæ мебельмæ.

(*Сувæллæнттæ лæмбунæг кæсунцæ.)*

**Гъ**. Светæ, фингæн ци нæ фагæ кæнуй?

**Св.** Фингæн æ къах расастæй.

**Гъ**. Къоста, къела ба ци гъæуагæ æй?

**Къ.** Къелайæн дæр æ къохтæ саст æнцæ.

**Гъ.** (*Дзоруй гъазæн киндзæ Мæдинæмæ.)*

Мæдинæ, ци тагъд расастæй дæ мебель?

**Гъ. к.** Уартæ сæ бугътæмæ ракалетæ. Æз нур зонун, мебель кæми уæйæ кæнунцæ, уой. Фæццæудзæнæн æма нæугутæ балхæндзæнæн.

*(Дзоруй гъомбæлæгæнæг Мæдини бæсти.)*

**Гъ.** Сабийтæ, раст æй Мæдинæ?

*(Сувæллæнттæ дзуапп дæдтунцæ.)*

**Гъ**. Раст нæй. Аци мебелæн исцалцæг кæнæн ес? Циуавæр æрмæгæй конд æнцæ?

**С.** Гъæдæй. Ес ин исрæвдзæ гæнæн.

**Гъ**. Гъæдин мебель цæмæй æмбæлуй исцалцæг кæнун?

**С.** Дзæбокæ æма зæгæлтæй.

**Гъ**. Гъæйдæ, мадта сæ исцалцæг кæнæн. (*Дзоруй æма амонуй æ архайдтитæ.*) Еу тумбул къохæй иннæ къохи арми тъæпæн æрхуайæн, цума дзæбокæй зæгæл хуайæн, уотæ æма дзорæн:

Дзæбокæй кæнуй къуп-къупп,
Зæгæли сæрæн − гуп-гупп!
Гъæуйай гъæуй къох-къох-къох!
Фæрресдзæнæй − ох-ох-ох!

**Гъ**. Иснæуæг бабæй кодтан Мæдини уати мебель. (*Дзоруй гъазæн киндзæмæ.*) Мæдинæ, мебельмæ зелун гъæуй, дæхемæ куд зелис, уотæ. Радзорайтæ, сабийтæ, Мæдинæн, куд зелун гъæуй мебельмæ, уой.

**С.** (*Еумæ дзорунцæ.)* Хъеццау ма кæнæ къелабæл, гæппитæ ма кæнæ хуссæнбæл.

**Гъ**. Мæнмæ гæсгæ, Мæдинæ нур æ мебель хуарз дардзæнæй. Нур

ба бал кæрон нæ ахурæн искæнæн.
Арфæгонд уотæ, сабийтæ.

## *22-аг ахури усмæ*

**Темæ: «Мæ мадæ»**
**Нисан:**

– Ахур кæнун сувæллæнтти гъомбæлгæнæги фæрститæн æнхæст дзуæппитæ дæдтунбæл; аразун гъомбæлгæнæги æнхусæй цубур радзурдтæ, хузтæй пайда гæнгæй.

– Архайун аргъауи медесмæ гæсгæ пайда кæнун мине-уæгонтæй **рæсугъддæр, хуæрзконддæр.**

– Æвзурун кæнун сабийти зæрдити уарзондзийнади æнкъ-арæнтæ нийййергутæмæ.

**Дзурдуат:** уарзæг, фæлмæнзæрдæ, равдаугæ, мæстгун.
**Æнхусадон æрмæг**
**Æвдесунмæ**: фланелеграф; 3 зеллаги цæсгоми хузти хæццæ, сурх гæгъæдийæй конд зæрдæ. Стъолбæл гъазæн театр Джимити Клари аргъау «Хъази бæдолæ æ мади куд агурдта»-мæ.

### Ахури цуд

**1. Гъ**. Уæ бон хуарз, сабийтæ! Ка уæ æрбахудта аци бон рæвда-уæндонæмæ?
(*Сабийтæ еугæйттæй дзуапп дæдтунцæ.)*
**С.** – Мæн æрбахудта мæ мадæ.
– Мæн æрбахудта мæ хуæрæ.
– Мæн æрбахудта мæ нана.
*(Уотæ идарддæр алли сувæллон дæр радзоруй, рæвдауæндонæмæ’й ка æрбахудта, уой.)*
**Гъ**. Уæ фулдæрей рæвдауæндонæмæ æрбахонунцæ уæ маддæлтæ æма нанатæ. Еугæйттæй радзорайтæ уæ маддæлтæ æма уæ нанати нæмттæ.
**Гъ.** Ци рæсугъд нæмттæ ес уæ маддæлтæн. Сабийтæ, уæ нанатæ æма уæ маддæлти уарзетæ æви нæ?
(*Сувæллæнттæ еумæ дзуапп дæдтунцæ: «Гъо!»)*

**Гъ**. Уæ къохтæй равдесайтæ, цæйбæрцæ сæ уарзетæ, уой.
(*Сувæллæнттæ равдесунцæ къохтæй, куд уарзунцæ сæ маддæлти, уой.)*
**Гъ.** Тагъд уодзæнæй нанатæ æма мамити бæрæгбон. Кæд уæ фæндуй, уæд син ести балæвар кæнæн.
*(Сувæллæнттæ аразий дзуапп дæдтунцæ.)*
**Гъ**. Кæсайтæ, мæнæ сурх гæгъæдийæй искодтон «зæрдæ». Хумæтæги «зæрдæ» нæй. Ами ес исæвæрæн мамæ æма нанайæн фæлмæн дзурдтæ. Мæн фæндуй, цæмæй сумахæй алкедæр æ мадæ æма æ нанайæн «фæлмæн» дзурд балæвар кæна. Æз ба сæ мæнæ ами æвæрдзæнæн.
*(Амонуй гæгъæдийæй конд «зæрди» дзурдтæмæ.)*
(*Сабийтæ архайунцæ гъомбæлгæнæги фæрститæн дзуапп дæдтунбæл. «Фæлмæн» дзурд зæгъгæй, сувæллон æ къохæй æмбæлуй гæгъæдийæй конд «зæрдæ»- бæл.)*
**Гъ**. Фатимæ, дæ мадæ дæ нихъхъури кодта, хонуй дæ æ минкъий хор. Циуавæр æй дæ мадæ?
**Ф.** Уарзагæ. (*Æмбæлуй къохæй «зæрдæ»-бæл.)*
**Гъ.** Уарзагæ, фæлмæндзорагæ, рæвдауагæ. Дзорæн еумæ: **фæлмæндзорагæ, рæвдауагæ, уарзагæ.**
**Гъ.** Алан, дæ мадæ аййев пъолци искодта? Циуавæр æй дæ мадæ?
**А.** Мæ мадæ æй рæсугъд. (*Æмбæлуй къохæй «зæрдæ»-бæл.)*
**Гъ.** Агундæ, кафгæ, кенæ заргæ ку фæккæнис, уæд дæбæл дæ мадæ цийнæ нæ фæккæнуй? Циуавæр æй дæ мадæ?
**Аг.** Мæ мадæ æй цийной. (*Æмбæлуй къохæй «зæрдæ»-бæл.)*
**Гъ**. Зæлинæ, дæ нана дæ берæ уарзуй, «нанай зæрдтаг» дæ фæххонуй? Циуавæр æй, Зæлинæ, дæ нана?
**З**. Мæ нана æй фæлмæнзæрдæ.
**Гъ**. Лигъзæвзаг, фæлмæнзæрдæ. Зæгъæн еумæ: «Нана æй фæлмæнзæрдæ, лигъзæвзаг».
**Гъ**. Уæ нанатæ æма уæ маддæлти ке уарзетæ, уой куд зæгъдзинайтæ?
*(Сабийтæн сæ бон ку нæ уа зæгъун, уæд син гъомбæлгæнæг æнхус кæнуй.)*
**Гъ.** Мæ уарзон, мæ зинаргъ мадæ. Мæ фæлмæн нана. Дзорæн еумæ: «Мæ уарзон, мæ зинаргъ мадæ. Мæ фæлмæн нана».

**Гъ.** Уæ еугурей фæлмæн дзурдтæ дæр æнцæ «зæрдæй» æма, æнæмæнгæ, бахъæртдзæнцæ уæ нанатæ æма уæ мамитæмæ.

**1. Гъазт «Равзаретæ хузæ»**

**Гъ**. Ме стъолбæл, сабийтæ, ес зеллæгтæ аллихузон цæсгæнтти хузти хæццæ. Лæмбунæг игъосетæ мæ фæрститæмæ. Фæрститæмæ гæсгæ равзарун гъæудзæнæй, зеллагтæбæл ци цæсгæнтти хузтæ ес, уонæй еу. Æркæсетæ сæмæ.

**Гъ.** Нана æ медбилти ходуй, цийнæ дæбæл кæнуй. Циуавæр цæсгони хузæ равдесдзæнæ, Геор?

**Геор**. (*Райсуй стъолæй игъæлдзæг цæсгони хузæ.)* Игъæлдзæг цæсгони хузæ. *(Гъомбæлгæнæг хузæ федар кæнуй фланелеграфæбæл.)*

**Гъ**. Заур фудуаг кæнуй, коммæ нæ кæсуй, ræвдауæндонæмæ нæ комуй. Æ мадæ имæ мæстгун кæнуй. Циуавæр цæсгони хузæ равдесун гъæуй?

*(Сувæллæнттæ æвзарунцæ хузæ æма'й дæдтунцæ гъомбæлгæнæгмæ.)*

**Гъ**. Раст равзурстайтæ хузæ. Мадæ æй мæстгун. Мæстгун, тузмæг. Зæгъайтæ еумæ: **тузмæг, мæстгун.**

**Гъ**. Светæ, дæ мадæ бафæллад æй хæдзари куститæй. Циуавæр хузæ равзарун гъæуй?

*(Сувæллон, æнкъард цæсгони хузæ ци зеллагбæл ес, уой радтуй гъомбæлгæнæгмæ.)*

**Гъ**. (*Фланелеграфмæ амонуй.)* Æрбакæсайтæ нур ба ардæмæ. Байамонетæ, аци хузтæй кæций исæвæрæн ес «зæрди»?

*(Сувæллæнттæ æвдесунцæ хузтæ æма дзуапп дæдтунцæ.)*

**Гъ.** Ци хуарз æй, алкæмæн дæр уи мамæ æма нана ке ес, е. Цæй, нур ба цæрæгойти маддæлти хæццæ дæр базонгæ уæн.

**2. Стъолбæл гъазæн тетр, аргъау «Хъази бæдæлттæмæ» гæсгæ**

**Гъ**. Аци бон уæ базонгæ кæндзæнæн еу хъази бæдоли хæццæ. Сбадетæ æма лæмбунæг байгъосетæ *(гъазæн мæргъти театр æвдесуй æма дзоруй*).

Хъази бæдолæ ма айки медæгæ адтæй, уотемæй алли бон дæр игъуста æ мади «дзурд». Хъæбæр берæ æй бауарзта. Еу бон мадæ хъаз бафунæй æй, бæдолæ айкæй рагæпп кодта. Рауадæй тургъæмæ. Агоруй æ мади. Тургъи йбæл исæмбалдæй карк.

**Хъази бæдолæ.** Ду мæ мадæ нæ дæ, миййаг?
**Карк.** Æма цихузæн æй дæ мадæ?
**Хъази бæдолæ.** Еугуремæй рæсугъддæр, хуæрзконддæр, зарагæдæр.
**Карк.** Мадта æз дæ мадæ дæн.
**Хъази бæдолæ**. Мадта разарай.
**Карк**. Хъо-хъо-хъо! Хъо-хъо-хъо!
**Хъази бæдолæ.** Нæ!Нæ! Ду мæ мадæ нæ дæ. Мæн мадæн фæлмæн хъурихатт ес. Мæ мадæ æй еугуремæй рæсугъддæр. Заруй еугуремæй хуæздæр.
*(Аргъау кæронмæ конд æрцæудзæнæй иннæ ахури сахати.)*
**Гъ.** Уæ зæрдæмæ цæуй аргъау? Куд зæгъуй хъази цъеу æ мадæй?
**С.** Еугуремæй рæсугъддæр, хуæрзконддæр.
**Гъ.**Сумах ба ци зæгъиайтæ уæ маддæлтæй?
*(Сувæллæнттæ дзорунцæ еумæ, уæдта еугæйттæй: «Мæ мадæ æй еугуремæй рæсугъддæр, хуæрзконддæр».)*
**Гъ.** Уæ маддæлтæ æма уæ нанатæ уарзунцæ сумахæн фæлмæн дзубандитæ кæнун æма уæ ахур кæнунцæ, цæмæй сумах дæр дзорайтæ. Циуавæр арфи дзубандитæ ракæнун гъæуй аци бон маддæлтæ æма нанатæн?
(*Сувæллæнттæ дзорунцæ гъомбæлгæнæги хæццæ еумæ: «Арфийаг уо, мæ фæлмæнзæрдæ нана. Дæ цæрæнбон берæ уæд, мæ уарзон, мæ зинаргъ мадæ.)*
**Гъ**. Мæнмæ гæсгæ, аци арфи дзубандитæ уæ нанатæ æма уæ маддæлтæн сумах аци бонæй фæстæмæ алкæддæр кæндзинайтæ.

## *23-аг ахури усмæ*

**Темæ: «Дохтур»**
**Нисан:**

– Ахур кæнун сюжетон гъазти архайгæй, вазуггин дзурдтæй пайда кæнун.
– Фарста **цæмæй?**-æн раст дзуапп дæттун;
– Пайда кæнун, дзоргæ гæнгæй, минеуæгонтæ æма миуæвдесгутæй.
– Мурæ **цъ** кæдзос дзорунбæл архайун.

– Сувæллæнтти дзурдуатмæ бахæссун медицинон терминтæ: **бинт, бæмпæг, цъæх хуасæ, тæвдæбарæн.**
– Архайун арфи дзурдтæ дзорунбæл нанайæн, мадæн, кизгæн.

**Æнхусадон æрмæг**

**Æвдесунмæ**: сюжетон гъазт «Сæйгæдонæ»-æн æрмæг. Бинт, бæмпæг, цъæх хуасæ, тæвдæбарæн, гъæзæн киндзæ, 3 зеллаги аллихузон цæсгæнтти хузти хæццæ.

### Ахури цуд

**1. Гъ**. Уæ сæумæ хуарз, сабийтæ. Еске уи сæйгæ адтæй? Ескæд адтайтæ дохтурмæ?
*(Сувæллæнттæ дæдтунцæ аллихузон дзуæппитæ.)*
**Гъ.** Ка дæ радзæбæх кодта, Зæлинæ?
**З.** Мæ мадæ. (Мæн радзæбæх кодта мæ мадæ.)
**Гъ.** Алинæ, дохтурмæ цæмæн адтæ?
**А.** Мæ къох ристæй.
**Гъ**. Дæуæй ба ци ристæй, Алан?
**Ал**. Мæнæн ристæй мæ гъос.
**Гъ.** Зонетæ мадта, дохтурмæ ци инструменттæ – мийдауæнтæ фæууй, уони?
Кæсайтæ, мæнæ атæ ци ’нцæ (*амонуй, стъолбæл ци æрмæг æвæрд ес, уони еугæйттæй).* Айæ ци æй, Сослан? (*Шприц.)*
**Гъ.** Цæмæн гъæуй шприц?
**С.** Укол кæнунмæ.
**Гъ.** Айæ ба ци æй? (*Амонуй бæмпæгмæ.*) Цæмæн гъæуй?
(*Сувæллæнттæ дзуапп дæдтунцæ еугæйттæй.)*
**Гъ.** Сабийтæ, аци æрмæгæй ка фæппайда кæнуй?
(*Сувæллæнттæ дзуапп дæдтунцæ.)*
**С.** Дохтур, мамæ, гъомбæлгæнæг.
**2.** Æнæнгъæлти дуар «кадæр æрбахуаста». *(Гъомбæлгæнæг ракастæй æма æ къохи æрбахаста гъазæн киндзæ.)*
**Гъ.** Мæнæ бабæй нæмæ Мæдинæ æрбацудæй. Цидæр æнкъард æй? Ци кодта, цума, Мæдинæ?
*(Сувæллæнттæ аллихузон дзуæппитæ дæдтунцæ: «Хуссун имæ нæ цæуй, æ мадæмæ’й фæндуй…»)*
**Гъ.** Мæнмæ гæсгæ си цидæр ресуй. Ду æй рафæрсай, Заремæ, ци ди ресуй, Мæдинæ, зæгъгæ? *(Уотæ цалдæр сувæллони*

*færsunцæ гъазæн киндзи. Гъомбæлгæнæг æхуæдæг дзуапп дæдтуй сувæллæнтти фæрститæн.)*
**Алан**. Мæдинæ, дæ сæр ресуй?
**Гъ**. Нæ, мæ сæр нæ ресуй.
**Зæринæ.** Дæ дæндаг ресуй, Мæдинæ?
**Гъ**. Нæ, мæ дæндаг нæ ресуй.
**Гъ.** Сувæллæнттæ, уæ къохæй фæууинайтæ, кæд тæвдæ ес Мæдинæмæ?
*(Сувæллæнттæ сæ къохтæ киндзи тæрнихбæл æвæрунцæ, гъомбæлгæнæг сæ фæрсуй. Алли сувæллони дзуапмæ дæр байгъосуй æма син, кæми гъæуа, уоми æнхус кæнуй.)*
**Гъ**. (*Равдесуй тæвдæбарæн.)* Айæ ба ци æй, сабийтæ?
*(Сувæллæнттæ аллихузон дзуæппитæ дæдтунцæ.)*
**Гъ**. Уæхæн дзаума дохтурмæ дæр æма алке хæдзари дæр ес. Еске ку фæссæйгæ уй, уæд ин æй æ дæлармi æвæрунцæ, цæмæй ин æ бауæри тæвдæ сбæрæг кæнонцæ. Хонунцæ аци дзаума «тæвдæбарæн».
*(2-3 хатти дзорунцæ еумæ дзурд «тæвдæбарæн», уæдта-еугæйттæй.)*
**Гъ.** Нуртæккæ уин æз дæр уæ тæвдæ сбардзæнæн. (*Алли сувæллони дæлармi дæр æвæруй гъазæн тæвдæбарæн. Æркæсуй имæ æма дзоруй.)*
**Гъ**. Хъæбæр хуарз. Еунæгмæ дæр уи тæвдæ нæййес.
*(Æвæрунцæ тæвдæбарæн гъазæн киндзæн дæр.)*
**Гъ**. Мæдинæмæ дæр тæвдæ нæййес.
*(Уа-уа-уа-уа-уа кæнуй гъазæн киндзæ.)*
**Гъ**. Цæмæн кæуй мадта Мæдинæ?
*(Сувæллæнттæ аллихузон дзуæппитæ дæдтунцæ.)*
**Гъ.** Сувæллæнттæ, кæсайтæ, Мæдини къох тогæйдзаг ку æй.
*(Гъазæн киндзи æнгулдзæ сурх хуарæнæй хурст.)*
**Гъ.** Æвæдзи æ къох ресуй, сабийтæ? Ци ин кæнун гъæуй?
(*Сувæллæнттæ аллихузи дзуæппитæ дæдтунцæ.)*
**Гъ**. Сæйгитæ ка дзæбæх кæнуй, зæгъæтайтæ?
**С**. Дохтур.
**2. Сюжетон гъазт «Сæйгæдонæ»**
**Гъ**. Цæуæн, дохтурмæ фæххонæн Мæдини. *(Уати сюжетон гъазт «Сæйгæдонæ» ци къуми ес, уордæмæ рараст æнцæ гъазæн киндзи хæццæ. Дохтури бæсти дзоруй гъомбæлгæнæг æхуæдæг.)*

**Гъ**. Ӕгас цотæ, сувæллæнттæ.
Ка уи æй сæйгæ?
Ци ди ресуй?
*(Агоруй сувæллæнттæй æнхæст дзуæппитæ æ фæрститæн, уæдта син æнхус дæр кæнуй.)*
**С**. Дæ бон хуарз, дохтур.
Мæдинæ нин сæйгæ æй.
Фæллух кодта е'нгулдзæ.
**Гъ**. Ӕрбадæ къелабæл, Мæдинæ, æз ба дин де'нгулдзæ радзæбæх кæнон.
*(Гъомбæлгæнæг дзоруй æма архайуй дохтури бæсти æхуæдæг: æркастæй æнгулдзæмæ, райсæрфта бæмпæгæй, байсарста æнгулдзæ цъæх хуасæй æма æй бинтæй бабаста.)*
**Гъ.** Цæмæй байсарста дохтур Мæдини æнгулдзæ?
**С.** Хуасæй.
**Гъ**. Хуасæ ба цихузæн адтæй, Батраз?
**Б.** Цъæх.
**Гъ**. Мæдини æнгулдзæ ци хуасæй байсарста дохтур, уой хонæн цъæх хуасæ. Зæгъæн, еумæ *цъæх хуасæ. (2-3 хатти дзорунцæ.)*
**Гъ**. Тæвдæ ба цæмæй исбарстан, Геор?
**Г.** Тæвдæбарæнæй. (*Агоруй æнхæст гъудиæдтæй дзуæппитæ.*)
**3**. **Гъ.** Сувæллæнттæ, равзаретæ, амонæн фæйнæгбæл ци цæсгæнтти хузтæ ес,уонæй æнкъард цæсгон æма'й бавдесетæ.
*(Сувæллæнтттæ райстонцæ хузæ æма 'й гъомбæлгæнæгмæ равардтонцæ.)*
**Гъ.** Фатимæ, Мæдини æнгулдзæ радзæбæх æй æма ходуй. Кæци хузæ райсдзæнæ ду?
(*Сувæллон равзаруй игъæлдзæг цæсгони хузæ.)*
**Гъ.** Цæмæн адтæй æнкъард Мæдинæ?
*(Сувæллæнттæ аллихузон дзуæппитæ дæдтунцæ: «сæйгæ кодта»; «æ къох ресгæ кодта»; «æ къох фæллух кодта».)*
**Гъ**. Игъæлдзæг ба цæмæн æй?
**С.** Дохтур ин е'нгулдзæ бабаста æма ин нæбал ресуй.
**Гъ.** Сувæллæнттæ, Мæдинæн ке банхус кодтайтæ, уой туххæй уин дохтур дæдтуй ватаминтæ.
*(Алкæмæн дæр радтуй витамин.)*
**Гъ**. Гъæйдæ, сабийтæ, еумæ дохтурæн райарфæ кæнæн: «Хуæрзæнхус уо». Хуæрзбонтæ, сабийтæ.

## *23- аг ахури усмæ*

**Темæ: «Транспорт»**

**Нисан:**

– Ахур кæнун сувæллæнтти æнхæст гъудиæдтæй сæ курдиадæ лæдæрун кæнун, гъазти архайгæй.

– Амонун еумæйагæй дзурд «**транспорт**»-и нисан æма уомæн æ хузти нæмттæ.

– Сувæллæнтти дзубандий ниффедар кæнун нæуæг дзурдтæ: **æйййевæн хай**, **аразæн**, **гуфæ**, **адæмласæн**, **уæзласæн**.

– Фарстатæ «цæйййасæ» æма «цæми»-æн раст дзуæппитæ дæттунбæл архайун, транспорти хузтæбæл дзоргæй.

– Траспорти цæугæй хедаруни æгъдæуттæбæл ахур кæнун.

**Æнхусадон æрмæг**

**Æвдесунмæ**: амонæн фæйнæгбæл адæмласæн транспорти хузтæ (автобус, троллейбус, трамвай); аллихузи æйййевæн хæйттæн сæ хузтæ; гъазæн машинттæ.

### Ахури цуд

**1. Гъ.** Уæ сæумæ хуарз, сабийтæ! Ка уи цæбæл æрбацудæй равдауæндонæмæ?

*(Сувæллæнттæ дзуапп дæдтунцæ.)*

**Гъ**. Рæвдауæндонæмæ хæстæг ка цæруй, етæ æрбацæунцæ фестæгæй. Идард ка цæруй, етæ ба машинттæбæл æрбацæунцæ. (*Федар кæнуй амонæн фæйнæгбæл адæмласæн транспорти хузтæ.)*

Ранимаетæ, сабийтæ, аци машинттæн сæ нæмттæ. *(Еугай амонуй хузтæмæ, сувæллæнттæ ба син еугай дзорунцæ сæ нæмттæ: автобус, трамвай.)*

**Гъ**. Автобус, троллейбус, трамвай æма такситæ ке ласунцæ?

*(Сувæллæнттæ дзуапп дæдтунцæ: адæми, сувæллæнтти, папити, нанати, бабати, мамити æма уотæ идарддæр.)*

**Гъ.** Сувæллæнттæ, аци машинттæ: автобус, трамвай, троллейбус, такси æнцæ адæмласæн. Еу дзурдæй сæ хонæн адæмласæн транспорт.

Зæгъайтæ еумæ:

Цалх − цæлхитæ.

Къæразгæ − къæрæзтæ.

Къела − къелатæ.

**Гъ**. *(Амонуй рульмæ.)* Мæнæ аци хай ба машинæн хонунцæ аразæн.
Зæгъæн еумæ: аразæн *(2-3 хатти).*
Кумæ ма ес фæццæуæн адæмласæн транспорти?
(*Сабийтæ дæдтунцæ аллихузон дзуæппитæ.)*
**2. Гъ**. Ацибон нæ нæ рæвдауæндонæмæ æрбаласун гъæуй нæуæг мебель. Циуавæр машини æрбаласдзинан мебель, сувæллæнттæ?
*(Сувæллæнттæ дзорунцæ аллихузон транспортти нæмттæ.)*
**Гъ.** Алан, иссерай нæ гъазæнти хæццæ, мебель ци машини æрбаласдзинан, уæхæн. *(Алан раласта гъазæн машинæ.)*
**Гъ.** Радзорайтæ, циуавæр хæйттæй конд æй аци машинæ?
*(Еугаййæй амонуй машини хæйттæ.)*
**Гъ**. Айæ ба ци æй? (*Амонуй кабинæ.)*
**С.** Кабинæ.
**Гъ**. Машини кабинæ. (*Агоруй, цæмæй сувæллæнттæ æнхæст гъудиæдтæй дзуапп дæдтонцæ фæрститæн.)*
**Гъ.** (*Амонуй гуфæмæ.*) Айæ ба машинæн æ кæци хай æй, Хетæг? (*Сувæллæнттæ дзуапп дæдтунцæ.)*
**Гъ.** Зæгъæн ма еу хатт − машини гуфæ. *(Уотæ алли хаййæн дæр æ ном дзорунцæ еумæ цалдæр хатти.)*
**Гъ**. Аци машини адæм ласун æмбæлуй, сувæллæнттæ?
*(Сувæллæнттæ дæдтунцæ аллихузон дзуæппитæ.)*
**Сюжетон гъазт «Шофир»**
Гъомбæлгæнæг гъазæн киндзæ машини гуфи сбадун кæнуй æма сувæллæнттæй еу машинæ фæлласуй æ фæдбæл. Сувæллон машинæ ласуй æма гъазæн киндзæ рахаудтæй зæнхæмæ.
**Гъ**. Цæмæн рахаудтæй гъазæн киндзæ зæнхæмæ?
*(Сувæллæнттæ дæдтунцæ аллихузон дзуæппитæ.)*
Циуавæр машини сбадун кæнун гъудæй гъазæн киндзи? *(Адæмласæн: автобуси…)* Аци машини ба ласæн аллихузи уæзтæ. Хонæн æй уæзласæн машинæ. Зæгъæн бабæй еумæ: **уæзласæн машинæ** *(2-3 хатти.*)
**3. Гъ**. Равдесайтæ амонæн фæйнæгбæл адæмласæн æма уæзласæн транспорт æма ма син еу хатт сæ нæмттæ зæгъетæ. *(Дзорунцæ еумæ.*)
Аци машинæ ба мадта, сувæллæнттæ, æй уæзласæн. Зæгъайтæ еумæ – **уазласæн машинæ**. (*2-3 хатти.)*

**Гъ.** Берæ уæзласæн машинттæ дæр æнцæ транспорт. Куд уæмæ кæсуй, сувæллæнттæ, аци машинттæ сæхуæдтæ цæунцæ?
*(Сувæллæнтти дзуæппитæмæ байгъосун æма хатдзæг искæнун.)*
**Гъ**. Раст зæгъетæ, машинæ тæруй шофир. Æнæ шофирæй еу машинæ дæр æ бунатæй нæ фезмæлдзæнæй. Шофир машинæн æ алли хай дæр зонуй.Зелуй имæ, æхемæ куд зелуй, уотæ. Машинæй ести ку расæттуй, уæд е балхæнуй нæуæг æййевæн хай æма'й тагъд рацалцæг кæнуй.
Нур ба цæуæн æрдзæмæ. Мæнæ нæ уæзласæн машинæ дæр нæ хæццæ райсдзинан æма си тургъи рагъаздзинан.

## *25 -аг ахури усмæ*

**Темæ: «Уалдзæг»**
**Нисан:**

– Базонгæ кæнун сабийти, уалдзæг æрдзи ци æййивдзийнæдтæ æрцæуй, уони хæццæ, сюжетон хузæмæ кæсгæй.
– Исахур кæнун цубур æмдзæвгæ наизусть.
– Сувæллæнтти базонгæ кæнун нæуæг дзурдти хæццæ: ех къубарæ, уалдзæг, науæ; архайун номдар æма минеуæгонтæ раст бæттунбæл.
– Уалдзигон æрдзи рæсугъддзийнæдтæмæ уарзондзийнади æнкъарæнтæ равзурун кæнун.

**Æнхусадон æрмæг**
**Æвдесунмæ:** сюжетон хузæ «Ралæудтæй уалдзæг», гæгъæдиæй конд наутæ, гъазæн киндзитæ алли сувæллонæн дæр.

### Ахури цуд

**1. Гъ**. Уæ бон хуарз, сабийтæ! *(Æ къохи гъазæн киндзæ.)* Сабийтæ, гъæйдæ, ракæсæн къæразгæй, циуавæр æй бонигъæдæ ацибон?
*(Сувæллæнттæ æма гъомбæлгæнæг кæсунцæ къаразгæй æма аллихузон дзуæппитæ дæдтунцæ.)*
**Гъ**. Ка зæгъдзæнæй, анзи кæци афонæ ралæудтæй? Нæ'й зонетæ? Мæдинæ ба'й зонуй. Æмдзæвгæ дæр ма 'йбæл исахур кодта. Ба имæ игъосайтæ.

*(Гъазæн киндзи номæй дзоруй гъомбæлгæнæг.)*

**Уалдзæг**

Зумæг нæма ’й иронхи,
Фал æй уалдзæг афуй.
Æртавуй хор и хонхи,
Зæрин тунæ уафуй.
Уорсзæнгæ бæрзи хæццæ
Рæудумги кафт – цæрдæг.
Иссæнцæ хуæрзæмхæццæ
Фæсалæ ’ма кæрдæг.

*Къибирти Амурхан*

*(Гъомбæлгæнæг ауиндзуй хузæ амонæн фæйнæгбæл.)*

**Гъ**. Æрбакæсайтæ мæнæ аци хузæмæ дæр, Мæдинæ ’й æрбахаста. Ци уинетæ, сувæллæнттæ, хузи?

*(Сувæллæнттæ дзуапп дæдтунцæ: хор кæсуй, меттæ æма ехтæ тайунцæ; кизгæ, биццеу.)*

**Гъ**. (*Амонуй ехтæдзунæгтæмæ.)* Атæ ба ци ’нцæ?

*(Сувæллæнтти дзуæппитæмæ байгъосун, уæдта хатдзæг искæнун.)*

**Гъ.** Атæ æнцæ ехтæдзунæгтæ. Ехтæдзунæгтæ хори гъармæ тайунцæ, æма цума кæугæ кæнунцæ, уотæ зæнхæмæ æртæхгай хаунцæ. Еумæ зæгъæн – ехинтæдзунæгтæ тайунцæ (*2-3 хатти*).

**Гъ.** Цæмæн тайунцæ меттæ, ехтæдзунæгтæ, сувæллæнттæ?

(*Сувæллæнттæ дæдтунцæ аллихузон дзуæппитæ, гъомбæлгæнæг син сæ æнхæст кæнуй, агоруй си æнæгъæнæ гъудиæдтæй дзуæппитæ.)*

**Гъ.** Раст æй, сабийтæ, хор хъæбæрдæр тавуй, мет тайуй, рæстæг фæгъгъардæр æй. Цæй, æма мах дæр нæхе хори гъар туntæмæ батавæн.

**2. Уолæфти минут**

Хор тавуй: кæрæдзей къохтæбæл æрхуæцæн. (*Гъомбæлгæнæг дзоруй æма амонуй. Сувæллæнтæ’й фæнзунцæ.*) Къохтæ хæрдмæ исивазæн, къахи финдзтæбæл ислæууæн, хормæ нæхе батавæн(*2-3 хатти).* Ци хуарз нæ батавта хор. Исгъар ан. Хуарз, сабийтæ, еухатт ма æрбакæсетæ хузæмæ.

**Гъ.** Айæ ка æй, Заур? *(Биццеу.*)

**Гъ**. Айæ ка æй, Зæлинæ (*кизгæ*). Ци косунцæ кизгæ æма биццеу?
*(Сувæллæнттæ дзуапп дæдтунцæ.)*
**Гъ**. Мæнæ айæ ба ци æй? Цæмæн низзулунтæ ’й?
*(Сувæллæнттæмæ лæмбунæг байгъосгæй син сæ дзуæппитæ банхæст кæнун гъæуй.)*
**Гъ**. Цæмæй бæрæг æй, Метин лæг тайун райдæдта, е?
**С**. Хор æй батавта æма æ рæбунтæй дон уайуй.
**Гъ.** Анзи афæнттæй кæци ралæудтæй, уой нæма базудтайтæ,сабийтæ?
*(Кæд сувæллæнтти бон нæ бауа, уæд гъомбæлгæнæг æхуæдæг зæгъуй.)*
**Гъ.** Сувæллæнттæ, ралæудтæй уалдзæг. Хор хъæбæрдæр тавуй. Мет тайуй. Тургъи аллирдигæй дон уайуй гъæунгæмæ. Еумæ зæгъæн – ралæудтæй уалдзæг *(2-3 хатти.*)
**Гъ.** Ци косунцæ мæнæ аци кизгæ æма биццеу ба?
(*Сувæллæнтти æргом раздахуй хузæмæ.)*
**Гъ.** Кизгæ æма биццеу дони науæ уадзунцæ.
Зæгъæн еумæ − науæ; науæ уадзунцæ (*2-3 хатти).*
**Гъ.** Æз дæр уин, сабийтæ, искодтон гæгъæдийæй наутæ. (*Æвдсеуй наутæ сувæллæнттæмæ.)*
Фал ма Мæдини хæццæ æмдзæвгæ еу хатт ку радзориайтæ, е мæ фæндуй. *(Гъомбæлгæнæг æма сувæллæнттæ дзорунцæ æмдзæвги дзурдтæ еумæ.)*
**Гъ.** Иннæ ахури сахатти мах аци æмдзæвгæ кæронмæ исахур кæндзинан, нур ба цæуæн тургъæмæ æма нæ наутæ дони рауадзæн.

## *26-аг ахури усмæ*

**Темæ: «Уалдзæг»**
**Нисан**:

– Амонун сувæллæнттæн уалдзигон æрдзи фæззиндтитæ.
– Ахур кæнун сабийти аргъаумæ игъосунбæл æма ин æ медес фæрститæмæ гæсгæ дзорун. *(«Хестауæг тæрхъос».)*
– Базонгæ кæнун сувæллæнтти мæнæ уæхæн дзурдти хæццæ: **фæддаргъ æй,**

**фæгъгъар æй, æстаун – хестаун**. Æма син сæ сæ дзубандий ниффедар кæнун.

– Хуарз æма лæгъуз гъуддæгтæн аргъ кæнунбæл ахур кæнун сабийти.

**Æнхусадон æрмæг**

**Æвдесунмæ**: гъазæн киндзæ, гъазæн тæрхъос.

### Ахури цуд

**1. Гъ**. Уæ сæумæ хуарз, сабийтæ! Ка зæгъдзæнæй, анзи афæнттæй кæци ралæудтæй? Циуавæр æй ацибон бонигъæдæ? (*Сувæллæнтти дзуæппитæ.*) (*Æнæнгъæлти дуар кадæр æрбахуаста, гъомбæлгæнæг рахаста гъазæн киндзæ Мæдини æма гъазæн тæрхъос.)*

**Гъ.** Ка нæмæ æрбацудæй иуазæгуати?

**С.** Гъазæн киндзæ Мæдинæ æма тæрхъос.

**Гъ**. Салам син радтетæ.

**С**. Æгас нæмæ цотæ, нæ зинаргъ гъазæнтæ.

**Гъ**. Сабийтæ, ка уи зонуй кæми цæруй тæрхъос?

**С**. Тæрхъос цæруй гъæди.

**Гъ**. Æ синхæгтæ ба ка’нцæ гъæди?

**С**. Арс, берæгъ, робас, æхсæрсæттæг.

**Гъ.** Кæсайтæ, нæ тæрхъос куд зир-зир кæнуй, æ гъостæ æруагъта. Цума ци кодта, цæмæй фæттарстæй тæрхъос?

(*Сувæллæнттæ аллихузон дзуæппитæ дæдтунцæ.)*

**Гъ**. Мæдинæ зонуй, цæмæй фæттарстæй тæрхъос, уой. Байгъосетæ имæ лæмбунæг.

*(Сувæллæнттæ æрбадунцæ гъомбæлгæнæги аллифарс æма е дзоруй аргъау гъазæн киндзи хузи.)*

**2. Аргъау «Хестауæг тæрхъос»**

**Гъ.** Аци тæрхъос цæруй гъæди (*амонуй гъазæнмæ).* Ралæудтæй уалдзæг. Бон фæддаргъдæр æй. Хор хъæбæрдæр тавуй. Сирдтæ райгъал æнцæ. Мадæ арс æ хъæболти хæццæ лæгæтæй ралæстæй. Нæ тæрхъос æрæмбурд кодта е’мбæлтти, слæудтæй æ фæстæгутæбæл æма æхе æстауй: «Игъосетæ, тæпуодтæ. Нæбал тæрсун æз берæгъæй, берæгъи мæ хъелгъостæй фæссордзæнæн гъæдæй!»

Гæппитæ кæнуй. Æнæнгъæлæги берæгъ нæ, фал робас кæцæйдæр

рагæпп кодта. Нæ тæрхъосæн æ уод æ къæхти рамедæг æй. Хуарз æма ’йбæл Мæдинæ исæмбалдæй.
*(Равдесайтæ ма еу хатт тæрхъоси зир-зир гæнгæй.)*
**Гъ.** Робас æй фæттæрсун кодта æма ’йбæл зир-зир бафтудæй. Тæрегъæд æй. Æр æй сабур кæнтæ, сабийтæ. Ци ин зæгъдзæнæ ду, Светæ?
**Св**. Ма тæрсæ, тæрхъос, робас уотæ тæссаг нæй, берæгъæн дæр дæ нæ ратдзинан.
Гъ. Нæ тæрхъос хеппæлой æй æма ’йбæл уомæн æрцудæй уæхæн цау. Зæгъæн еумæ – **хеппæлой тæрхъос.** *(2-3 хатти.)*
**Гъ**. Сувæллæнттæ, хе æппæлун хуарз æй?
(*Сувæллæнттæ аллихузон дзуæппитæ дæдтунцæ.)*
**Гъ.** Барæвдауæн нæ тæрхъоси æма ин разарæн зар.
**3. Гъ**. Нур ба уалдзæги туххæй Мæдинæ радзорæд æмдзæвгæ.

**Уалдзæг**

Уалдзæг исхæстæг æй,
Сæттуй и уазал,
Зуймон Метин лæги
Скодта æ разæй.

Зумæг губурсунтæй
Ледзуй, имæхсуй,
Æхе гъæдрæбунти,
Кæмтти римæхсуй.

Уалдзæг хори тунтæй
Кæсуй æ фæсте.
Дæнттæй и гъæунгти
Цæуæн ку нæййе…

*Скъодтати Эльбрус*

**Гъ.** Сугъзæрийнæ æрбауай, Мæдинæ. Хуæрзбон, нæ иннæ фембæлдмæ бал.

## *27-аг ахури усмæ*

**Темæ: «Уалдзæг»**

**Нисан**:

– Ахур кæнун сабийти гъомбæлæгæнæги фæрститæн æнхæст гъудиæдтæй дзуапп дæдтунбæл.

– Лæдæрун кæнун бацеу-бацеути медес æма син дзуапп исаразунбæл архайун.

– Бафедар кæнун сувæллæнтти дзубандий дзурдтæ:**къубарæ**, **уалдзигон**, **тæрхъос-хъелгъос, гъар бæстæ**.

– Ахур кæнун сабийти æрдзи рæсугъддзийнæдтæ гъæуай кæнунбæл.

**Æнхусадон æрмæг**

**Æвдесунмæ**: сюжетон хузтæ: «Зумæг гъæди», «Уалдзæг гъæди», гъазæн устур тæрхъос.

**Ахури цуд**

**1. Гъ.** Зумæгæй ардæмæ нæма адтæн гъæди. Æзинæ фæццудтæн æма ’й нæбал базудтон. Кæсайтæ, куд райййивта æхе.

*(Ауиндзуй амонæн фæйнæгбæл æрдзи хузтæ: «Зумæг гъæди», «Уалдзæг гъæди». Сувæллæнтти æргом æздахуй фиццаг хузæмæ.)*

**Гъ**. Ци уинетæ аци хузи?

*(Сувæллæнттæ дзуапп дæдтунцæ.)*

**Гъ**. (*Амонуй 2-аг хузæмæ.*) Аци хузи ба цæ уинетæ? Ци фæцæй мет? Ци фæззиндтæй бæлæстæбæл? Циуавæр цъеутæ æрбатахтæнцæ гъар бæстæй?

*(Сувæллæнттæ архайунцæ дзуапп дæдтунбæл, гъомбæлгæнæг син æнхæст кæнуй сæ дзуæппитæ.)*

**2.** Базонайтæ, е кæд фæуууй?

*Бацеу-бацеу*
Мет – тайуй.
Дон – уайуй.

Хор æ тунтæй тавуй зæнхæ.

**С.** Уалдзæги.

**Гъ.** Раст æй, сабийтæ, ралæудтæй уалдзæг. Æрдзæ бонæй-бонмæ рæсугъддæр кæнуй. Цæрæгойтæ базмалдæнцæ. Цума цæмæн, ка зæгъдзæнæй?

*(Сувæллæнттæн дзуапп дæдтунмæ гъомбæлгæнæг æнхус кæнуй.)*
**Гъ.** Цæрæгойтæ æййевунцæ сæ зумæгон дарæстæ. Кæсайтæ, мæнæ нæ тæрхъос дæр искодта уалдзигон дарæс. *(Равдесуй фунукхуз гъазæн тæрхъос.)* Æ хæццæ рагъазæн.
**3. Æзм./гъ. «Тæрхъостæ»**
(*Гъомбæлгæнæг дзоруй æма архайдæй амонуй гъазти медес, сувæллæнттæ'й фæнзунцæ.)*
**Гъ.**

Искастæй тæрхъос кæрдæгæй,
Хе е 'мбæлттæн æстауй,
И бæдæйнаг исцæрдæг æй.
И гъæддаг сирдти фауй.

*Гъомбæлгæнæг гæппитæ кæнуй, æ къохтæ æ сæрбæл гъости хузæн æвæруй.*

Рауадæй робас уæдмæти
Думæг телгæ и пихсæй,
Æ тæссæй хъелгъос хæмпæлти
Хæрдмæ-къоли «ниппихсæ»'й.

*Сувæллæнттæй хуæздæр ка арæхсуй, е дзоруй.*

*Скъодтати Эльбрус*

**Гъ.** Кæсайтæ, сабийтæ, нæбал зир-зир кæнуй нæ тæрхъос. Схъел кодта æ гъостæ. Цæуæн нур ба æрдзæмæ. Нæ хæццæ райсæн нæ гъазæнтæ − Мæдинæ æма нæ тæрхъоси, уадзæ æма етæ дæр уалдзигон хори тунтæмæ сæхе батавонцæ.

## *28-аг ахури усмæ*

**Темæ: «Уалдзæг»**
**Нисан:**

– Идарддæр ахур кæнун сабийти сюжетон хузтæмæ гæсгæ цубур радзурдтæ дзорунбæл гъомбæлгæнæги æнхусæй.

– Архайун сувæллæнтти дзурдуат гъæздугдæр кæнунбæл минеуæгонтæ æма миуæвдесгутæй.

– Мурæ **къ** раст æма кæдзос дзорунбæл ахур кæнун тагъддзоруйнæгти фæрци.

– Уарзондзийнади æнкъарæнтæ æвзурун кæнун сабийти зæрдити цæрæгойти æма мæргътæмæ.

| | |
|---|---|
| **Тагъддзоруйнаг**<br>Хъуæдат, хъуæдат!<br>Кæркдонæмæ<br>Гъузуй робас.<br>Хъуæдат, хъуæдат!<br>Кæркити къуар<br>Иссæнцæ ханс.<br>Хъуæдат, хъуæдат!<br>Æдас уотæ,<br>Уинетæ фун.<br>Хъуæдат, хъуæдат,<br>Робасæн куй<br>Сцæгъддзæй æ гъун.<br>*Къибирти Амурхан* | |

**Дзурдуат**: дзигго, хуасгæрдæг, гъун,фæрдуг.

**Æнхусадон æрмæг**

**Æвдесунмæ:** хузæ «Хæдзари мæргътæ» – амонæн фæйнæгбæл федаргондæй.

**1. Гъ**. Сабийтæ, бакæсайтæ хузæмæ лæмбунæг. Циуавæр анзи афонæ æвдист цæуй хузи*? (Уалдзæг.)*

– Ци амонуй айæ? (*Амонуй уасæнгæмæ.)*

– Ци æй уасæнгæн*? (Амонуй уасæнгæн æ гопп, æ къæдзелæ.*)

– Цихузæн æй уасæнгæн æ гопп?

– Циуавæр къæдзелæ ес уасæнгæбæл?

(*Сувæллæнттæ архайунцæ гъомбæлгæнæги фæрститæн дзуапп дæдтунбæл.)*

**Гъ.** Ке уи фæндуй уасæнги туххæй радзорун?

(*Байгъосгæ æй 2-3 сувæллонемæ. Æнхæст син кæнгæ ’й сæ дзуæппитæ.)*

Еу хатт ма зæгъæн: айæ æй уасæнгæ. Ес ин сурх гопп, рæсугъд къæдзелæ. Уасæнгæ заруй: «Хъи-хъри-хъо!»

**Гъ.** Низзарæн еумæ: «Хъи-хъри-хъо»(*2-3 хатти).*

*(Сувæллæнттæ зарунцæ æма гъомбæлгæнæги амундмæ гæсгæ фæнзунцæ, уасæнгæ æ базуртæ куд æрцæгъдуй, уой.)*

*(Гъомбæлгæнæг идарддæр хузи равдесуй цъеутæ.)*

– Атæ ци ’нцæ? (*Цъеутæ.)*

– Цæййасæ æнцæ*? (Минкъийтæ.*)

– Цихузæн æнцæ? (*Бор, сау, гъолон-молон.*)

**Гъ**. Фæлмæн, хæмпос цъеутæ. Куд зарунцæ минкъий хæмпос цъеутæ?

**С.** Цъепп-цъепп *(2-3 хатти).*

**2**. Ка нин радзордзæнæй цъеути туххæй ба?

*(Байгъосун еу-дууæ сувæллонемæ. Банхæст син кæнун сæ дзуæппитæ. Гъомбæлгæнæг равдесуй карки хузæ.)*

**Гъ.** Цъеутæ еунæгæй æнцæ тургъи?

**С**. Сæ мади хæццæ.

**Гъ.** Ци архайуй мадæ карк?

**С**. Амонуй цъеутæн хуаллаг агорун, кæрдæгбæл хезун. Зæгъæн ма еумæ − карк гъæуай кæнуй æ цъеути.

(*2-3 хатти дзорунцæ еумæ, уæдта еугай дзорунцæ: карк гъæуай кæнуй æ цъеутæ.*)

**Гъ.** Махæн карк ци радтуй? (*Айкæ.*)

**Гъ**. Ракорæн каркæй айкæ. Фиццаг бал мæнмæ байгъосетæ, уæдта дзордзинан еумæ.

Кæнун уин тагъддзоруйнаг: «Хъуæдат-хъуæдат…»

## *29-аг ахури усмæ*

**Темæ: «Деденгутæ»**

**Нисан**:

– Ахур кæнун сувæллæнтти гъомбæлгæнæги фæрститæмæ гæсгæ цубур радзурдтæ дзорунбæл.

– Архайун, цæмæй сувæллон æнкъара æ алфанбулай æрдзи рæсугъддзийнæдтæ.

Сувæллæнтти дзурдуати ниффедар кæнун нæуæг дзурдтæ: **деденæг**, **деденæги сифтæ**, **зæнгæ**.

– Амонун лухгонд хузи хæйттæй æнæгъæнæ хузæ æрæмбурд кæнун.

**Æнхусадон æрмæг**

**Æвдесунмæ**: тæскъи аллихузи деденгутæ; деденгути хузтæ амонæн фæйнæгбæл федаргонд: деденгути хузтæ лухгондæй алли сувæллонæн дæр.

**Ахури цуд**

*(Гъомбæлгæнæг æрбахаста деденгутæ уатмæ.)*

**1. Гъ**. Сабийтæ, кæсайтæ, ци рæсугъд деденгутæ ес тæскъи. Цæмæн гъæунцæ деденгутæ? Циуавæр деденгутæ фæууй?

*(Сувæллæнттæ архайунцæ дзуапп дæдтунбæл.)*

**Гъ**. Æркæсайтæ ма сæмæ еу хатт лæмбунæг. Цихузæн æнцæ деденгутæ?

**С**. Сурх, уорс, бор…

**Гъ**. Циуавæр æнцæ аци деденгутæ?

**С**. Аллихузон.

*(Сувæллæнттæ дзуапп дæдтунцæ.)*

**Гъ**. Сослан, мæнæ аци деденгутæ цæхæн æнцæ?

*(Амонуй листæг уорс деденгутæмæ.)*

**С.** Листæг.

**Гъ.** Уæдта ма цихузи æнцæ? *(Уорс.)*

*(Гъомбæлгæнæг 3-4 сувæллони бафæрсæд æма син сæ дзуæппитæмæ байгъосæд.)*

**Уолæфти минут**

**Игуæрдæн**

Мамæ, мæнæ деденæг,
Æ тъæфтæ – сæнт уорс.
Еума – сæнт сурх деденæг,
Æ сæр ба – къæлос.

*(Сувæллæнттæ дзодздзæги æрбадунцæ, сабургай фестунцæ,слæуунцæ сæ къæхтæбæл; къохтæ уæлæмæ исесунцæ, уæдта сæ фæйнердæмæ ивазунцæ. Гъазунцæ 2-3 хатти.)*

**2. Д/гъазт «Æрæмбурд кæнæ деденæг»**

**Гъ.** Стъолбæл лухгонд хузтæй æнæгъæнæ деденæг æрæмбурд кæнетæ. Радзоретæ, ци æрæмбурд кодтайтæ. *(Сувæллæнттæ архайунцæ.)*

**Гъ.** Ирæ, ци æрæмбурд кодтай? *(Деденæг.)*

Цихузæн деденæг æй? *(Сурх.)*

**Гъ.** Заур, дæумæ ба ци рауадæй? *(Деденæг.)*

Дæуæн ба цæхæн æй дæ деденæг? *(Стур æма сурх.)*

**Гъ**. Мæнæ айæ ба ци æй деденæгæн? *(Амонуй зæнгæмæ.)*

**Гъ.** Сувæллæнттæ, айæ æй деденæгæн æ зæнгæ. Зæгъæн еумæ: **деденæги зæнгæ** *(2-3 хатти.)*

**Гъ**. Зæринæ, мæнæ айæ ба ци æй деденæгæн? (*Амонуй деденæги сифæмæ.*)

*(Фæрститæн дзуапп ку нæ еронцæ сабийтæ, уæд дзоруй гъомбæлгæнæг æхуæдæг*).

**Гъ**. Айæ æй деденæги сифæ. Деденæгбæл ес берæ сифтæ.

**Гъ.** Зæгъæн ма еумæ: **деденæги сифæ,деденæги сифæ**.

Ци уарзунцæ деденгутæ?

Ци сæ гъæуй, цума, рæсугъд унмæ?

**С.** Хор, дон, гъар.

**Гъ**. Исæвæретæ деденгутæ вази æма сæбæл дон никкæнетæ.

*(Сувæллæнттæ æвæрунцæ еугай деденгутæ тæскъæй вазæмæ æма сæбæл дон кæнунцæ.)*

**Гъ.** Нур деденгутæ берæ фæллæудзæнцæ нæ уати æма нин сæ уиндæй нæ зæрдитæ рохс кæндзæнæнцæ. Сумахæн ба уæ салам берæ, сабийтæ. Нæ иннæ фембæлдмæ æнгъæл кæсдзинан.

## *30-аг ахури усмæ*

**Темæ: «Сæрдæ. Уæздан дзубанди. Рæвдауæн дзурдтæ»**

**Нисан:**

– Ахур кæнун сувæллæнтти уæздан дзубандий фæрци курдиадæ æнхæст кæнунбæл. Монологтæ аразун.

– Амонун рæвдауæн дзурдтæ: табуафси, æхцæуæн мин æй, дæ хуарзæнхæй.

– Архайун, цæмæй сабийтæ хуæздæр æнкъаронцæ æрдзи рæсугъддзийнæдтæ.

**Æнхусадон æрмæг**

**Æвдесунмæ**: гъазæн киндзæ.

### Ахури цуд

**1. Гъ.** Сувæллæнттæ, абони уæ рæвдауæндонæмæ ку’рбакодтонцæ, уæд кæрæдземæн салам куд лæвардтайтæ?

**С**. Дæ сæумæ хуарз; салам; æгас цо.

**Гъ.** Æз ма никкидæр еу дзубанди зонун, фæззæгъун æй, фулдæр ке уарзун, еци æмбæлттæн: «Æхцæуæн мин æй дæ фæууиндæ». Еумæ зæгъæн: «Æхцæуæн мин æй дæ фæууиндæ». (*2-3 хатти дзорунцæ еумæ, уæдта – алли сувæллон дæр хецæнæй.)*

**2. Дзурдтæй гъазт**

Сабийтæ, рагъазæн еумæ: кизгуттæ еуæрдигæй ислæууæнтæ, биццеутæ ба – сæ бакомкоммæ.

Фиццаг дзоруй кизгæ:

**К**. Дæ сæумæ хуарз!

**Б.** Ӕгас цо!

**К.** Ӕхцæуæн мин æй дæ фæууинд.

Уой фæсте дзоруй биццеу: «Дæ сæумæ хуарз!»

**К.** Ӕгас цо!

**Б**. Ӕхцæуæн мин æй дæ фæууинд.

*(Ӕнæнгъæлæги кадæр дуар æрбахуаста. Гъомбæлгæнæг æ къохи æрбахаста гъазæн киндзæ. Дзоруй гъазæн киндзи номæй).*

**Гъазæн киндзæ Мæдинæ**. Уæ сæумæ хуарз! (*Хæстæг балæудтæй сувæллæнттæмæ.)* Мæнæ уæмæ цæйбæрцæ гъазæнтæ ес! Гъазæн мебель, гъазæн киндзитæ, машинттæ, къозотæ, аллихузи хуарæнтæ. Гъомбæлгæнæг уæмæ фæддæдтуй гъазæнтæ?

Ӕма уæмæ хуарæнтæ дæр радтуй?

**С**. Гъо! Радтуй нæмæ гъазæнтæ дæр, хуарæнтæ дæр æма кърандæстæ дæр.

**Мæд.** Ци хуарз æй. Алли гъазæнæй дæр уæ бон æй рагъазун. Ку уæ бафæндæуа, уæдта уæ бон æй хузæ кæнун хуарæнтæй. Мæнмæ ба мæ хуæрæ хуарæнтæ нæ фæддæттуй. Хилæ мин фæккæнуй.

**Гъ**. Рагъуди кæнай, Мæдинæ? Циуавæр дзурдтæ зæгъун гъæуй, цæмæй уæмæ хуарæнтæ радтон?

*(Сувæллæнттæ нæма исарæхсдзæнæнцæ аци фарстæн дзуапп радтунмæ, уомæ гæсгæ гъомбæлгæнæг дзоруй æхуæдæг.)*

**Гъ.** Зæгъун гъæуй, сабийтæ, уæздан дзурдтæ: табуафси, дæ хуарзæнхæй. Зæгъæн еумæ – дæ хуарзæнхæй. *(2-3 хатти дзорунцæ еумæ, уæдта алли сувæллон дæр.)*

Нур ба зæгъæн – табуафси – радтæ мин дæ гъазæн (*2-3 хатти.)*

**Гъ**. Ирæ, райсæ Светæй сурх кърандас.

**Ирæ**. Дæ хуарзæнхæй, Светæ, радтæ мин сурх кърандас.

**С.** Ирæ, табуафси, райсæ сурх кърандас.

**Гъ.** Аззæ, Хетæгæй ракорæ гæгъæди.

**А**. Хетæг, дæ хуарзæнхæй, радтæ мин гæгъæди.

**Х**. Аззæ, табуафси, райсæ гæгъæди.

**Гъ**. Аззæ, Хетæг дин равардта гæгъæди, ци ин зæгъун гъæуй?
**А**. Дæ лæвар берæ, Хетæг.
**Гъ.** Нур ба ду ракорæ, Мæдинæ, Аликкæй машинæ.
*(Дзоруй гъазæн киндзæмæ.)*
**Мæдинæ.** Алик, мæн дæр машинæ гъæуй.
**Гъ**. Раст дзоруй Мæдинæ, сувæллæнттæ?
**С**. Нæгъ. Зæгъун гъæуй уотæ: «Алик, дæ хуарзæнхæй, радтай мæмæ дæ машинæ».
**Мæдинæ** (æ бæсти дзоруй гъомбæлгæнæг). Нур æз дæр базудтон, мæ хуæрæй хуарæнтæ куд ракорун гъæуй, уой. Æз ин зæгъдзæнæн: «Дæ хуарзæнхæй, радтæ мæмæ дæ хуарæнтæ».Уæдта ин зæгъдзæнæн: «Дæ лæвар берæ.»
**Гъазæн киндзæ Мæдинæ**. Мæнæн хъæбæр æхцæуæн адтæй, уæздан дзурдтæ дзорунбæл мæ ке исахур кодтайтæ, е, æма уин зæгъун: «Уæ цæрæнбон берæ!».
**Гъ**. Сувæллæнттæ, сумах дæр ма иронх кæнетæ алли бон дæр кæрæдземæн уæздан дзурдтæ дзорун.

## *31 -аг ахури усмæ*

**Темæ: «Сæрдæ»**
**Нисан:**
– Фæлтæрун темæмæ гæсгæ цубур радзурд аразунбæл, сюжетон хузæ æма гъазæнтæй пайда гæнгæй.
– Ахур кæнун цубур æмдзæвгæ. Муртæ раст æма кæдзосдæр дзорун. Минеуæгонтæ æма миуæвдесгутæй пайда кæнун.
**Дзурдуат:** сæрдæ, тæлфагæ, догъон.
**Æнхусадон æрмæг**
**Æвдесунмæ**: сюжетон хузтæ анзи алли афонæй дæр. Устур сюжетон хузæ «Сæрдæ».Къозо.

### Ахури цуд

**Гъ**. Уæ сæумæ хуарз, сувæллæнттæ. Аци бон мæмæ постхæссæг равардта мæнæ аци хузæ. Æркæсайтæ имæ лæмбунæг.
**Гъ.** Радзорай, Фатимæ, ци уинис хузи?
**С**. Хор кæсуй, сувæллæнттæ гъазунцæ.

**Гъ**. Ду ба ци уинис хузи, Зæринæ?
**З.** Сувæллæнттæ сæхе æртайунцæ дони, хормæ сæхе тавунцæ.
**Гъ.** (*Амонуй хузæмæ.)* Хетæг, ду ба ци уинис хузи?
**Х**. Кизгæ æма биццеу гъазунцæ къозойæй.
**Гъ**. Аслан, циуавæр дарæс ес сувæллонбæл? (*Тæнæг.)*
**Д.гъазти медес**
*(Стъолбæл ци хузтæ ес, уони сувæллæнттæ гъомбæлгæнæги æнхусæй еугай федар кæнунцæ амонæн фæйнæгбæл.)*
Гъомбæлгæнæг дзоруй: «Хор тавуй зæнхæ».
*(Сувæллæнттæ сæхе хормæ тавунцæ, гъазунцæ къозойæй. Æртайунцæ сæхе дони. Уой фæсте гъомбæлгæнæг сувæллæнтти æргом æздахуй, фланелеграфбæл ци хузтæ бафедар кодтонцæ, уонæмæ.)*
**Гъ.** Анзи афæнттæй кæци æвдист æй хузи?
*(Сувæллæнттæ фарстæн дзуапп куне 'ссеронцæ, уæд гъомбæлгæнæг дзоруй æхуæдæг.)*
**Гъ**. Сувæллæнттæ, аци хузти æвдист цæуй сæрдæ. Еумæ зæгъæн: -Ралæудтæй сæрдæ. Хор тавуй. *(2-3 хатти.*) Сувæллæнттæ сæхе æртайунцæ дони, гъазунцæ къозойæй. *(Равдесуй устур сурх къозо, æ астæубæл уорс ханхæ.)*
**Гъ**. Ци æй айæ?*(Къозо, хъазмуз)* Циуавæр æй къозо? Цæхæн æй æ хузæ? *(Устур. Сурх. Ес уорс ханхæ æ астæубæл. Тумбул. Æй резинæй конд.)*
**Гъ**. Цæмæн гæпп-гæпп кæнуй? *(Цума къозо хъазмуз лæдæруй, уоййау имæ гъомбæлгæнæг дзоруй.)*
**Гъ**. Гæпп-гæпп кæнун зонис? Игъæлдзæг схъиудтитæ ба? Сабийтæ, къозой фæндуй, цæмæй ин сумах уæздан зæгъайтæ. Циуавæр уæздан дзурдтæ зонетæ?
**С.** Табуафси; æхцæуæн мин æй; боз ди ан.
**Гъ**. Ирæ, зæгъай, циуавæр æй къозо?
**И.** Къозо æй устур, тумбул, резинæй конд. Сурх рæсугъд къозо. *(Байгъосетæ 2-3 сувæллонемæ.)*
**Гъ**. Алан, зæгъай къозойæн уæздан дзурдтæ, цæмæй дæ хæццæ рагъаза.
**А.** Дæ хуарзæнхæй, къозо, рагъазæ мæ хæццæ.
*(Сувæллон дзурд куд фæцæй, уотæ гъомбæлгæнæг къозо зæнхæмæ*

*æргæлста.)*

**Гъ**. Кæсайтæ, кæсайтæ, куд игъæлдзæг гæппитæ кæнуй къозо. Байгъосайтæ æмдзæвгæмæ.

**Къозо**
Тæхуй къозо зур-зурæй.
Ледзуй къозо гæп-гæппæй.
Зæнхæ − хургун, къузур æй,
Сорæн къозо сæп-сæппæй.

Бауæгæ ан æмбурдæй, –
Нæ зæрдитæ − тæп-тæпп-тæпп.
Къозо схъеуй и хуртæй –
Алли ’рдæмæ – гæп- гæпп-гæпп.

Аслан − махæй цæрдæгдæр,–
Къозо размæ ракъуæруй.
Æй е махæн хæстæг дæр,
Æнцонæй гол бакъуæруй.
*Къибирти Амурхан*

*Къозо зæнхæбæл гæппитæ кæнуй. Ледзунцæ къозой фæсте сæпп-сæппæй. Къозо схъиудтитæ кæнуй. Сувæллæнттæ æ фæсте уайунцæ, сæ къохтæ фæйнердæмæ ракæнунцæ деси хузи.*

*Бауæгæ унцæ. Бауолæфунцæ æма бабæй нæуæгæй сæп-сæпп − къозой фæсте.*

(*Æмдзæвгæ дзоруй гъомбæлгæнæг, сабийтæ ба архайунцæ къозойæй гъазунбæл æмдзæвги дзурдтæмæ гæсгæ.)*

**Гъ**. Уæ цæрæнбон берæ. Нур ба райсетæ къозо æма цæуæн тургъæмæ.

*Учебное издание*

Дзадзаева Римма Муратовна

РАЗВИТИЕ ОСЕТИНСКОЙ (ДИГОРСКОЙ) РЕЧИ КАК РОДНОЙ

*(МЛАДШАЯ ГРУППА)*

*Редактор* **Э.Б. Скодтаев**
*Технический редактор* **Е.Н. Маслов**
*Компьютерная верстка* **А.Ю. Цопанова**

Сдано в набор 15.08.2009. Подписано в печать 03.09.2009.
Формат бумаги 60×84 $^1/_{16}$. Бум.офс.65 гр.
Гарнитура шрифта “Warnock”. Печать цифровая.
Усл. п. л. 5,4. Тираж 50 экз. Заказ № 533.

Отпечатано *ИП* Валиевой И.С.
362019, г. Владикавказ, ул. Годовикова, 8